देशक गप गामक भाषा मे

# समदिया मिथिला

बुध
05 अगस्त, 2026
पटना

साओन, कृष्ण पक्ष, सप्तमी , संवत् : 2083

समदिया मिथिला

देशक पहिल मैथिली दैनिक

भीड़-प्रिय आदमी कहियो ककरो अपन नहि भए सकैत अछि।
- फणीश्वरनाथ रेणु

RNI No : BIHMAI/2010/33053 वर्ष: 16, अंक : 324 Website: mithilasamadiya.com editorsamadiya.mithila@gmail.com आमंत्रण मूल्य : 4:00

# नीतीश रहितथि तं बांकीपुर मे हारि नहि भेटैत : अनंत सिंह

**पटना, समदिया**

पटनाक बांकीपुर विधानसभा उपचुनाव मे जनसुराजक संस्थापक प्रशांत किशोर महत्वपूर्ण जीत दर्ज केने छथि। ओ भारतीय जनता पार्टीक प्रत्याशी नीरज सिन्हा कें 19,324 मत सं पराजित केलनि। ई परिणाम विशेष रूपें चर्चा मे अछि, कारण बांकीपुर भाजपा लेल परंपरागत रूप सं मजबूत क्षेत्र मानल जाइत रहल अछि। 32 चरणक मतगणनाक उपरांत प्रशांत किशोर कें 64,151 मत प्राप्त भेल, जखन कि भाजपा प्रत्याशी नीरज सिन्हा कें 44,827 मत भेटल। राष्ट्रीय जनता दलक प्रत्याशी रेखा कुमारी आवश्यक मत प्राप्त नहि कए सकलीह, जाहि सं हुनकर जमानत जब्त भए गेल।

एहि परिणामक बाद विभिन्न राजनीतिक दलक प्रतिक्रिया सामने आबि रहल अछि। पूर्व मुख्यमंत्री नीतीश कुमार संसद भवन मे प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी सं भेंट केलनि। राजनीतिक सूत्रक अनुसार, एहि भेंट मे बांकीपुर उपचुनावक परिणाम पर सेहो चर्चा भेल। दोसर दिस, राष्ट्रीय जनतांत्रिक गठबंधन (एनडीए)क सहयोगी जनता दल (यूनाइटेड) भाजपा कें एहि हारि सं सीख लेबाक संकेत देने अछि।



- बांकीपुर उपचुनाव पर कहलनि बाहुबली विधायक अनंत सिंह -
- नीतीश कें हटायब जनता कें पसंद नहि पड़ल

## नीतीशक समय सेहो उपचुनाव हारल छल एनडीए : गिरिराज सिंह

बांकीपुर उपचुनाव मे भाजपाक हारि पर केंद्रीय मंत्री गिरिराज सिंह कहलनि जे पार्टी एहि परिणाम कें स्वीकार करैत अछि, मुदा एहि आधार पर ककरो अत्यधिक उत्साहित होएबाक आवश्यकता नहि अछि। हुनका अनुसार वर्ष 2009 मे नीतीश कुमारक नेतृत्व मे एनडीए 17टा उपचुनाव लड़ने छल, जाहि मे 12 सीट पर पराजय भेल, मुदा 2010 केर विधानसभा चुनाव मे गठबंधन लगभग 89 प्रतिशत सफलता दरक संग सरकार बनेने छल। दोसर दिस, जदयू विधायक अनंत सिंह कहलनि जे जनताक बीच एखनो ई चर्चा अछि जे नीतीश कुमार कें बीच कार्यकाल मे पद सं हटा देल गेल। हुनक अनुसार यद्यपि वास्तविकता भिन्न अछि, तथापि जनमानस मे एहि धारणाक प्रभाव आगामी चुनाव सभ मे देखबाक संभावना अछि।

जदयू विधायक अनंत सिंह कहलनि जे जं नीतीश कुमार मुख्यमंत्री पद पर रहितथि तं बांकीपुर मे एहन परिणाम नहि अबैत। हुनक अनुसार जनताक बीच ई धारणा बनि गेल अछि जे जनादेश प्राप्त नेता कें बीच कार्यकाल मे पद सं हटा देल गेल। अनंत सिंह कहलनि जे जनता ई परिवर्तन सहज रूपें स्वीकार नहि कए सकल अछि आ एहि कारण मतदाता मे रोष देखल जा रहल अछि। हुनका अनुसार लोकतंत्र मे जनता सर्वाधिक शक्तिशाली होइत अछि। जाहि उम्मीदवार कें जनता समर्थन दैत अछि, से विजयी होइत छथि, आ जे समर्थन नहि पबैत छथि, हुनका पराजयक सामना करय पड़ैत अछि। अंतिम निर्णय सदिखन जनताक हाथ मे रहैत अछि।

दिल्ली स्थित जदयू कार्यालयक निरीक्षण आ पार्टी गतिविधि मे नीतीश कुमारक सक्रियता पर पूछल गेल प्रश्नक उत्तर मे अनंत सिंह कहलनि जे एहि मे कोनो समस्या नहि अछि। हुनक कहब छल जे नीतीश कुमार जतय रहताह, जतय जाएताह आ भविष्य मे जतय सं चुनाव लड़ताह, पार्टीक सभ नेता आ कार्यकर्ता पूर्ण निष्ठाक संग हुनकर समर्थन करताह।

दोसर दिस, केंद्रीय मंत्री आ भाजपा सांसद गिरिराज सिंह उपचुनावक परिणाम स्वीकार करैत कहलनि जे हारि-जीत लोकतांत्रिक प्रक्रियाक सामान्य हिस्सा अछि।

## भेंटघांट



मंगल कें संसद भवन स्थित प्रधानमंत्रीक कार्यालय मे पीएम सं भेंट करैत नीतीश कुमार। हुनका संग मे छथि जदयूक कार्यकारी राष्ट्रीय अध्यक्ष संजय झा आ केंद्रीय मंत्री ललन सिंह। एहि अवसर पर प्रधानमंत्री संग विभिन्न मुद्दा पर बात भेल।

# पटना मे छात्र सभक प्रदर्शन, तोड़ल गेल बैरिकेडिंग, वाटर कैनन पर नाचय लागल युवा

**कतेको नेता आ छात्र लोकनि कें लेल गेल हिरासत मे**

**पटना, समदिया**

पटना मे मंगलदिन पेपर लीकक घटनाक निष्पक्ष जांच आ रोजगारक मांग कें लए कए मुख्यमंत्री आवासक घेराव लेल निकलल छात्र सभ आ पुलिसक बीच तनावपूर्ण स्थिति उत्पन्न भए गेल। इनकम टैक्स गोलंबरक समीप छात्र सभ बैरिकेडिंग तोड़ि आगू बढ़बाक प्रयास केलनि, जाहि पर पुलिस वाटर कैननक प्रयोग कएलक। वाटर कैनन चललाक बाद किछु छात्र प्रदर्शनक रूप मे ओहि पानिक फुहार मे नृत्य करय लगलाह, जखन कि आन किछु छात्र सड़क पर बैसि गेलाह। पुलिस अधिकारी सभ हुनका सभ कें उठा कए प्रदर्शन स्थल सं हटौलनि। प्रदर्शनक दौरान भारतीय राष्ट्रीय छात्र संगठन (एनएसयूआई)क राष्ट्रीय अध्यक्ष विनोद जाखड़ सड़क पर शयन कए सरकारक विरोध मे नारेबाजी केलनि। कांग्रेसक प्रदेश अध्यक्ष राजेश राम सेहो छात्र सभक संग बैरिकेडिंग पर चढ़ि सरकार विरोधी नारा लगबैत देखल गेलाह। एहि सं पूर्व पुलिस जेपी गोलंबर पर बैरिकेडिंग लगा कए छात्र सभ कें रोकने छल। छात्र सभ बैरिकेडिंग पर चढ़ि विरोध प्रदर्शन करय लगलाह आ ओकरा तोड़बाक प्रयास सेहो केलनि। पुलिसक समझेबाक प्रयासक बादो प्रदर्शनकारी पाछां हटबाक लेल तैयार नहि भेलाह।



प्रदर्शन मे पूर्णियाक सांसद पप्पू यादव सेहो उपस्थित छलाह। ओ कहलनि जे छात्र सभक आवाज लगातार दबाओल जा रहल अछि आ आंदोलन जारी रहत। हुनक अनुसार केंद्र सरकारक विरुद्ध संघर्ष आगू सेहो चलैत रहत। पुलिस एनएसयूआईक राष्ट्रीय अध्यक्ष विनोद जाखड़, कांग्रेस प्रदेश अध्यक्ष राजेश राम आ छात्रा भाग्य भारती कें हिरासत मे लेने अछि। एकर बाद इनकम टैक्स चौक सं प्रदर्शनकारी छात्र सभ कें हटा देल गेल। एक प्रदर्शनकारी छात्र कहलक जे छात्र सभक मूल समस्याक दिस पर्याप्त ध्यान नहि देल जा रहल अछि। हुनक अनुसार रोजगार आ परीक्षा प्रणाली सं जुड़ल प्रश्नसभ पर सरकार आ समाज गंभीर नहि अछि, जाहि सं छात्र सभ मे निराशा बढ़ि रहल अछि।

ई आंदोलन भारतीय राष्ट्रीय छात्र संगठन (एनएसयूआई)क बैनर मे आयोजित छल। एकरा युवा कांग्रेस, एआईएसएफ, छात्र राजद, एसएफआई, डीवाईएफआई, द ग्रेट भीम आर्मी, सोशल जस्टिस आर्मी, एआईडीएसओ, द सोशलिस्ट आ एआईडीवाईओ सहित कतेको छात्र आ सामाजिक संगठन सभक समर्थन प्राप्त छल।

दिल्लीक जंतर-मंतर मे हालहि मे भेल छात्र प्रदर्शनक प्रभाव बिहार मे सेहो देखबाक लेल भेटल। पेपर लीकक विरोध मे राज्यक विभिन्न जिला मे छात्र सभ व्यापक प्रदर्शन केलनि। एहि दौरान कतेको स्थान पर पुलिस आ प्रदर्शनकारीक बीच झड़प भेल, जाहि मे कतेको छात्र कें हिरासत मे लए जेल पठाओल गेल।

# सुपौल मे कोसीक कटाव तेज 50 परिवारक घर नदी मे विलीन

- डीएम कहलनि, जांचक बाद शीघ्र राहति भेटत

**सुपौल, समदिया**

सुपौल जिलाक मरौना प्रखंड अंतर्गत घोघररिया पंचायतक वार्ड संख्या 12 आ 13 स्थित खुखनाहा गाम मे कोसी नदीक जलस्तर घटलाक संग कटाव अत्यंत तीव्र भए गेल अछि। कटावक कारण एखन धरि लगभग 40 सं 50 परिवारक घर नदीक धारा मे समा गेल अछि। कतेको घर, आंगन, खेत आ जमीन क्षण मात्र मे कोसीक गर्भ मे विलीन भए गेल, जाहि सं प्रभावित परिवार सभक वर्षोक परिश्रम सं बनाओल गेल घर उजड़ि गेल।



कटाव सं प्रभावित लोकसभक समक्ष आब रहबाक आ भोजनक गंभीर समस्या उत्पन्न भए गेल अछि। कतेको परिवार खुला आकाशक नीचां शरण लेबाक लेल विवश छथि। ग्रामीण सभक अनुसार घरक संग घरेलू सामान, अन्न, पशुचारा आ महत्वपूर्ण कागज सेहो नदी मे बहि गेल अछि। एहि कारण बालक सभक पढ़ाइ बाधित भए गेल अछि, जखन कि महिला, वृद्ध आ बालक भयक वातावरण मे दिन व्यतीत कए रहल छथि।

# ईओ हत्याकांड पर तेजस्वीक सवाल, की विधायकक एनकाउंटर कराओल जाएत?

- ईओ हत्याकांड मामिला मे नेता प्रतिपक्ष केलनि प्रेस कान्फ्रेंस

**पटना, समदिया**

रोहतास जिलाक डेहरी-डालमियानगर नगर परिषदक कार्यपालक पदाधिकारी (ईओ) विमल कुमारक हत्याकांड कें लए कए बिहारक राजनीति गरमा गेल अछि। विधानसभा मे विपक्षक नेता तेजस्वी यादव एहि प्रकरण मे डेहरी सं लोक जनशक्ति पार्टी (रामविलास)क विधायक राजीव रंजन उर्फ सोनू सिंहक कथित संलिप्तताक आरोप लगबैत मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी सं प्रश्न केलनि जे की सरकार विधायकक विरुद्ध सेहो ओहने कठोर कारबाइ करत, जकर चर्चा अपराधी सभक संदर्भ मे करैत अछि।

पटना स्थित राजद प्रदेश कार्यालय मे आयोजित संवाददाता सम्मेलन मे तेजस्वी यादव कहलनि जे मुख्यमंत्री कें दिवंगत ईओक पत्नी बबीता कुमारी सं भेंट करबाक चाही। हुनक अनुसार बबीता कुमारी स्वयं बताबथि जे कथित रूप सं विधायक लगातार फोन कए ईओ पर दबाव बनबैत छलाह। तेजस्वी ई घटना कें अत्यंत गंभीर बतबैत कहलनि जे एहन घटना सं प्रशासनिक पदाधिकारी सभक मनोबल प्रभावित होयत।



उल्लेखनीय अछि जे 1 जुलाइक राति डेहरी-डालमियानगर नगर परिषदक ईओ विमल कुमारक हत्या कए देल गेल छल। पुलिसक अनुसार ओ सरकारी वाहन सं पटना जा रहल छलाह, मुदा औरंगाबाद जिलाक बारूण थाना क्षेत्र अंतर्गत धनौती पुलक समीप लोहाक रॉड सं प्रहार कए हुनकर हत्या कए देल गेल।

पुलिस एहि प्रकरण मे चालक मिथिलेश कुमार कें गिरफ्तार केने अछि। पुलिसक दावाक अनुसार चालक अपन अपराध स्वीकार करैत कहलक जे बाट मे वाहन रोकि लघुशंका करबाक आग्रह ईओ अस्वीकार कए देने छलाह, जाहि सं क्रोधित भए ओ रॉड सं प्रहार कए हत्या कए देलक। बाद मे घटना कें दुर्घटना अथवा लूटक रूप देबाक उद्देश्य सं वाहन नहरक कात छोड़ि देल गेल।

दोसर दिस, मृतकक पत्नी बबीता कुमारी प्रारंभिक रूप सं मीडियाक समक्ष आरोप लगाने छलि जे डेहरी विधायक हुनकर पति कें लगातार फोन करैत छलाह आ कथित रूपें पैसाक मांग करैत छलाह। हालांकि पुलिस स्पष्ट केने अछि जे औपचारिक बयान मे बबीता कुमारी विधायकक विरुद्ध कोनो लिखित आरोप नहि देने छथि। एहि बीच विधायक सोनू सिंह अपना पर लगाओल सभ आरोप अस्वीकार करैत कहलनि जे इओ सं हुनकर सामान्य प्रशासनिक संपर्क छल। जनता संबंधी समस्याक समाधान लेल कहियो-कभार फोन होइत छल, मुदा अवैध धनक मांगक आरोप पूर्णतः निराधार अछि।

## नेपाल सीमा पर फेस स्क्रीनिंग कएल गेल अनिवार्य

**सुपौल :** नेपालक मधेश क्षेत्र मे हालहि मे भेल हिंसक घटनाक बाद भारत-नेपाल सीमापर सुरक्षा व्यवस्था कड़ा कए देल गेल अछि। सुपौल जिलाक भीमनगर आ कुनौली सीमा चौकी सं नेपाल जाए बला प्रत्येक यात्री कें आब वैध पहचान-पत्र प्रस्तुत करबाक संग अनिवार्य रूप सं फेस अथवा बायोमिट्रिक स्क्रीनिंग सं गुजरय पड़त। ई नियम महिला, पुरुष आ बालक सभ पर समान रूप सं लागू अछि। नव व्यवस्था लागू भेलाक बाद सीमा चौकी सभ पर यात्रीक लंबा पांति देखल गेल। भारतीय सुरक्षा बल (एसएसबी) आ स्थानीय पुलिस संयुक्त रूपें निगरानी बढ़ौने अछि तथा लगातार गश्ती कए रहल अछि। अधिकारी सभक अनुसार स्क्रीनिंग पूर्ण भेलाक बादे सीमा पार करबाक अनुमति देल जाएत। एहि व्यवस्थाक उद्देश्य अवैध घुसपैठ, तस्करी आ अन्य आपराधिक गतिविधि पर प्रभावी नियंत्रण स्थापित करब अछि।



# मधुश्रावणी डाली सज्जा प्रतियोगिताक बबली झा बनलीह विजेता

## मिथिला हाट मे मधुश्रावणी डाली सज्जा प्रतियोगिताक दोसर दिन तीन प्रतिभागीक सहभागिता






**झंझारपुर/समदिया**

बिहार राज्य पर्यटन विकास निगम लिमिटेडक इकाई मिथिला हाट मे आयोजित मधुश्रावणी डाली सज्जा प्रतियोगिताक दोसर दिन मंगलदिन तीन गोट नवविवाहिताक सहभागिता रहल। एहि मे अंधराठाढ़ीक बबली झा, नरुआरक अनु चौधरी आ खरगबोनीक रंगोली झा शामिल रहली। दोसर दिनक प्रतियोगिता मे अंधराठाढ़ीक बबली झा प्रथम स्थान प्राप्त कएलनि।

ई प्रतियोगिता 3 अगस्त सं शुरू भेल अछि, जे 14 अगस्त धरि चलत। आयोजकक अनुसार मिथिलाक कोनो गामक नवविवाहिता पंजीकरणक माध्यम सं एहि प्रतियोगिता मे भाग लए सकैत छथि। प्रतियोगिता मे सहभागी नवविवाहिता आ हुनकर एक गोट सहेली लेल मिथिला हाटक प्रवेश निःशुल्क राखल गेल अछि। डाली सज्जा प्रतियोगिता मे नवविवाहिता सभ अपन श्रद्धा, कलात्मक प्रतिभा आ पारंपरिक संस्कृतिक समन्वयक संग डाली सजा रहल छथि। रंग-बिरंग सजाओल डाली मिथिलाक लोकपरंपराक जीवंत झांकी प्रस्तुत कए रहल अछि आ दर्शकसभक विशेष आकर्षणक केंद्र बनल अछि। मधुश्रावणी पर्व मिथिला मे नवविवाहिता सभ लेल अत्यंत महत्वपूर्ण मानल जाइत अछि। एहि अवसरपर ओ अपन पतिक दीघार्यु, सुख-समृद्धि आ मंगल जीवनक कामना करैत छथि। प्रतियोगिता मे पान, सुपारी, फूल, चाउर तथा विभिन्न पारंपरिक सामग्री सं सजा डाली लोकसभक ध्यान आकर्षित कए रहल अछि। आयोजकक अनुसार एहि प्रतियोगिताक उद्देश्य मिथिलाक समृद्ध सांस्कृतिक धरोहर, लोकपरंपरा आ नवविवाहितासभक कलात्मक प्रतिभा कें प्रोत्साहित करब अछि। प्रतियोगिता मे चयनित उत्कृष्ट डाली सज्जा करयवाली नवविवाहिता सभ कें प्रशस्ति-पत्र आ उपहार दए सम्मानित कएल जाएत।

# दरभंगा एयरपोर्ट पर शीघ्र शुरू होयत नाइट लैंडिंग सुविधा, रक्षा मंत्रालय पूरा कयलक तैयारी : सांसद



**दरभंगा, समदिया**

दरभंगा सहित संपूर्ण मिथिला क्षेत्र लेल राहतक समाचार अछि। स्थानीय सांसद आ दरभंगा एयरपोर्ट सलाहकार समितिक अध्यक्ष डॉ. गोपाल जी ठाकुर जानकारी देलनि जे दरभंगा एयरपोर्ट पर बहुप्रतीक्षित नाइट लैंडिंग सुविधाक शुभारंभ लेल रक्षा मंत्रालय सभ आवश्यक औपचारिकता पूर्ण कए लेने अछि। आब विभिन्न विमानन कंपनी सभ द्वारा उड़ानक समय-सारिणी जारी होइतहि नाइट लैंडिंग सेवा आरंभ कए देल जाएत। सांसद कहलनि जे एहि सुविधा कें शीघ्र प्रारंभ कराबए लेल ओ लगातार प्रयासरत छलाह। दू दिन पूर्व नई दिल्ली मे ओ रक्षा मंत्री राजनाथ सिंह तथा रक्षा राज्य मंत्री संजय सेठ सं भेंट कए एहि विषय पर विशेष आग्रह कयने छलाह। हुनकर अनुसार रक्षा मंत्री तत्काल सकारात्मक पहलक आश्वासन देने छलाह, जाहिक परिणाम आब देखबा लेल भेटि रहल अछि।

डॉ. ठाकुरक अनुसार रक्षा मंत्रालय आ भारतीय वायुसेनाक स्तर पर नाइट लैंडिंग लेल सभ तकनीकी तैयारी पूर्ण कए लेल गेल अछि। ओ एहि लेल प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी, रक्षा मंत्री राजनाथ सिंह, रक्षा राज्य मंत्री संजय सेठ तथा नागरिक उड्डयन मंत्री राममोहन नायडूक प्रति आभार व्यक्त कयलनि।

# विधायक बहेड़ी बाइपास निर्माण कार्यक केलनि निरीक्षण

## चारि मासक भीतर पूरा करबाक देलनि निर्देश



**बेनीपुर, दरभंगा, समदिया**

बेनीपुर विधानसभा क्षेत्रक विधायक प्रो. विनय कुमार चौधरी मंगल दिन निमार्णाधीन बहेड़ी बाइपास सड़कक स्थल निरीक्षण कए निर्माण कार्यक प्रगतिक जायजा लेलनि। एहि अवसर पर ओ विभागीय अभियंता सभ आ संवेदक सं निर्माण कार्यक विस्तृत जानकारी प्राप्त कयलनि आ निर्धारित समयसीमाक भीतर गुणवत्तापूर्ण ढंग सं कार्य पूरा करबाक निर्देश देलनि। निरीक्षणक दौरान अभियंता सभ जानकारी देलनि जे बाइपास सड़कक निर्माण कार्य आखरी चरण मे अछि तथा शेष रहल एकटा पैघ पुलक निर्माण तीव्र गति सं चलि रहल अछि। हुनकर दावा छल जे आगामी चारि मासक भीतर संपूर्ण परियोजना पूर्ण कए लेल जाएत। संगहि ओ कहलनि जे सड़क पर आवागमन आरंभ भए गेल अछि, जाहि सं आमजन कें कोनो प्रकारक असुविधा नहि भए रहल अछि। विधायक प्रो. विनय कुमार चौधरी कहलनि जे बहेड़ी बाइपासक निर्माण पूर्ण भेला सं मात्र बहेड़ी नहि, बल्कि उत्तर बिहारक कतेको जिलाक लोक सभ कें नीक आवागमनक सुविधा उपलब्ध हेतनि। एकरा सं बहेड़ी बजार मे लागैत जामक समस्या सं सेहो लोक सभ कें राहति भेटत तथा वाहनसभक परिचालन मुख्य बजारक बाहर सं सुगमतापूर्वक भए सकत। ओ कहलनि जे बेनीपुर आ बहेड़ी बाइपासक अतिरिक्त माधोपुर सं धेरुक धरि नव बाइपास तथा एसएच-88 पर बेनीपुर दुर्गा मंदिरक समीप ओवरब्रिजक स्वीकृति दिलबाकर क्षेत्रक जाम समस्याक स्थायी समाधानक प्रयास कयल गेल अछि। निरीक्षणक अवसर पर एसडीओ अखिलेश कुमार, कनीय अभियंता देवा चौधरी, संवेदक सिकंदर कुमार, जदयू युवा जिलाध्यक्ष रामशंकर सिंह सहित कतेको अधिकारी आ कार्यकर्ता सभ उपस्थित छलाह।

### आपदा मे मृत व्यक्ति सभक आश्रित कें भाजपा प्रदेश अध्यक्ष देलनि अनुग्रह अनुदानक चेक

**दरभंगा।** जिलाक सदर अंचल अंतर्गत आपदा मे मृत व्यक्तिसभक आश्रित कें राज्य सरकारक आपदा राहति योजनाक अंतर्गत मंगल दिन ?4-4 लाखक अनुग्रह अनुदान राशिक चेक नगर विधायक सह भाजपा प्रदेश अध्यक्ष संजय सरावगी आ सदर अंचलक अंचलाधिकारीक द्वारा प्रदान कयल गेल। एहि अवसर पर संजय सरावगी कहलनि जे आपदा सं प्रभावित परिवार सभ कें शीघ्र राहति उपलब्ध करेनाइ सरकारक सर्वोच्च प्राथमिकता अछि। सरकार पीड़ित परिवारसभक सहयोग लेल सदैव प्रतिबद्ध अछि। अनुग्रह अनुदान प्राप्त कएनिहार मृतकसभक आश्रित मे चंदनपट्टी गाम निवासी स्वर्गीय ललन कुमार यादवक पुत्र सन्नी कुमार तथा रत्नोपट्टी शुभंकरपुर निवासी स्वर्गीय राजेश कुमार शर्माक पुत्र सचिन कुमारक आश्रित सारा मोहम्मद शामिल छथि। सदर अंचलक अंचलाधिकारी जानकारी देलनि जे राज्य सरकारक निदेर्शानुसार आपदा मे मृत व्यक्तिसभक आश्रित कें निर्धारित प्रक्रिया पूर्ण करबाक उपरांत शीघ्र अनुग्रह अनुदान उपलब्ध कराओल जा रहल अछि, जाहि सं प्रभावित परिवार सभ कें समय पर आर्थिक सहायता भेटि सकय। ओम्हर, बहेड़ी अंचल अंतर्गत आपदा मे मृत दुइ गोट व्यक्तिक आश्रित कें सेहो आपदा राहति योजनाक अंतर्गत 4-4 लाखक अनुग्रह अनुदान राशिक चेक बेनीपुर विधायक प्रो. विनय कुमार चौधरीक द्वारा प्रदान कयल गेल।

# एसएसबी नेपाली नाबालिग किशोरी कें सुरक्षित रेस्क्यू कए नेपाल प्रशासन कें सौंपलक



**जयनगर/समदिया**

भारत-नेपाल अंतरराष्ट्रीय सीमापर मानव तस्करीक रोकथाम तथा महिला आ बच्चासभक सुरक्षाक लेल निरंतर चलाओल जा रहल अभियानक अंतर्गत 48म वाहिनी, सशस्त्र सीमा बल (एसएसबी), जयनगर एक सराहनीय कारबाइ करैत एकटा नेपाली नाबालिग किशोरी कें सुरक्षित रेस्क्यू कयलक। आवश्यक कानूनी आ मानवीय प्रक्रिया पूरा करबाक उपरांत किशोरी कें नेपालक संबंधित अधिकारी सभ तथा गैर-सरकारी संस्था (एनजीओ)क माध्यम सं सकुशल सुपुर्द कए देल गेल। ई कारबाइ 3 अगस्त 2026 कें जटही चेक पोस्ट, समवाय पीपरौनक कार्यक्षेत्र मे नियमित जांचक दौरान कयल गेल। नियमित जांचक क्रम मे लगभग अपराह्न 3:45 बजे एकटा नाबालिग युवक आ एकटा नाबालिग युवती नेपाल सं भारत दिस अबैत चेक पोस्ट पर पहुंचलाह। ड्यूटी पर तैनात एसएसबी जवान सभ दुनू कें रोकि पहचान आ यात्रा सं संबंधित दस्तावेज प्रस्तुत करबाक लेल कहलनि, मुदा दुनू मे सं केओ वैध पहचान पत्र प्रस्तुत नहि कए सकल। पूछताछक दौरान दुनू स्वयं कें भाई-बहिन बतौलनि, मुदा हुनक उत्तर सभ मे विरोधाभास आ परिस्थिति संदेहास्पद देखल गेल। एकरा बाद विस्तृत पूछताछ कयल गेल। गहन पूछताछ मे युवक स्वीकार कयलक जे दुनू एक-दोसर कें जानैत छथि आ परिवारजनक जानकारी आ अनुमति बिना नेपाल सं भारत आबि रहल छलाह। परिस्थितिक गंभीरता कें देखैत मानव तस्करी अथवा कोनो अप्रिय घटनाक आशंकाक कारण सुरक्षाक दृष्टि सं दुनू कें समवाय मुख्यालय पीपरौन आनल गेल। एकरा उपरांत नेपालक गैर-सरकारी संस्था पीस रिहैबिलिटेशन सेन्टर तथा नेपालक एपीएफ (आर्म्ड पुलिस फोर्स) कें घटनाक सूचना देल गेल। संस्थाक काउंसलर आ एपीएफ अधिकारीसभक उपस्थिति मे आवश्यक औपचारिकता पूरा कए नाबालिग किशोरी आ नाबालिग युवक कें सुरक्षित रूप सं नेपाल प्रशासन कें सुपुर्द कए देल गेल। एहि कारबाइ अंतर्गत एकटा नेपाली नाबालिग किशोरी कें सुरक्षित रेस्क्यू कयल गेल तथा मानव तस्करीक संभावित आशंका कें समय रहिते विफल कए देल गेल। नेपालक संबंधित एजेन्सी आ एपीएफक संग समन्वय स्थापित कए सुरक्षित सुपुर्दगी सुनिश्चित कयल गेल। ई कारबाइ भारत-नेपाल सीमापर मानव तस्करी, बाल संरक्षण आ सीमा पार अपराधक रोकथाम प्रति सशस्त्र सीमा बलक सतर्कता, संवेदनशीलता आ प्रतिबद्धताक उत्कृष्ट उदाहरण मानल जा रहल अछि। एसएसबी सीमा क्षेत्र मे नियमित जांच आ कड़ी निगरानीक माध्यम सं एहन घटनाक समय पर पहचान कए आवश्यक कारबाइ करैत अछि। 48म वाहिनी, सशस्त्र सीमा बल, जयनगरक कमांडेंट राजेंद्र कुमार एहि सफल कारबाइ मे शामिल अधिकारी आ जवानसभक प्रशंसा करैत कहलनि जे सशस्त्र सीमा बल मात्र सीमाक सुरक्षा लेल नहि, बल्कि महिला आ बच्चासभक सुरक्षा तथा मानव तस्करीक रोकथाम लेल सेहो पूर्ण प्रतिबद्धताक संग कार्य कए रहल अछि। हुनकर अनुसार सीमा क्षेत्र मे प्रत्येक संदिग्ध गतिविधिपर पैघ सतर्कता सं नजरि राखल जा रहल अछि तथा नेपालक सुरक्षा एजेन्सी सभ आ अन्य संबंधित संस्थासभक संग समन्वय स्थापित कए त्वरित आ प्रभावकारी कारबाइ सुनिश्चित कयल जा रहल अछि। ओ सीमा क्षेत्रक नागरिक सभ आ अभिभावक सभ सं अपील कयलनि जे अपन बच्चासभक गतिविधिपर सतर्क नजरि राखथि आ कोनो प्रकारक संदिग्ध गतिविधि अथवा मानव तस्करी सं संबंधित सूचना तत्काल सुरक्षा बल अथवा स्थानीय पुलिस कें दिअथि।

# संयुक्त कारबाइ मे 200 ग्राम ब्राउन शुगर बरामद, तीन तस्कर गिरफ्तार



**जयनगर/समदिया**

भारत-नेपाल अंतर्राष्ट्रीय सीमापर मादक पदार्थक तस्करीक विरुद्ध चलाओल जा रहल विशेष अभियानक क्रम मे 48म वाहिनी, सशस्त्र सीमा बल (एसएसबी), जयनगर कें पैघ सफलता भेटल अछि। एसएसबी, बिहार पुलिस आ बिहार एसटीएफक संयुक्त कारबाई मे 200 ग्राम ब्राउन शुगर, 1 लाख 59 हजार नेपाली रुपैयां, दूटा मोटरसाइकिल आ तीनटा मोबाइल फोन बरामद कएल गेल। एहि संग तीनटा भारतीय तस्कर कें गिरफ्तार कएल गेल अछि।

विश्वसनीय सूचनाक आधारपर 3 अगस्त 2026 कें सीमा चौकी बेतौन्हाक कार्यक्षेत्र मे बिहार पुलिस, बिहार एसटीएफ आ एसएसबीक संयुक्त विशेष छापामारी दलक गठन कएल गेल। दल अंतर्राष्ट्रीय सीमा सं लगभग तीन किलोमीटर भीतर भारतीय क्षेत्रक खैरामठ दक्षिण वार्ड मे योजनाबद्ध ढंग सं छापामारी कएलक। कारबाईक दौरान तीनटा संदिग्ध व्यक्ति कें हिरासत मे लए कए तलाशी लेल गेल। तलाशी मे हुनका सं 200 ग्राम ब्राउन शुगर, दूटा मोटरसाइकिल, 1 लाख 59 हजार नेपाली रुपैयां आ तीनटा मोबाइल फोन बरामद भेल। घटनास्थलपर ड्रग डिटेक्शन किट आ नार्को डॉग स्क्वाडक सहायता सं जांच कएल गेल, जाहि मे बरामद पदार्थ मादक पदार्थ होएबाक पुष्टि भेल। गिरफ्तार तीनू आरोपी भारतीय नागरिक छथि। एहि मे दू गोटे ग्राम खैरामठ, पोस्ट बेला, थाना जयनगर, जिला मधुबनीक निवासी छथि, जखन कि एक गोटे ग्राम कमलाबाड़ी, थाना जयनगर, जिला मधुबनीक निवासी छथि।

प्रारंभिक पूछताछ मे आरोपी सभ स्वीकार कएलनि जे बरामद ब्राउन शुगर पश्चिम बंगालक मालदा क्षेत्र सं आनल जाइत छल। तकर बाद एकरा छोट-छोट पैकेट मे बांटि भारत-नेपाल सीमाक्षेत्र मे नेपालक नागरिक सभ कें अवैध रूप सं बेचि देल जाइत छल। एहि अवैध नेटवर्क सं जुड़ल आन व्यक्तिसभक पहचान आ गिरफ्तारी लेल जांच जारी अछि। बरामद मादक पदार्थ, नेपाली मुद्रा, मोटरसाइकिल, मोबाइल फोन आ गिरफ्तार आरोपी सभ कें आवश्यक कानूनी प्रक्रिया पूरा कए अग्रिम कारबाई लेल जयनगर थाना कें सुपुर्द कएल जा रहल अछि। 48म वाहिनी, एसएसबी, जयनगरक कमांडेंट राजेंद्र कुमार एहि सफल संयुक्त कारबाई मे सहभागी सभ अधिकारी आ जवानक सराहना करैत कहलनि जे भारत-नेपाल अंतर्राष्ट्रीय सीमापर मादक पदार्थक तस्करी, नकली भारतीय मुद्रा, हथियार आ अन्य सीमा पार अपराधक विरुद्ध एसएसबी पूर्ण सतर्कता आ प्रतिबद्धताक संग काज कए रहल अछि। ओ कहलनि जे सीमाक्षेत्र मे सक्रिय तस्करी नेटवर्कक विरुद्ध आगू सेहो एहने कठोर आ प्रभावी कारबाई निरंतर जारी रहत। कमांडेंट सीमाक्षेत्रक नागरिक सभ सं अपील कएलनि जे ओ सभ कोनो संदिग्ध गतिविधि अथवा मादक पदार्थक तस्करी सं जुड़ल सूचना तुरंत सुरक्षा बल अथवा स्थानीय पुलिस कें दिअथि, जाहि सं समाज कें नशामुक्त बनेबाक संग सीमाक्षेत्रक सुरक्षा आओर सुदृढ़ कएल जा सकए।

### दरभंगा एम्स निर्माणक समय-सीमा जनभावनाक उपेक्षा : उमेश राय

**दरभंगा।** दरभंगा एम्स बनाउ अभियान, नागरिक समाज, दरभंगाक संयोजक उमेश राय प्रेस विज्ञप्ति जारी कए संसद मे सांसद सुधाकर सिंह द्वारा दरभंगा एम्स निर्माण सं संबंधित तारांकित प्रश्न संख्या 2171/2026 उठेबाक लेल हुनकर प्रति आभार व्यक्त कयलनि। उमेश राय कहलनि जे स्वास्थ्य आ परिवार कल्याण मंत्रालय द्वारा देल गेल उत्तर मे दरभंगा एम्सक निर्माण कार्य सितंबर 2029 धरि पूर्ण होयबाक समय-सीमा निर्धारित कयल गेल अछि। हुनकर अनुसार ई समय-सीमा प्रधानमंत्री द्वारा पूर्व मे घोषित समय-सीमाक अनुरूप नहि अछि आ जनभावनाक उपेक्षा करैत अछि। ओ सरकारक एहि उत्तर कें वादाखिलाफी बतबैत आरोप लगौलनि जे दरभंगा एम्स निर्माणक गति जानि-बुझि कए मंथर राखल जा रहल अछि। हुनकर कहब अछि जे एकरा कारण उत्तर बिहार आ पूर्वांचलक करोड़ो लोक उत्तम स्वास्थ्य सुविधा सं वंचित भए रहल छथि। ओ ई आरोप सेहो लगौलनि जे परियोजना मे विलंब राजनीतिक लाभ कें ध्यान मे राखि कए कयल जा रहल अछि। उमेश राय प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी सं आग्रह कयलनि जे ओ दलगत राजनीति सं ऊपर उठि राष्ट्रहित मे अपन पूर्व घोषणा अनुरूप वर्ष 2027 धरि दरभंगा एम्सक निर्माण कार्य पूर्ण कराबए दिशा मे आवश्यक पहल करथि आ परियोजना कें शीघ्र पूरा कराबए लेल प्रभावकारी कदम उठाबथि।

# शराब पीबि विद्यालय पहुंचल गुरुजी गिरफ्तार, चिकित्सकीय जांच मे भेल पुष्टि



**समस्तीपुर, समदिया**

जिलाक सरायरंजन थाना क्षेत्र अंतर्गत उत्क्रमित मध्य विद्यालय, हरिपुर बरहता मे शराबक नशा मे विद्यालय पहुंचल एक सहायक शिक्षक कें पुलिस गिरफ्तार कए लेलनि। ग्रामीण आ अभिभावकसभक सूचनाक आधार पर पहुंचल पुलिस शिक्षक कें हिरासत मे लए चिकित्सकीय जांच करौलनि, जाहि मे शराब सेवनक पुष्टि भेल। एकरा बाद हुनका गिरफ्तार कए न्यायिक प्रक्रिया आरंभ कयल गेल।

गिरफ्तार शिक्षकक पहचान अविनाश आनंदक रूप मे भेल अछि। पुलिसक अनुसार विद्यालय मे शिक्षकक गतिविधि संदिग्ध देखलाक बाद छात्र सभ आ स्थानीय लोक सभ सरायरंजन थाना कें सूचना देने छलाह। सूचनाक उपरांत पुलिस दल विद्यालय पहुंचि शिक्षक कें अपन संग चिकित्सकीय जांच लेल पठौलनि। जांच प्रतिवेदन मे शरीर मे अल्कोहलक पुष्टि होइतहि हुनका थाना आनल गेल। मंगल दिन हुनका न्यायालय मे प्रस्तुत कयल जाएत। स्थानीय लोकसभक आरोप अछि जे संबंधित शिक्षक प्रायः शराबक नशा मे विद्यालय अबैत छलाह। सोम दिन हुनकर लड़खड़ाइत चालि आ असामान्य व्यवहार देखि बच्चा सभ आ ग्रामीण सभ कें संदेह भेल। एकरा बाद पुलिस कें सूचना देल गेल। घटनाक दौरान विद्यालय परिसर मे किछु समय धरि अफरातफरीक स्थिति बनल रहल। सरायरंजन थानाध्यक्ष धनंजय कुमार सिंह कहलनि जे ग्रामीण सभ सं सूचना भेटलाक बाद पुलिस दल विद्यालय पहुंचल छल। शिक्षकक स्थिति संदिग्ध प्रतीत होएबाक कारण हुनकर चिकित्सकीय जांच कराओल गेल। जांच प्रतिवेदन मे शराब सेवनक पुष्टि होएबाक बाद हुनका गिरफ्तार कयल गेल अछि। एहि मामिला मे आगांक कानूनी प्रक्रिया जारी अछि। घटनाक बाद अभिभावक सभ आ ग्रामीण सभ मे नाराजगी देखल गेल। हुनकर कहब अछि जे शिक्षक बच्चासभक आदर्श होइत छथि। जं शिक्षक स्वयं नशाक अवस्था मे विद्यालय पहुंचताह तं एकर प्रतिकूल प्रभाव बच्चासभक पढ़ाइ आ विद्यालयक शैक्षणिक वातावरण पर पड़त। लोक सभ शिक्षा विभाग सं एहि प्रकरणक विभागीय जांच कए कठोर कारबाइ करबाक मांग कयलनि। ज्ञात हो जे बिहार मे पूर्ण शराबबंदी कानून लागू अछि। एहन परिस्थिति मे कोनो सरकारी कर्मीक शराब सेवनक पुष्टि भेला पर हुनकर विरुद्ध कानूनी कारबाइक संग-संग विभागीय कारबाइक प्रावधान सेहो अछि।

# कार्य आरंभ नहि भेल तं किसान संघर्ष समिति उग्र आंदोलन करबा लेल बाध्य होयत : दिलीप झा

बेनीपट्टी, समदिया

**कोसीक लोहा शाखा नहर चालू करबाक मांग लए किसान संघर्ष समितिक केलक सड़क जाम**



**» अभियंता सभ आश्वासन देलनि जे एक सप्ताहक भीतर कोसी शाखा नहर पर कार्य आरंभ होयत**

मंगलदिन किसान संघर्ष समितिक आह्वान पर एनएच-527बी जयनगर-दरभंगा मुख्य सड़कक मुरेठ स्थान पर किसान सभ घंटों चक्का जाम आंदोलन कएलनि। आंदोलनक कारण सड़क पर एक किलोमीटर सं बेसी धरि वाहनक लंबा कतार लागि गेल आ यात्री सभ कें भारी असुविधाक सामना करय पड़ल। आंदोलनकारी किसान सभ प्रशासनक विरोध मे जोरदार नारेबाजी करैत अपन आक्रोश प्रकट कएलनि। किसान संघर्ष समितिक नेता आ बिहार राज्य किसान सभाक मधुबनी जिलाक उपाध्यक्ष दिलीप झाप्रशासन पर तीखा प्रहार करैत कहलनि जे देश मे सभ सं दयनीय स्थिति किसानसभक अछि। सत्ता किसान सभ सं वादा तं करैत अछि, मुदा समय आबिते सभ किछु बिसरि जाइत अछि। किसान सभ कठिन परिश्रम करैत छथि, मुदा हुनक संग निरंतर उपेक्षा आ छल कएल जाइत अछि। ओ कहलनि जे काकरघाटी कोसी योजनाक अंतर्गत लोहा शाखा नहरक निर्माण लगभग 20 वर्ष पूर्व भेल छल, मुदा आइधरि एकर संचालन प्रारंभ नहि भए सकल अछि। ग्राम पंचायत लोहाक केवटा, शुभंकरपुर आ लोहाक किसान सभ कतेको बेर प्रशासन कें लिखित आवेदन देने छथि, तथापि कोनो सुनवाइ नहि भेल। नहर मे पानि नहि बहबाक कारण हजारो एकड़ कृषि भूमि सिंचाइक अभाव मे प्रभावित भए रहल अछि। दिलीप झा कहलनि जे मुरेठ मे पुलियाक निर्माण पूर्ण भए जाए तं लोहा पंचायतक शाखा नहर मे सहजहि पानिपहुंचि सकत। ओ पूर्व जिलाधिकारी अरविंद कुमार वर्माक निर्णयक उल्लेख करैत कहलनि जे उप विकास आयुक्त दीपेश कुमार कें जांचक निर्देश देल गेल छल। तत्पश्चात् उप विकास आयुक्त संयुक्त रूप सं राष्ट्रीय उच्च पथ प्रमंडल, जयनगर तथा पश्चिमी कोसी नहर प्रमंडल, दरभंगाक कार्यपालक अभियंता सभ कें जांच कए शीघ्र कारबाइ करबाक निर्देश देने छलाह, मुदा आइ धरि जांच पूर्ण नहि भेल। हुनक अनुसारई प्रशासनिक उदासीनता आ लापरवाहीक उदाहरण अछि। चेतावनी दैत ओ कहलनि जे यदि अविलंब कार्यआरंभ नहि भेल तं 10 अगस्त कें जिला प्रशासनक समक्ष विशाल प्रदर्शन कएल जाएत। पूर्व सरपंचजयमोहन झा कहलनि जे शाखा नहर मे पानि नहि रहबाक कारण किसान सभ निरंतर कठिनाइ झेलि रहल छथि। काकरघाटी कोसी योजना मुरेठ सं गुजरैत अछि, मुदा विजलपुरा आ नरही मे साइफनक निर्माण नहि भेलाक कारण खेतसभक पटवन संभव नहि भए पाबि रहल अछि। हुनका अनुसार हरिपुर दक्षिण पंचायतक शाखा नहर सेहो पानिक अभाव सं प्रभावित अछि। ओ अविलंब साइफन निर्माण तथा संपूर्ण क्षेत्रक सिंचाइक स्थायी व्यवस्था करबाक मांग कएलनि। आंदोलनस्थल पर अजय झा, अरुण चौधरी, नवीन झा, प्रभात झा, विलटु पासवान, सोखी लाल यादव, राम उदगार यादव, राजकुमार यादव, नीतीश मिश्र, रामनाथ राय सहित कतेको गणमान्य व्यक्ति उपस्थित छलाह। पश्चिमी कोसी अधिक्षण अभियंता, दरभंगा, विरेंद्र कुमार कहलनि जे आंदोलनकारी सभ द्वारा उठाओल गेल सभटा विषय पर विचार कएल गेल अछि। उच्चाधिकारी सभ कें अवगत कराबि एक सप्ताहक भीतर कार्य आरंभ करबाक प्रयास कएल जाएत। एहि अवसर पर कोसी कार्यपालक अभियंता, कनिष्ठ अभियंता, एनएच जयनगरक कार्यपालक अभियंता, बेनीपट्टी पुलिस उपाधीक्षक, खजौली डीएसपी तथा कलुआही आ अड़ेर थाना अध्यक्ष सेहो उपस्थित छलाह। लगभग छह घंटा धरि सड़क जाम रहला बाद जयनगर एनएचक कार्यपालक अभियंता आ कोसी कार्यपालक अभियंता, दरभंगाक एक सप्ताहक भीतर कार्य आरंभ करबाक लिखित आश्वासन पर आंदोलन समाप्त कएल गेल आ सड़क जाम हटाओल गेल।

# निर्वाचन साक्षरता क्लबक छात्रा सभ केलक मतदान प्रक्रियाक आयोजन


बिस्फी, समदिया



प्रखंड क्षेत्रक प्लस टू उच्च विद्यालय परसौनी उतरीक सभागार मे निर्वाचन साक्षरता क्लबक छात्रासभक द्वारा मॉक पोलक आयोजन कएल गेल। एहि अवसर पर छात्रा सभ कें मतदानक संपूर्ण प्रक्रियाक संग लोकतांत्रिक व्यवस्था मे मतदानक महत्वक व्यावहारिक जानकारी देल गेल। छात्रा सभ पीठासीन पदाधिकारी, प्रथम, द्वितीय आ तृतीय मतदान पदाधिकारी, पोलिंग एजेन्ट तथा मतदाताक भूमिका निभाबैत मतदान प्रक्रियाक सजीव प्रदर्शन कएलनि। मतदाताक पहचान, मतदाता पञ्जीक सत्यापन, अमिट स्याही लगौनाइ, मतदानक अनुमति देनाइ तथा मतदानक संपूर्ण प्रक्रियाक प्रदर्शन कएल गेल। निर्वाचन साक्षरताक्लबक छात्रासभक कहलनि जे एहि मॉक पोलक माध्यम सं हुनक सभ कें मतदान प्रक्रिया कें निकट सं बुझबाक अवसर प्राप्त भेल अछि। नोडल शिक्षक सुशांत कुमार झा, अरविंद कुमार आ शोभा कुमारी लोकतंत्र मे मतदानक महत्व, मतदाता बनबाक पात्रता, मतदाता सूची मे नाम दर्ज कराबयक प्रक्रिया तथाप्रत्येक पात्र नागरिकक अधिकार आ कर्तव्यक विषय मे विस्तारपूर्वक जानकारी देलनि। विद्यालयक प्रधानाध्यापक राजेश कुमार झा कहलनि जे जागरूक मतदाता सुदृढ़ लोकतंत्रक आधारशिलाहोइत छथि। विद्यालय प्रशासनक अनुसार राज्य निर्वाचन आयोगक निर्देश पर विद्यालय सभ मे गठित निर्वाचन साक्षरता क्लबक माध्यम सं विद्यार्थी सभ मे निर्वाचन संबंधी जागरूकता विकसित करबाकउद्देश्य सं एहि प्रकारक कार्यक्रमक आयोजन कएल जा रहल अछि, जाहि सं भावी मतदाता सभलोकतांत्रिक प्रक्रियाक प्रति जागरूक आ उत्तरदायी बनि सकथि। एहि अवसर पर आयोजित प्रश्नोत्तरी प्रतियोगिताक अंतर्गत चयनित छात्रा निकिता, पुष्पा, निशा, नीतीश आ सुमन-रोशनी कें कॉपी आ कलम दए सम्मानित कएल गेल।

# सुनसरी घटना मे घायल युवकक मृत्यु, परिजन शव लेबा सं कएलनि मना

जनकपुरधाम, समदिया



सुनसरी जिलाक देवानगंज मे 26 जुलाई (साओन 10 गते) कें डीजे बजेबा कें लए दू पक्षक बीच भेल झड़पक दौरान पुलिसक गोलीबारी मे मृतकसभक संख्या बढ़िकए तीन भए गेल अछि। गोली लागला संगंभीर रूपें घायल 21 वर्षीय रवींद्र कुमार मेहताक मंगलदिन काठमांडूक महाराजगंज टीचिंग अस्पताल मे उपचारक क्रम मे मृत्यु भए गेल। एकरा पूर्व 25 वर्षीय ओमप्रकाश मेहता आ 22 वर्षीय जयप्रकाश मेहताक सेहो मृत्यु भए चुकल अछि। घटना मे घायल एक दर्जन सं अधिक व्यक्ति विराटनगर आ काठमांडूक विभिन्न अस्पताल सभ मे उपचाररत छथि। रवींद्र कुमार मेहताक मृत्युक उपरांत परिजन सभ हुनक शव ग्रहण करबा सं इन्कार केने छथि। प्रशासन परिजन सभ कें मनाबयक प्रयास कए रहल अछि। घटनाकसूचना फैलिते सुनसरी मे एक बेर फेर विरोध-प्रदर्शन आरंभ भए गेल। यद्यपि सुरक्षा बलक भारीतैनातीक कारण प्रदर्शन कें शीघ्र नियंत्रण मे आनल गेल। तथापि किछु स्थान सभ पर प्रदर्शनकारी सभटायर जराकऽ अपन विरोध प्रकट कएलनि। उल्लेखनीय अछि जे देवानगंज घटनाक बाद भेल उग्र प्रदर्शनक क्रम मे गोलबजार मे सेहो पुलिसक गोली लागला सं 13 वर्षीय गणेश यादवक मृत्यु भए गेल छल।

# बाढ़ि सुरक्षा जनजागरूकता कार्यक्रम अंतर्गत आपदा मित्रक एक दिवसीय प्रशिक्षण

मधुबनी, समदिया



जिलाधिकारी आनंद शर्मा, मधुबनीक निर्देशानुसार जिला आपदा प्रबंधन विभागक तत्वावधान मे बाढ़ि सुरक्षा जनजागरूकता कार्यक्रम अंतर्गत बेनीपट्टीस्थित डिस्ट्रिक्ट इमरजेन्सी रिस्पॉन्स फैसिलिटी कमट्रेनिङ सेन्टर मे आपदा मित्रसभक उन्मुखीकरण लेल एकदिवसीय जनजागरूकता आ प्रशिक्षण कार्यक्रमकआयोजन कएल गेल। एहि कार्यक्रमक मुख्य उद्देश्य आपदा मित्रसभक क्षमता विकास करब आ हुन कें विभिन्न प्राकृतिक तथा मानवीय आपदाक समय प्रभावी ढंग सं कार्य करबाक प्रशिक्षण देनाइ छल, जाहि सं ओ अपन-अपन क्षेत्र मे आम नागरिक सभ कें जागरूक करैत आपदा जोखिम न्यूनीकरण मे महत्वपूर्ण भूमिका निभा सकथि।प्रशिक्षण सत्रक दौरान एसडीआरएफ टीम कमांडर प्रदीप कुमार यादव आ सिपाही रंजीत कुमार यादव आपदा मित्र सभ कें बाढ़ि सं संबंधित विभिन्न महत्वपूर्ण विषय पर विस्तृत जानकारी देलनि। हुनका सभ कहलनि जे बाढ़क स्थिति मे कोन-कोन सावधानी अपनाबय आवश्यक अछि आ कोन गतिविधि सभ सं बचब उचित अछि। एकर अतिरिक्त नदी, पोखरि अथवा अन्य जलस्रोत मे डूबबाक घटनाक समय प्रारंभिक स्तर पर करबाक जीवनरक्षक उपाय, सुरक्षित उद्धारक तकनीक तथा समय पर राहति आ बचाव एजेन्सीसभ कें सूचना देबाक संबंध मे व्यावहारिक प्रशिक्षण सेहो देल गेल। प्रशिक्षणक दौरान सर्पदंशक अवस्था मे अपनाबय योग्य सही प्राथमिक उपचार, प्रचलित भ्रांति सभ सं बचबाक उपाय तथा शीघ्र चिकित्सीय सहायता उपलब्ध कराबयक महत्व पर विशेष बल देल गेल। संगहि प्रतिभागी सभ कें सीपीआर (कार्डियो पल्मोनरी रिससिटेशन) तकनीकक प्रदर्शन कए ओकर व्यावहारिकअभ्यास सेहो कराओल गेल, जाहि सं आपातकालीन परिस्थिति मे ककरो जीवन रक्षा कएल जा सकय।कार्यक्रम मे उपस्थित सभ आपदा मित्र अत्यंत उत्साह आ सक्रियताक संग प्रशिक्षण मे सहभागिताकएलनि तथा विभिन्न विषय पर अपन जिज्ञासाक समाधान प्राप्त कएलनि। व्यावहारिक अभ्यासकमाध्यम सं हुन कें आपदाक समय त्वरित आ प्रभावकारी प्रतिक्रिया देबाक प्रक्रिया सं सेहो अवगतकराओल गेल। एहि अवसर पर सभ आपदा मित्र सभ कें परिचय-पत्र, टी-शर्ट, ट्राउजर, नोटपैड, कलम आ फोल्डर वितरित कएल गेल। संगहि हुन कें निर्देश देल गेल जे ओ अपन-अपन पंचायत आ स्थानीय समुदायक बीच प्रशिक्षणक दौरान प्राप्त जानकारीक व्यापक प्रचार-प्रसार करथि तथा आम नागरिक सभ कें बाढ़ि, सर्पदंश, डूबबाक घटना आ अन्य आपदा सं बचावक उपायसभक प्रति जागरूक बनाबथि, जाहि सं संभावित आपदाक समय जन-धनक क्षति कें न्यूनतम कएल जा सकय। जिला प्रशासन, मधुबनी आमजन सं अपील केने अछि जे बाढ़क मौसिम मे सतर्क आ सजग रहथि, प्रशासन द्वारा जारी दिशा-निर्देशसभक पालन करथि तथा कोनो आपातकालीन स्थिति मे अविलंब संबंधित प्रशासनिक आ आपदा प्रबंधन तंत्र सं संपर्क करथि। जिला प्रशासन द्वारा बाढ़ि सुरक्षा जनजागरूकता अभियान अंतर्गत विभिन्न गतिविधिसभक माध्यम सं लोक सभ कें आपदाक प्रति जागरूक आ प्रशिक्षित करबाक अभियान निरंतर चलाओल जा रहल अछि।

# बिजलीक करेंटक चपेट मे आबि एकहि परिवारक तीन गोटे झरकल, पुत्रक स्थिति गंभीर

झंझारपुर, समदिया

**तार ठीक करबाक क्रम मे करेंट लगल, बचाबय गेल पिता आ पुतोहु सेहो चपेट मे एलाह**



झंझारपुर नगर परिषद क्षेत्रक कन्हौली गाम मे मंगलदिन भेल बिजुलीक करेंट दुर्घटना मे एकहि परिवारक तीन गोटे झुलसि गेलाह। घटनाक बाद स्थानीय लोक आ पुलिसक सहयोग सं सभ कें अनुमंडलीयअस्पताल, झंझारपुर मे भर्ती कराओल गेल। झुलसल व्यक्ति सभ मे एक गोटेक स्थिति गंभीर बताओलजा रहल अछि। प्राप्त जानकारीक अनुसार कन्हौली गाम निवासी 35 वर्षीय सिलीप राय अपन चदरा- छप्परक घर मे बिजुलीक तार ठीक कए रहल छलाह। ओहि चदरा मे पहिने सं करेंट प्रवाहित भए रहल छल। जखन सिलीप राय तार ठीक करबाक लेल गेलाह, तं हुनका करेंट लागि गेल। पुत्र कें करेंट सं छटपटबैत देखि हुनक 60 वर्षीय पिता अशर्फी राय बचाबय लेल दौड़लाह, मुदा ओहो करेंटक चपेट मे आबि गेलाह। एकर बाद सिलीप रायक पत्नी 25 वर्षीय पूनम देवी अपन ससुर आ पति कें बचाबय गेलीह, तंओहो करेंटक चपेट मे आबि झुलसि गेलीह। एहि प्रकारे एकहि परिवारक तीन गोटे करेंट दुर्घटनाक शिकारभए गेलाह। बाद मे ग्रामीण सभ पहिने बिजुली आपूर्ति बंद करौलनि, तकर बाद तीनू कें करेंट सं अलगकएल गेल। सूचनाक उपरांत झंझारपुर थानाक अवर निरीक्षक बिहारी आलम घटनास्थल पर पहुंचलाह आस्थानीय लोकक सहयोग सं घायल सभ कें आनन-फानन मे अनुमंडलीय अस्पताल, झंझारपुर मे भर्ती करौलनि। अस्पताल मे उपचाररत चिकित्सक डॉ. शाहिद बतौलनि जे सिलीप रायक स्थिति गंभीर अछि आ हुनका विशेष निगरानी मे राखल गेल अछि। आन दू गोटेक स्थिति खतरा सं बाहर अछि आ हुनकर उपचार जारी अछि। चिकित्सकक अनुसार समय पर उपचार नहि भेटितनि अथवा आवश्यक पड़ला पररेफर नहि कएल जाइत, तं स्थिति आरो गंभीर भए सकैत छल। फिलहाल तीनूक उपचार अनुमंडलीय अस्पताल मे चलि रहल अछि। घटनाक बाद समूचा गाम शोकाकुल अछि। स्थानीय लोकसभक कहब अछि जे लापरवाहीक कारण एहि प्रकारक दुर्घटना सभ बारंबार घटि रहल अछि। एहि बीच झंझारपुर थानाध्यक्ष सुनील कुमार सिंह, अवर निरीक्षक बिहारी आलम आ पुलिस बल अस्पताल मे कैंप कए स्थिति पर निरंतर नजरि रखने छथि।

# जिलाधिकारीक निर्देश, आगामी दू दिनक भीतर हर हाल मे शेष लक्ष्य पूरा करू

दरभंगा, समदिया




बाबा साहेब डॉ. भीमराव अंबेडकर सभागार मे जिलाधिकारी कौशल कुमारक अध्यक्षता मे मनरेगा आ वीबी-जी रामजी योजनाक समीक्षा बैसार आयोजित कएल गेल। बैसार मे उप विकास आयुक्त स्वप्निल,निदेशक (लेखा प्रशासन) सहित सभ कार्यक्रम पदाधिकारी, लेखापाल आ लेखा सहायक उपस्थित छलाह।बैठकक दौरान जिलाधिकारी सभ पंचायत मे मनरेगा अंतर्गत पांच-पांच इकाइक वृक्षारोपण कार्य करबाकनिर्देश देलनि। विभागीय मानव-दिवस सृजन लक्ष्यक समीक्षा करैत ओ अधिकारी सभ कें आगामी दू दिनक भीतर हर हाल मे शेष लक्ष्य पूरा करबाक निर्देश देलनि। संगहि प्रतिदिन 19 हजार मानव-दिवस सृजित करबाक लक्ष्य प्राप्त करबा पर विशेष बल देलनि। समीक्षाक क्रम मे ई तथ्य सामने आएल जे मनरेगा अंतर्गत संपन्न कार्यसभक अबैत धरि लगभग 60प्रतिशत भुगतान मात्र भेल अछि। एहि पर जिलाधिकारी लंबित भुगतानक शीघ्र निष्पादन कए शत-प्रतिशत भुगतान सुनिश्चित करबाक निर्देश देलनि।बैसार मे बिरौल आ गौड़ाबौराम प्रखंड मे मनरेगा अंतर्गत निर्मित पशु शेडक सेहो समीक्षा कएल गेल। कार्यक गुणवत्ता आ वास्तविक स्थितिक जांच लेल जिलाधिकारी जिला स्तरीय जांच दल गठित करबाक निर्देश देलनि। बैठकक अंत मे जिलाधिकारी सभ कार्यक्रम पदाधिकारी आ संबंधित अधिकारी सभ कें निर्देश देलनि जे योजनासभक क्रियान्वयन पारदर्शिता, गुणवत्ता आ समयबद्धताक संग सुनिश्चित कएल जाए। संगहि नियमित निगरानीक माध्यम सं विभागीय लक्ष्यसभक समय पर प्राप्ति सुनिश्चित करबाक सेहो निर्देश देलनि।

**बिहार कें 10 हजार 841 करोड़ रुपैयाक सहायता हस्तांतरण सहायता देबाक लेल सांसद जतौलनि आभार**

# केंद्रीय वित्त मंत्री सं सांसदक भेंट, दरभंगाक सर्वांगीण विकासक विभिन्न मुद्दा पर भेल चर्चा

दरभंगा, समदिया



देश कें विकसित भारत–2047क संकल्प पूरा करबाक उद्देश्य सं केंद्र सरकार लगातार महत्वपूर्ण कदम उठा रहल अछि। प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक नेतृत्व मे केंद्र सरकार राज्यसभक विकास कार्य कें गति देबाक लेल कर हस्तांतरण (टैक्स डिवोल्यूशन)क राशि स्वीकृत केने अछि। एहि अंतर्गत बिहार कें विकास कार्य लेल 10 हजार 841 करोड़ रुपैयाक वित्तीय सहायता देबाक स्वीकृति भेटल अछि। भारतीय जनता पार्टीक सचेतक तथा लोकसभा मे पार्टी सचेतक सांसद डॉ. गोपाल जी ठाकुर मंगलदिन संसद भवनस्थित वित्त मंत्रालय मे केंद्रीय वित्त मंत्री निर्मला सीतारमण सं भेंट कए बिहार कें भेटल एहि वित्तीय सहायताक लेल आभार प्रकट कएलनि। सांसदक अनुसार ई सहायता बिहारक आधारभूत संरचना, विकास परियोजना आ जनकल्याणकारी योजना कें नव गति देबाक दिशा मे महत्वपूर्ण सिद्ध होयत।भेंटक अवसर पर डॉ. ठाकुर मिथिलाक परंपराक अनुरूप वित्त मंत्री कें पाग आ अंगवस्त्र प्रदान कए सम्मानित कएलनि। संगहि दरभंगा तथा संपूर्ण मिथिला क्षेत्रक सर्वांगीण विकास सं जुड़ल विभिन्न विषय पर विस्तारपूर्वक चर्चा सेहो कएलनि। सांसद डॉ. ठाकुर प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी आ वित्त मंत्री निर्मलासीतारमणक बिहार, विशेष रूप सं मिथिला क्षेत्रक विकासक प्रति सकारात्मक पहलक प्रशंसा करैत कहलनिजे केंद्र सरकार पूर्व मे सेहो मिथिला क्षेत्र लेल कतेको महत्वपूर्ण वित्तीय सहायता उपलब्ध करा चुकल अछि। हुनक अनुसार मखाना बोर्डक विकास आ संवर्द्धन लेल 476.03 करोड़ रुपैया, बाढ़ि नियंत्रण लेल 11,500 करोड़ रुपैया, राष्ट्रीय आपदा मोचन कोष लेल 588.73 करोड़ रुपैया, मत्स्य संपदा योजना लेल 902 करोड़ रुपैया तथा रेल विकास लेल 10 हजार 379 करोड़ रुपैयाक सहायता उपलब्ध कराओल गेल अछि। भेंटक दौरान सांसद डॉ. ठाकुर महात्मा गांधी ग्राम स्वरोजगार योजनाक अंतर्गत खादी ग्रामोद्योगसंस्थानसभक आधुनिकीकरण आ पुनर्जीवन पर शीघ्र कार्य प्रारंभ करबाक आवश्यकता पर बल देलनि। हुनक कहब छल जे ग्रामीण भारत मे प्रस्तावित शी मार्ट योजनाक माध्यम सं रोजगारक नव अवसरसृजित होयत तथा ग्रामीण महिला सभ आत्मनिर्भर बनि सकत छथि। सांसद केंद्र सरकार सं बिहार मे 350 सं अधिक पञ्जीकृत खादी ग्रामोद्योग संस्थान सभ कें पुनर्जीवित कए रोजगारक सशक्त माध्यम बनेबाक आग्रह कएलनि। संगहि दरभंगा मे आईएमएम, नेशनल फैशन डिजाइन इन्स्टिट्यूट सन आधुनिक रोजगारोन्मुख तकनीकी शिक्षण संस्थानसभक स्थापना दिशा मे आवश्यक पहल करबाक लेल सेहो वित्त मंत्रीक ध्यान आकृष्ट कएलनि।

# आपदा पीड़ित सभ कें शीघ्र राहति पहुंचेनाइ सरकारक प्रथम प्राथमिकता : प्रो. विनय चौधरी

**पीड़ित परिवार सभ कें विधायक सौंपलनि चारि-चारि लाख रुपैयाक अनुग्रह राहति राशिक चेक**

बहेड़ी, दरभंगा, समदिया



बहेड़ी विधानसभा क्षेत्रक विधायक प्रो. विनय कुमार चौधरी मंगलदिन प्रखंडक दू अलग-अलग गाम मे आपदा पीड़ित परिवार सभ कें चारि-चारि लाख रुपैयाक अनुग्रह राहति राशिक चेक प्रदान कएलनि। एहि अवसर पर ओ कहलनि जे पीड़ित मानवताक सेवा सं पैघ कोनो धर्म नहि अछि आ सरकार प्रत्येकसंकटकाल मे लोकसभक संग ठाढ़ अछि। विधायक बनडुहली निवासी खुशबू कुमारी कें चारि लाख रुपैयाक चेक प्रदान कएलनि। हुनक पुत्र आदर्श कुमारक 9 जुलाई कें पानि मे डूबबाक कारण मृत्यु भए गेल छल।ओतहि पकड़ी निवासी सुरेश लाल देव कें सेहो चारि लाख रुपैयाक राहति राशिक चेक देल गेल। हुनक पत्नी इनर देवीक 15 जुलाई कें वज्रपातक चपेट मे आबि मृत्यु भए गेल छल। एहि अवसर पर प्रो. चौधरी लोक सभ सं आपदा सं बचाव लेल सतर्क रहबाक अपील करैत कहलनि जे वज्रपातक समय खुला स्थान सं दूर रहू तथा बच्चा सभ कें पोखरि आ गहिर जलाशय सं दूर राखू। हुनक कहब छल जे सरकारकप्राथमिकता आपदा पीड़ित सभ कें शीघ्र राहति उपलब्ध करेनाइ अछि। सूचनाक प्राप्ति पश्चात् एक मासक भीतर आवश्यक प्रक्रिया पूर्ण कए सहायता राशि उपलब्ध कराओल जा रहल अछि।ओ पीड़ित परिवार सभ सं आग्रह कएलनि जे राहति राशिक सदुपयोग बच्चासभक शिक्षासहित अन्य आवश्यक कार्य मे करथि। संगहि चेतावनी देलनि जे यदि कोनो बिचौलिया राहति राशिक नाम पर घूसक मांग करैत अछि तं ओकर सूचना अंचल अधिकारी अथवा सीधे हुनका दिअ, जाहि सं संबंधित व्यक्तिक विरुद्ध कठोर कारबाइ कएल जा सकय। कार्यक्रम मे नगर पंचायतक मुख्य पार्षद मनोज लाल देव, जदयू युवा जिलाध्यक्ष रामशंकर सिंह, अंचल नाजिर संजीत कुमार, राजस्व कर्मचारी बैद्यनाथ कुमार, गजेंद्र प्रसाद सिंह, मनीष कुमार, इंद्रलाल देव, रामशंकर मंडर, संतोष साह, राजकुमार सिंह, विपिन भगत, राजकुमार यादवसहित अन्य जनप्रतिनिधि आ कार्यकर्ता सभ उपस्थित छलाह।

# 100 लीटर गंगाजलक संग बाबा बैद्यनाथ धाम लेल विदा भेलाह शिवभक्त

## 300 किलो वजनक महाकाल कांवर सभ कें कएलक आकर्षित

**सुल्तानगंज, समदिया**

श्रावणी मेलाक अवसर पर प्रत्येक वर्ष देशक विभिन्न राज्य सभ सं लाखो शिवभक्त सुल्तानगंज आबि अपन-अपन विशिष्ट कांवरक माध्यम सं श्रद्धा आ भक्ति प्रकट करैत छथि। मुदा एहि बेर सुल्तानगंजक पावन धरती पर एक एहन भव्य कांवर सभक ध्यान आकर्षित कएलक, जाहि कें देखैत श्रद्धालु सभ आश्चर्यचकित भए गेलाह। उज्जैनक महाकालेश्वर मंदिरक स्वरूप सं प्रेरित लगभग 300 किलो वजनक महाकाल कांवर श्रद्धा, कला आ समर्पणक अनुपम संगमक रूप मे आकर्षणक केंद्र बनल अछि। कोलकाताक काशीपुर सं आयल शिवभक्तसभक जत्था सुल्तानगंजक उत्तरवाहिनी गंगा सं पवित्र गंगाजल भरि बाबा बैद्यनाथ धामक लेल रवाना भेल। जखन



ई विशाल कांवर अजगैबीनाथ मंदिर परिसर आ कांवरिया पथ पर पहुंचल, तं एकरा देखबाक लेल श्रद्धालुसभक भीड़ उमड़ि पड़ल। कतेको लोक एहि अनूठ कांवरक संग तस्वीरि आ वीडियो बनबैत देखल गेलाह। एहि भव्य कांवरक सभ सं पैघ विशेषता एकरा मे स्थापित 100 लीटर क्षमताक विशाल कलश अछि, जाहि मे गंगाजल भरल गेल अछि। संपूर्ण कांवर कें महाकालेश्वरक स्वरूप आ शिवभक्तिक झांकी प्रस्तुत करयवला धार्मिक प्रतीक सभ सं आकर्षक ढंग सं सजाओल गेल अछि। एकर भव्यता दूर सं लोकसभक ध्यान अपन दिस खींचि रहल छल। शिवभक्त रघुनाथ राय बतौलनि जे एहि विशेष कांवर कें तैयार करबा मे लगभग तीन मासक समयलागल। हुनक कहब अछि जे बहुत वर्ष सं एहन कांवर बनेबाक इच्छा छल, जाहि सं महाकाल आ बाबाबैद्यनाथक प्रति अपन श्रद्धा कें विशिष्ट रूप मे अभिव्यक्त कएल जा सकय। कतेको कारीगरसभक अथक परिश्रम आ महिनोंक तैयारीक उपरांत ई भव्य कांवर तैयार भेल अछि। एकरा दर्जनों शिवभक्त अपन कांध पर उठाकऽ यात्रा कए रहल छथि। यात्रा मे सम्मिलित झारखंडक भूली निवासी अजय कुमार बतौलनि जे ओ लगातार आठ वर्ष सं बाबा बैद्यनाथ धामक कांवर यात्रा करैत आबि रहल छथि। हुनक अनुसार बाबा बैद्यनाथक कृपा आ अटूट विश्वासे प्रत्येक वर्ष हुनका एहि कठिन यात्राक लेल प्रेरित करैतअछि। एहि बेर महाकाल कांवरक संग यात्रा करब हुनका लेल विशेष आध्यात्मिक अनुभूति अछि। श्रावणी मेला मे प्रत्येक वर्ष श्रद्धालु सभ अपन श्रद्धा कें विभिन्न स्वरूप मे अभिव्यक्त करैत छथि, मुदा लगभग 300 किलो वजनक महाकाल कांवर एहि बेर विशेष रूप सं चर्चाक विषय बनल अछि। श्रद्धा, भक्ति, कला आ समर्पणक ई अनुपम संगम संपूर्ण कांवरिया पथ पर लोकसभक आकर्षणक केंद्र बनल अछि। शिवभक्तसभक कहब अछि जे हुनकर उद्देश्य मात्र गंगाजल अर्पित करब नहि, बल्कि भगवान शिवक प्रति अपन अटूट भक्तिक संदेश जन-जन धरि पहुंचेनाइ सेहो अछि।

# किसानसभक मांग : सेटेलाइट सीतापुरम परियोजनाक वापसीक घोषणा करथि मुख्यमंत्री

## 9 अगस्त कें पुनौरा मे आयोजित किसान महापंचायत मे पैघ संख्या मे सहभागिताक निर्णय

**सीतामढ़ी, समदिया**

सेटेलाइट सीतापुरम परियोजनाक वापसीक मांग कें लए 9 अगस्त कें पुनौरा मे भूमि बचाउ संघर्ष समितिक तत्वावधान मे आयोजित होमयवला किसान महापंचायतक सफलताक लेल रीगा प्रखंडक अन्हारी गाम मे प्रखंड प्रमुख तथा समाजसेवी लक्ष्मी प्रसाद यादवक अध्यक्षता मे किसान-मजदूरसभक बैसार आ प्रदर्शन आयोजित कएल गेल। बैसार मे निर्णय लेल गेल जे 9 अगस्त कें पुनौरा मध्य विद्यालय परिसरमे आयोजित किसान महापंचायत मे अन्हारी तथा आसपासक गाम सभ सं पैघ संख्या मे किसान सभसहभागिता करथि। बैसार मे पारित प्रस्तावक माध्यम सं मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी सं मांग कएल गेल जे सीतामढ़ी यात्राक अवसर पर किसानसभक हितक रक्षा करैत 45 प्रतिशत लैंड पुलिंग तथा लैंड लॉकक व्यवस्था



समाप्त करबाक संगहि सेटेलाइट सीतापुरम परियोजनाक वापसीक घोषणा करथि। प्रस्ताव मे कहल गेल जे यदि एहन नहि कएल गेल तं किसान सभ अपन पुश्तैनी जमीन आ जीविकोपार्जनकसाधनक रक्षार्थ व्यापक आंदोलन करबा लेल बाध्य होयताह। बैसार मे प्रखंड प्रमुख लक्ष्मी प्रसाद यादवपरियोजना सं प्रभावित रीगा प्रखंडक 17 राजस्व गामक किसान सभ सं 9 अगस्त कें पुनौरा पहुंचि किसान महापंचायत कें सफल बनेबाक आह्वान कएलनि। एहि अवसर पर भूमि बचाउ संघर्ष समितिक संरक्षक बैद्यनाथ हाथी, प्रो. आनंद किशोर, योगेंद्र प्रसाद यादव, नवीन कुमार सिंह, अवधेश यादव, जितेंद्रहाथी, अनबर हुसैन, नवल किशोर राय, नागेंद्र महतो, रघुनाथ ठाकुर, रघुनाथ महतो, राम संजीबन सिंह, रामविवेक सिंह सहित दर्जनों ग्रामीण अपन-अपन विचार व्यक्त करैत सरकारक निर्णय पर कड़ा आपत्ति प्रकट कएलनि।

# राष्ट्रीय शिक्षा नीति लागू भेलाक अवसर पर प्रश्नोत्तरी प्रतियोगिताक आयोजन

## प्रतियोगिताक मे तिलाबे टीम रहल विजेता

**सहरसा, समदिया**

राष्ट्रीय शिक्षा नीति–2020 लागू भेलाक छह वर्ष पूर्ण भेलाक अवसर पर शिक्षा मंत्रालय, भारत सरकारक अखिल भारतीय शिक्षा समागम–2026 अंतर्गत स्नातकोत्तर केंद्रक पश्चिमी परिसर मे प्रश्नोत्तरी प्रतियोगिता आ शैक्षणिक जागरूकता कार्यक्रमक आयोजन कएल गेल। कार्यक्रमक अध्यक्षता परिसर प्रभारी डॉ. लाला प्रवीण कुमार सिन्हा कएलनि, जखन कि संचालन डॉ. जैनेंद्र कुमार द्वारा कएल गेल। कार्यक्रमक शुभारंभ दीप प्रज्वलनक संग भेल। स्वागत भाषण मे डॉ. अरुण कुमार सिंह राष्ट्रीय शिक्षा नीतिक मूल भावनाकविषय मे प्रकाश दैत



विद्यार्थी सभ कें नवाचार, अनुसंधान आ कौशल विकास अपनाबय लेल प्रेरित कएलनि।इतिहास, अर्थशास्त्र, हिंदी आ मैथिली विभागक लगभग 100 स्नातकोत्तर विद्यार्थी प्रतियोगिता मे सहभागिता कएलनि। प्रश्नोत्तरी प्रतियोगिताक संचालन डॉ. सुप्रीता सुमन कएलनि, जखन कि निर्णायकक भूमिका डॉ. अनिल कुमार आ डॉ. गीता कुमारी निभौलनि। प्रतियोगिताक प्रथम चरण सं चयनित 10 प्रतिभागी कें कोसी, कमला, बागमती, गंडक आ तिलाबे नामक पांच टीम मे विभाजित कएल गेल। पांचचरण धरि चलल प्रतिस्पर्धा मे तिलाबे टीम प्रथम स्थान, कोसी टीम द्वितीय स्थान आ कमला टीम तृतीय स्थान प्राप्त कएलक। ओतहि बागमती आ गंडक टीम कें सांत्वना पुरस्कार प्रदान कएल गेल। पुरस्कार वितरण समारोह मे डॉ. अनिल कुमार कहलनि जे प्रश्नोत्तरी प्रतियोगिता तार्किक चिंतन, त्वरित निर्णय लेबाक क्षमता आ सामूहिक कार्यक भावनाक विकास करबाक प्रभावकारी माध्यम अछि। परिसर प्रभारी डॉ. लाला प्रवीण कुमार सिन्हा विजेता प्रतिभागी सभ कें पुरस्कार आ प्रमाण-पत्र प्रदान करैत कहलनि जे एहि प्रकारक आयोजन विद्यार्थीसभक बौद्धिक विकास आ स्वस्थ प्रतिस्पर्धाक भावनाक सुदृढ़ करबाक लेल अत्यंत उपयोगी अछि।

# संवेदनशील मामिला मे प्राथमिकताक आधार पर शीघ्र कारबाइ करू : एडिशनल एसपी

## पुलिस अनुमंडल सदर-2 कार्यालय मे क्राइम बैसार संपन्न

**सीतामढ़ी, समदिया**

पुलिस अनुमंडल सदर-2 कार्यालय परिसर मे मंगलदिन एडिशनल एसपी आशीष आनंदक अध्यक्षता मे क्राइम बैसार आयोजित कएल गेल। बैसार मे अनुमंडल क्षेत्रक विभिन्न थाना प्रभारी, सर्किल निरीक्षक तथा अन्य पुलिस पदाधिकारी सभ सहभागिता कएलनि। बैठकक मुख्य उद्देश्य विधि-व्यवस्थाक समीक्षा करब, अपराध नियंत्रण कें प्रभावकारी बनाबय तथा लंबित मामलासभक शीघ्र निष्पादन लेल आवश्यक दिशा- निर्देश देनाइ छल। एडिशनल एसपी आशीष आनंद



सभ थाना प्रभारी सभ कें निर्देश देलनि जे संवेदनशील मामिला सभ मे प्राथमिकताक आधार पर त्वरित कारबाइ सुनिश्चित करथि। संगहि शिकायतसभकसमयबद्ध निष्पादन करबाक तथा आमजनक संग नीक समन्वय बनौने रखबाक निर्देश सेहो देलनि। ओकहलनि जे पुलिस आमजनक शिकायत सभ कें गंभीरतापूर्वक लैत निष्पक्ष आ शीघ्र कारबाइ करय। संगहि अपराधीसभक विरुद्ध प्रभावकारी अभियान चलाबय, न्यायालय सं निर्गत वारंटसभक निष्पादन मे तीव्रता आनय तथा क्षेत्र मे पुलिसक सक्रियता बढ़ाबय पर विशेष बल देलनि। बैसार मे सुरसंड सर्किल निरीक्षक परशुराम सिंह, पुपरी अंचल निरीक्षक अविनाश चंद्र, सोनबरसा थानाध्यक्ष धर्मेंद्र कुमार, बथनाहा थानाध्यक्षरूपेश कुमार, भुतही थानाध्यक्ष चंद्रगुप्त कुमार, बेला थानाध्यक्ष अनुराग, परिहार थानाध्यक्ष पंकज कुमार, कन्हौली थानाध्यक्ष सुनील कुमार सहित अन्य पुलिस पदाधिकारी उपस्थित छलाह।

# नाला विवाद मे चलल गोली, तीन गोटे घायल

## युवतीक साहस सं टरल पैघ दुर्घटना, तीन गिरफ्तार

**सहरसा, समदिया**

नगर परिषद क्षेत्रक भट्ठा टोला मे नालाक गंदा पानि बहेबा कें लए उपजल मामूली विवाद सोमदिन राति हिंसक संघर्ष मे परिणत भए गेल। दुनू पक्षक बीच मारिपीटक क्रम मे अंधाधुंध गोली चलबाक कारण क्षेत्रमे दहशतक वातावरण बनि गेल। घटना मे तीन गोटे घायल भए गेलाह। एहि बीच एक युवतीक सूझबूझआ साहस सं एक पैघ अनहोनी टलि गेल। पुलिस दुनू पक्षक तीन आरोपित कें गिरफ्तार केने अछि।मंगलदिन आयोजित प्रेसवार्ता मे प्रभारी डीएसपी धीरेंद्र पांडे बतौलनि जे घटना सोमदिन राति लगभग 10:30 बजे भेल। भट्ठा टोला वार्ड संख्या-15 निवासी विजय यादव आ पहाड़पुर निवासी मो. महसर आलमक बीच नालाक गंदा पानि बहेबा कें लए कहासुनी शुरू भेल, जे शीघ्रहि गाली-गलौज, मारिपीट आ गोलीबारी मे बदलि गेल। घटना मे विजय यादव (65), हुनक पुत्र लालू कुमार तथा दोसर पक्षक मो. महसर आलम घायल भए



गेलाह। सभ घायल कें उपचार लेल अनुमंडलीय अस्पताल पठाओल गेल। प्रभारीडीएसपीक अनुसार घटनाक दौरान विजय यादवक पुत्री लक्ष्मी कुमारी साहसक परिचय दैत हथियारलहराबैत हमला कए रहल मो. महसर आलमक हाथ सं मैगजीन लोड देसी पिस्तौल छीनि लेलनि। एहिबीच घायल लालू कुमार आरोपित कें पकड़ि हुनक जेब सं जीवित कारतूस सेहो निकालि लेलनि, जाहि सं एक पैघ दुर्घटना टलि गेल। सूचना भेटिते बख्तियारपुर थाना पुलिस घटनास्थल पर पहुंचल आ ओतय सं एकटा देसी पिस्तौल, आठटा जीवित कारतूस आ पांचटा खर्च खोल बरामद कएलक। पुलिस दुनू पक्षक आवेदन पर अलग-अलग प्राथमिकी दर्ज केने अछि। कांड संख्या 252/26 मे मो. महसर आलम कें गिरफ्तार कएल गेल अछि, जखन कि कांड संख्या 253/26 मे विजय यादव आ लालू कुमार कें गिरफ्तार कएल गेल अछि। प्रभारी डीएसपी धीरेंद्र पांडे कहलनि जे कानून कें हाथ मे लेनिहार व्यक्तिसभक विरुद्ध कठोर कारबाइ कएल जाएत। क्षेत्रक शांति-व्यवस्था कें भंग करबाक कोनो प्रयास सहन नहि कएल जाएत।

# वाइब्रेन्ट विलेज पंटोका मे निःशुल्क चिकित्सा शिविरक आयोजन

## नियमित स्वास्थ्य जांच कराबय आ संतुलित जीवनशैली अपनेबाक देल गेल सलाह

**सीतामढ़ी, समदिया**

सीमावर्ती क्षेत्र सभ मे स्वास्थ्य सुविधा लोक सभ धरि पहुंचाबय आ हुन कें स्वास्थ्यक प्रति जागरूक बनेबाक उद्देश्य सं एसएसबीक 47म बटालियन, रक्सौल द्वारा चिन्हित वाइब्रेन्ट विलेज पंटोका मे एक निःशुल्क चिकित्सा शिविरक आयोजन कएल गेल। शिविरक संचालन वाहिनीक मेडिकल कमांडेन्ट डॉ. निशिकांतक नेतृत्व मे संपन्न भेल। एहि चिकित्सा शिविर मे पैघ संख्या मे ग्रामीण सभ सहभागिता कएलनि। एहि अवसर पर लोकसभक रक्तचाप (ब्लड प्रेशर), रक्तशर्करा (शुगर) सहित अन्य सामान्यस्वास्थ्य संबंधी जांच कएल गेल। जांचक उपरांत चिकित्सक सभ आवश्यक परामर्श देलनि तथा लगभग 250 जरूरतमंद




लोकसभक बीच निःशुल्क औषधिक वितरण सेहो कएल गेल। ग्रामीण सभ अपन-अपन स्वास्थ्य संबंधी समस्याक विषय मे चिकित्सक सभ सं परामर्श प्राप्त कएलनि। एहि अवसर पर पंटोका कैंपक कंपनी कमांडर दिनकर त्रिपाठी सेहो उपस्थित छलाह। मेडिकल कमांडेन्ट डॉ. निशिकांत ग्रामीण सभसं अपन स्वास्थ्यक प्रति सजग रहबाक, समय-समय पर नियमित स्वास्थ्य जांच करावयक, पौष्टिक आसंतुलित भोजन ग्रहण करबाक तथा स्वच्छता आ स्वस्थ जीवनशैली अपनाबयक अपील कएलनि। हुनक कहब छल जे कतेको गंभीर रोगक समय पर पहचान नियमित जांचक माध्यम सं संभव अछि, जाहि सं उपचार सरल आ प्रभावकारी भए सकैत अछि। शिविर मे उपस्थित ग्रामीण सभ एसएसबीक एहिजनकल्याणकारी पहलक सराहना करैत कहलनि जे सीमावर्ती क्षेत्र सभ मे एहि प्रकारक चिकित्सा शिविर स्थानीय लोक सभ लेल अत्यंत लाभदायक सिद्ध भए रहल अछि।

# एसपी सदर थाना मे लंबित कांड सभक समीक्षा कए शीघ्र निष्पादनक देलनि निर्देश



**सहरसा, समदिया**

पुलिस अधीक्षक विक्रम सिहाग मंगलदिन सदर थानाक निरीक्षण कए लंबित कांडसभक विस्तृत समीक्षा कएलनि। एहि अवसर पर अनुमंडल पुलिस पदाधिकारी (सदर) सहित थानाक सभ पुलिस पदाधिकारी उपस्थित छलाह। समीक्षा बैसार मे लंबित कांडसभक अनुसंधानक प्रगति, फरार अभियुक्तसभक गिरफ्तारी, न्यायालय सं निर्गत वारंटसभक तामिला, कुर्की-जब्तीक कारबाइ तथा कांडसभक शीघ्र निष्पादनक स्थितिपर विस्तार सं विचार-विमर्श कएल गेल। पुलिस अधीक्षक अनुसंधान कार्य मे तीव्रता आनबाक,लंबित कांडसभक गुणवत्तापूर्ण आ समयबद्ध निष्पादन सुनिश्चित करबाक तथा फरार अभियुक्तसभकगिरफ्तारी लेल प्रभावी अभियान चलाबयक निर्देश देलनि। ओ वारंटक निष्पादन आ कुर्की-जब्तीक कारबाइ मे कोनो प्रकारक शिथिलता नहि बरतबाक कड़ा हिदायत देलनि। संगहि सभ पुलिस पदाधिकारी सभ कें विधि-व्यवस्था बनौने रखबाक, अपराध नियंत्रण करबाक तथा आमजनक शिकायतसभक त्वरित, निष्पक्ष आ प्रभावकारी समाधान सुनिश्चित करबाक निर्देश सेहो देलनि। पुलिस अधीक्षक कहलनि जे लंबित कांडसभक समय पर निष्पादन पुलिसक सर्वोच्च प्राथमिकता मे शामिल अछि। एहि कार्य मे लापरवाही बरतनिहार अधिकारीसभक जवाबदेही निश्चित कएल जाएत।

खरीफ विपणन मौसिम 2025-26 अंतर्गत मिलिंग अवधि विस्तारक प्रक्रिया तेज

# दू दिनक भीतर अवशेष धान आ सीएमआरक भौतिक सत्यापन होयत : डीएम

» जिला स्तर पर जेपीवी टीम नामित करबाक आदेश

**सहरसा, समदिया**

खरीफ विपणन मौसिम (केएमएस) 2025-26 अंतर्गत अधिप्राप्त धानक समतुल्य कस्टम मिल्ड राइस (सीएमआर)क शत-प्रतिशत आपूर्ति सुनिश्चित करबाक उद्देश्य सं बिहार सरकार जिलाधिकारी सभ कें महत्वपूर्ण निर्देश जारी केने अछि। सहकारिता विभागक सचिव अभय कुमार सिंह सभ जिलाधिकारी कें पत्र पठाबि पैक्स, व्यापार मंडल आ राइस मिल सभ मे उपलब्ध अवशेष धान तथा अप्रदत्त सीएमआरक दू दिनक भीतर भौतिक सत्यापन कराबयक निर्देश देने छथि। सरकारक अनुसार 31 जुलाई 2026 धरि राज्यक कुल सीएमआर लक्ष्य 25.09 लाख मीट्रिक टन निर्धारित छल, जाहिक विरुद्ध 24.70 लाख मीट्रिक टन सीएमआरक आपूर्ति कएल जा चुकल अछि। आब 39,285.08 मीट्रिक टन सीएमआरक आपूर्ति अवशेष अछि। पत्र मे कहल गेल अछि जे भारत सरकार स्पष्ट केने अछि जे यदि 31 जुलाई 2026 धरि सीएमआरक संपूर्ण आपूर्ति नहि भए पबैत अछि, तं मिलिंग अवधि विस्तार लेल निर्धारित ऑनलाइन प्रक्रियाक पालन



करब अनिवार्य होयत। एहि प्रक्रियाक अंतर्गत राइस मिल सभ मे उपलब्ध अवशेष धानक संयुक्त भौतिक सत्यापन (जेपीवी) भारत सरकार द्वारा विकसित जेपीवी ऐपक माध्यम सं स्थल पर कएल जाएत। राज्य सरकार सभ जिलाधिकारी सभ कें निर्देश देने अछि जे मिलिंग अवधि विस्तारक प्रस्ताव केंद्र सरकार कें पठाबय सं पूर्व पैक्स, व्यापार मंडल आ राइस मिल सभ मे उपलब्ध अवशेष धान आ सीएमआरक भौतिक सत्यापन अनिवार्य रूप सं पूर्ण कराओल जाए। संगहि जेपीवी कार्य लेल जिला स्तर पर अधिकारी सभ कें नामित कए हुनकर नाम, मोबाइल नंबर आ ई-मेल आइडी दू दिनक भीतर उपलब्ध कराबयक सेहो निर्देश देल गेल अछि। सरकारक मानब अछि जे समयबद्ध भौतिक सत्यापन आ आवश्यक प्रक्रिया सभ पूर्ण भेलाक उपरांत मिलिंग अवधि विस्तारक प्रस्ताव केंद्र सरकार कें पठाओल जाएत। एकरा सं अवशेषसीएमआरक आपूर्ति शीघ्र पूरा करब संभव होयत आ राज्य अपन निर्धारित लक्ष्य हासिल कए सकत।

# बीएसएफसी गोदामक राज्य खाद्य आयोगक सदस्य केलक औचक निरीक्षण

## रखरखाव सुदृढ़ करबाक निर्देश, मजदूर सभक बकाया भुगतानक देलनि भरोसा

**सहरसा, समदिया**

सिमरी बख्तियारपुर स्थित बीएसएफसी गोदाम मे मंगलदिन राज्य खाद्य आयोगक सदस्य अंगद कुशवाहा आ नरेंद्र ऋषि औचक निरीक्षण कएलनि। स्थानीय स्तर पर प्राप्त शिकायतसभक आलोक मे कएल गेल एहि निरीक्षण सं गोदाम परिसर मे किछु समय धरि चहल-पहल बनल रहल। निरीक्षणक क्रम मे आयोगक सदस्य सभ गोदाम मे भंडारित चाउर आ गहूमक गुणवत्ता, भंडारण व्यवस्था तथा रखरखावक बारीकी सं निरीक्षण कएलनि। निरीक्षणक उपरांत पत्रकार सभ सं वार्ता करैत सदस्य सभ कहलनि जे गोदाम मे रखल खाद्यान्नक गुणवत्ता संतोषजनक भेटल अछि। प्रारंभिक जांच मे कोनो प्रकारक अनियमितता अथवाभ्रष्टाचारक पुष्टि नहि भेल अछि। यद्यपि आयोगक सदस्य सभ बीएसएफसीक सहायक प्रबंधक प्रकाश कुमार कें खाद्यान्नक सुरक्षित भंडारण सुनिश्चित करबाक संबंध मे आवश्यक दिशा-निर्देश देलनि। ओ चूहा आ नमी सं होमयवला क्षति कें रोकबाक लेल तत्काल प्रभावी उपाय करबाक निर्देश देलनि, जाहि सं सरकारी खाद्यान्न सुरक्षित रहय आ लाभुक सभ कें गुणवत्तापूर्ण राशन उपलब्ध भए सकय। एहि दौरान मीडियाक माध्यम सं परिवहनकर्ता



सभ आ मजदूरसभक बकाया मेहनताना संबंधी प्रश्न उठाओल गेल। एहि पर आयोगक सदस्य सभ एकरा गंभीर विषय बतबैत कहलनि जे राज्य सरकारक उच्चाधिकारी सभ सं शीघ्र वार्ता कए मजदूरसभक लंबित भुगतानक प्रक्रिया कें तीव्र करबाक प्रयास कएल जाएत। गोदामक निरीक्षणक उपरांत आयोगक दल रायपुरास्थित कस्तूरबा गांधी बालिका विद्यालय सेहो पहुंचल। ओतय सदस्य सभ छात्रा सभ सं पढ़ाइ, छात्रावास, भोजन तथा अन्य आधारभूत सुविधासभक संबंध मे जानकारी प्राप्त कएलनि आ हुनक प्रतिक्रिया सुनलनि। निरीक्षणक उपरांत विद्यालय प्रशासन केंआवश्यक सुधारात्मक निर्देश सेहो देल गेल। निरीक्षणक अवसर पर बीएसएफसीक सहायक प्रबंधक प्रकाश कुमार, ऑपरेटर शिवेक कुमार, रघुनंदन सिंह, राकेश कुमार सहित अन्य अधिकारी, कर्मचारी आ स्थानीयमजदूर सभ उपस्थित छलाह।

# अजगैबीनाथ : जतय शिव-संकल्प आकार ग्रहण करैत अछि



कुमार नितेश

कांवर यात्राक उद्गम सुल्तानगंजे किएक मानल जाइत अछि? ई प्रश्न देखबा मे जतेक सरल प्रतीत होइत अछि, उत्तर ओतेक सहज नहि अछि। कारण, उत्तरवाहिनी गंगा मात्र सुल्तानगंजे मे नहि बहैत छथि। हुनकर ई स्वरूप कहलगांव सं लए कए बटेश्वर धरि देखल जाइत अछि। तखन एहन की विशेषता अछि, जाहि कारण सुल्तानगंज कांवर यात्राक प्रथम पड़ाव बनि गेल? शायद एकर उत्तर मात्र भूगोल मे नहि, बल्कि ओहि अद्भुत संगम मे निहित अछि, जतय गंगा, शिव आ संकल्प एकहि संग उपस्थित छथि। वस्तुतः कांवर यात्राक पहिल डेग देवघर दिस नहि उठैत अछि। ताहि सं पहिने यात्री अजगैबीनाथ महादेवक समक्ष ठमकि श्रद्धापूर्वक प्रणाम करैत अछि। ओतय गंगाजल बाद मे उठाओल जाइत अछि, मुदा संकल्प पहिने उठैत अछि। एहि कारण सुल्तानगंज मात्र नदीक घाट नहि रहि जाइत, बल्कि एक पवित्र तीर्थ बनि जाइत अछि। भारतवर्ष मे गंगाक कात बसल असंख्य नगर छथि। उत्तरवाहिनी गंगाक तट सेहो कतेको स्थान पर भेटैत अछि, मुदा प्रत्येक नदी-तट तीर्थ नहि बनि सकैत अछि। तीर्थ ताहि स्थान कें कहल जाइत अछि, जतय प्रकृति, लोकविश्वास, साधना आ सांस्कृतिक स्मृति परस्पर एकसूत्र मे बान्हल होइत अछि। सुल्तानगंजक महत्त्व सेहो एहि दिव्य संगम मे निहित अछि। एतय उत्तरवाहिनी गंगाक पावन प्रवाह अछि, प्राचीन लोक परंपराक निरंतर धारा अछि आ ओकर मध्य अवस्थित छथि अजगैबीनाथ महादेव। ई दिव्य उपस्थिति एहि भूमि कें कांवर यात्राक उद्गम-स्थलीक गौरव प्रदान करैत अछि। साओन मास अबिते लाखो कांवरिया गंगा सं जल भरैत छथि। देखनिहार कें लगैत अछि जे यात्राक आरंभ एतय सं भेल, मुदा वास्तविकता ई अछि जे यात्रा जल उठेबा सं नहि, संकल्प धारण करबा सं आरंभ होइत अछि। जल तं मात्र ओहि संकल्पक दृश्य प्रतीक अछि। वास्तविक यात्रा ओहि क्षण प्रारंभ होइत अछि, जखन श्रद्धालु अजगैबीनाथ महादेवक समक्ष शीश नवा कए अपन अंतःकरण मे एक पवित्र व्रतक संकल्प ग्रहण करैत अछि। एहि कारण सुल्तानगंज सं देवघर धरिक यात्रा मात्र चरणक यात्रा नहि रहैछ, बल्कि मोनक साधना बनि जाइत अछि। अजगैबीनाथ महादेवक मंदिर स्वयं एहि सत्यक प्रतीक अछि। गंगाक प्रवाहक मध्य स्थित ई प्राचीन शिवधाम वर्षाकाल मे




चारूकात जल सं घेरल रहैत अछि। दूर सं देखलापर एहन प्रतीत होइत अछि मानू प्रवाहित गंगामाय स्वयं शिव कें अपन अंक मे धारण केने छथि। भारतीय सांस्कृतिक प्रतीक-चेतना मे ई दृश्य सहजहि ओहि पौराणिक प्रसंगक स्मरण करबैत अछि, जतय गंगाक अवतरण भगवान शिवक जटा सं होइत अछि। दृश्य अवश्य भिन्न अछि, मुदा भाव पूर्णतः समान अछि। जल आ शिवक एहन दिव्य सान्निध्य कांवर यात्रा कें एक विशिष्ट आध्यात्मिक आधार प्रदान करैत अछि। लोकपरंपरा एहि क्षेत्र कें जाह्नु ऋषिक स्मृति सं सेहो जोड़ैत अछि। मान्यता अछि जे हुनके कारण गंगा कें जाह्नवी नाम प्राप्त भेल। इतिहास एहि कथाक मूल्यांकन अपन दृष्टि सं कए सकैत अछि, किंतु लोकस्मृतिक अपन स्वतंत्र महत्त्व होइत अछि।

**श्रावणी पथ : कड़ी-6**

सभ्यता मात्र शिलालेख वा अभिलेख सं नहि बनैत अछि, बल्कि ओहि लोकस्मृति सं सेहो निर्मित होइत अछि, जकरा पीढ़ी-दर-पीढ़ी लोक अपन हृदय मे संजोगने रहैत छथि। सुल्तानगंजक सांस्कृतिक चेतना मे जाह्नु ऋषि, जाह्नवी आ अजगैबीनाथ एक-दोसर सं अलग नहि छथि। एहि कारण एतय गंगा मात्र नदी नहि, बल्कि सांस्कृतिक स्मृतिक अविरल प्रवाह बनि जाइत छथि। यदि कांवर यात्राक आधार मात्र उत्तरवाहिनी गंगा रहितथि, तं एकर उद्गम अन्य कोनो स्थान पर सेहो विकसित भए सकैत छल। मुदा सुल्तानगंज मे उत्तरवाहिनी गंगाक संग-संग शिवक सजीव उपस्थिति सेहो अछि। इएह विशेषता एहि यात्रा कें मात्र जलयात्रा बनि रहबा सं रोकैत अछि। एतय जल ग्रहण करय बला श्रद्धालु पहिने शिवक साक्षी बनैत अछि, तकर बाद पथक यात्री। ई क्रमहि यात्राक वास्तविक आत्मा अछि। भारतीय परंपरा मे संकल्पक अत्यंत महत्त्व मानल गेल अछि। कोनो धार्मिक अनुष्ठान संकल्प बिना पूर्ण नहि मानल जाइत। संकल्प मात्र शब्दक उच्चारण नहि, बल्कि स्वयं कें अनुशासनक अधीन करबाक दृढ़ निश्चय अछि। कांवर यात्रा एहि अनुशासनक सार्वजनिक अभिव्यक्ति अछि। कांवरिया अपन आचरण, वाणी, भोजन, व्यवहार आ यात्राक प्रत्येक चरण मे संयम स्वीकार करैत छथि। एहि दृष्टि सं कांवर मात्र कान्ह पर राखल बांसक संरचना नहि, बल्कि अंतःकरण मे धारण कएल गेल संकल्पक प्रतीक अछि। एहि कारण यात्राक कठिनाइ सेहो मात्र शारीरिक नहि होइत अछि। रौद, बरखा, थाल, भीड़ आ दीर्घ दूरी प्रत्येक यात्रीक समक्ष उपस्थित होइत अछि, तथापि लाखो श्रद्धालु बिना कोनो बाह्य बाध्यता एहि पथ पर अग्रसर रहैत छथि। ई मात्र आस्थाक परिणाम नहि, बल्कि संकल्पक ओहि अद्भुत शक्तिक परिचायक अछि, जे मनुष्य कें अपन सामान्य सीमा सं बहुत आगू लए जाइत अछि। जखन संकल्प जागृत भए जाइत अछि, तखन थकान सेहो यात्राक गति रोकि नहि सकैत अछि। एतय आबि श्रावणी पथक अर्थ आरो गंभीर भए जाइत अछि। ई मात्र सुल्तानगंज सं देवघर धरि गेल सड़क नहि, बल्कि मनुष्यक अंतर्मन मे चलय बला साधनाक पथ सेहो अछि। एहि मार्ग पर मात्र चरण आगू नहि बढ़ैत अछि, मोन सेहो क्रमशः परिवर्तित होइत चलैत अछि। यात्रा जतबा बाह्य होइत अछि, ओतबे आंतरिक सेहो। शायद एहि कारण एहि पथ पर चलय बला व्यक्ति लौटि कए ओहि स्वरूप मे नहि रहैछ, जाहि स्वरूप मे घर सं निकलल छल। अजगैबीनाथ आ बाबा बैद्यनाथक संबंध सेहो मात्र दू शिवालयक संबंध नहि अछि। एक स्थान पर संकल्प जन्म लैत अछि, दोसर स्थान पर ओकर पूर्णता प्राप्त होइत अछि। एक शिवक समक्ष यात्री अपना कें यात्राक लेल समर्पित करैत अछि, दोसर शिवक समक्ष ओहि समर्पण कें अर्पणक रूप प्रदान करैत अछि। एहि दुनू शिवधामक बीच पसरल श्रावणी पथ मात्र भौगोलिक दूरी नहि, बल्कि साधनाक अखंड निरंतरता अछि। एतय आबि फेर ओहि प्रश्नक स्मरण होइत अछि - जं शरीर थाकि गेल अछि, तं यात्रा के कए रहल अछि? उत्तर शायद शरीर मे नहि, संकल्प मे निहित अछि। शरीरक अपन सीमा होइत अछि, मुदा संकल्पक नहि। ओ संकल्पे थाकल चरण मे गति, अन्हार राति मे दिशा आ भीड़क बीच धैर्य बनि यात्रा कें पूर्णता सं पहुंचाबैत अछि। ओहि संकल्पक बल पर मनुष्य अपन अंतर्निहित शक्तिक परिचय पबैत अछि। एहि कारण कांवर यात्रा मात्र दूरी तय करबाक यात्रा नहि, बल्कि संकल्पक यात्रा बनि जाइत अछि। एक शिवक समक्ष लेल गेल संकल्प दोसर शिवक समक्ष पूर्णता प्राप्त करैत अछि। दुनू शिवधामक बीच निरंतर एक अदृश्य आध्यात्मिक प्रवाह बहैत रहैत अछि, जे मात्र गंगाजल मे नहि, बल्कि मनुष्यक अंतर्मन मे सेहो अनुभव कएल जा सकैत अछि। तें श्रावणी पथ कें मात्र सुल्तानगंज सं देवघर धरि जाए बला मार्ग कहि देब ओकर व्यापक अर्थ कें छोट करब होयत। ई ओहि सांस्कृतिक चेतनाक नाम अछि, जतय गंगा प्रवाह प्रदान करैत छथि, शिव दिशा देखबैत छथि आ संकल्प मनुष्य कें साधनाक पूर्णता धरि पहुंचा दैत अछि। अजगैबीनाथ एहि चेतनाक प्रथम आलोक छथि, बाबा बैद्यनाथ ओकर पूर्णता। आ दुनूक बीच अविराम बहैत रहैत अछि श्रद्धा, साधना आ संकल्प सं आलोकित ओ पावन श्रावणी पथ, जकर स्मरण पीढ़ी-दर-पीढ़ी श्रद्धापूर्वक कएल जाइत रहल अछि।

# गहन अंतरिक्ष मे विचरैत धरतीक एक अद्भुत मोसाफिर

मुकुल व्यास



नासाक वॉयेजर-1 अंतरिक्षयानक गहन अंतरिक्ष यात्रा आइयो निरंतर जारी अछि आ शीघ्रहि ई अपन यात्राक एकटा आरो ऐतिहासिक उपलब्धि प्राप्त करए जा रहल अछि। छोट कारक आकारक ई अंतरिक्षयान पृथ्वीक पहिल मानव-निर्मित यान अछि, जे सफलतापूर्वक अंतर-नक्षत्रीय अंतरिक्ष अर्थात दू ताराक बीचक अंतरिक्ष क्षेत्र मे प्रवेश केने अछि। लगभग 50 वर्ष सं ई यान पृथ्वी सं लगभग 61,100 किलोमीटर प्रति घंटाक गति सं लगातार दूर होइत जा रहल अछि। आश्चर्यक विषय ई अछि जे एतेक दीर्घ यात्राक बादो ई अखन धरि पृथ्वी सं एक प्रकाश-दिवस (लाइट डे)क दूरी धरि नहि पहुंचल अछि। आब नासाक वैज्ञानिक सभ ओ सटीक समयक निर्धारण केने छथि जखन वॉयेजर-1 ई उपलब्धि प्राप्त करत। अनुमान अछि जे 18 नवंबर 2026 केर अपराह्न 3 बाजि कए 46 मिनट पर ई अपन गृह ग्रह पृथ्वी सं लगभग 25.9 अरब किलोमीटर दूर पहुंचि जाएत।

प्रकाश-दिवस ओहि दूरी कें कहल जाइत अछि, जतबा दूरी प्रकाश एक दिन मे तय करैत अछि। अंतरिक्ष मे अत्यंत विशाल दूरीक मापन लेल वैज्ञानिक प्रकाश-दिवसक अतिरिक्त प्रकाश-वर्षक सेहो व्यापक प्रयोग करैत छथि। प्रकाश-वर्ष दूरीक एकटा मानक इकाई अछि, जाहि सं ई नापल जाइत अछि जे प्रकाशक किरण एक वर्ष मे कतबा दूरी तय करैत अछि। एक प्रकाश-वर्ष लगभग 9.46 ट्रिलियन किलोमीटरक बराबर होइत अछि। अंतरिक्षक निर्वात मे प्रकाशक गति लगभग 2,99,792 किलोमीटर प्रति सेकेंड अछि। चूंकि प्रकाश कें सेहो यात्रा करबा मे समय लगैत अछि, तें दूर स्थित कोनो वस्तु कें देखबाक अर्थ ई होइत अछि जे हम ओकर अतीतक स्वरूप देखैत छी। उदाहरणस्वरूप, पृथ्वीक सभ सं निकटतम तारा प्रॉक्सिमा सेन्टौरी लगभग 4.2 प्रकाश-वर्ष दूर अछि, तें ओकर प्रकाश कें पृथ्वी धरि पहुंचबा मे 4.2 वर्षक समय लगैत अछि।

वॉयेजर-1 कें पृथ्वी सं एक प्रकाश-दिवसक दूरी तय करबा मे 49 वर्ष सं बेसी समय लागत। वॉयेजर-1 आ ओकर सहोदर अंतरिक्षयान वॉयेजर-2 वर्तमान मे एहन एकमात्र यान छथि, जे सूर्य सं निकलनिहार आवेशित कण आ चुंबकीय क्षेत्र सं निर्मित सुरक्षात्मक आवरण हेलियोस्फीयरक बाहर सक्रिय अछि। वॉयेजर-1 केर मूल उद्देश्य बृहस्पति आ शनि ग्रहक अध्ययन करब छल। ई अपन ई लक्ष्य क्रमशः 1979 आ 1980 मे सफलतापूर्वक पूरा कएलक। एकर बाद ई गहन अंतरिक्षक दिशा मे निरंतर अग्रसर होइत रहल।

अपन दीर्घ यात्राक क्रम मे वॉयेजर-1 आ वॉयेजर-2 बृहस्पति, शनि, यूरेनस आ नेपच्यून ग्रहक समीप सं गुजरैत बहुमूल्य चित्र आ वैज्ञानिक जानकारी पृथ्वी पर पठौलक। दुनू यान मिलिकए एहि चारिटा विशाल ग्रहक विस्तृत अध्ययन कएलक। वॉयेजर सभ पृथ्वीक अतिरिक्त पहिल बेर बृहस्पतिक उपग्रह आयो पर सक्रिय ज्वालामुखीक खोज कएलक। दुनू यान मिलिकए कुल 22 नव उपग्रहक खोज सेहो कएलक, जाहि मे बृहस्पतिक 3, शनिक 3, यूरेनसक 10 आ नेपच्यूनक 6 उपग्रह सम्मिलित अछि।

एतबे नहि, वॉयेजर सभ बृहस्पतिक उपग्रह यूरोपाक सतहक नीचां तरल महासागर होएबाक प्रारंभिक संकेत सेहो प्राप्त कएलक। एकर अतिरिक्त बृहस्पति, यूरेनस आ नेपच्यूनक जटिल वलय प्रणाली (रिंग सिस्टम)क दुर्लभ चित्र सेहो पृथ्वी कें पठौलक, जाहि सं वैज्ञानिक अनुसंधान मे महत्वपूर्ण प्रगति भेल। वॉयेजर-1 25 अगस्त 2012 कें अंतर-नक्षत्रीय अंतरिक्ष मे प्रवेश कएलक, जखन कि वॉयेजर-2 पांच नवंबर 2018 कें एहि क्षेत्र मे पहुंचल। आइ दुनू अंतरिक्षयान मानव द्वारा निर्मित सभ सं दूर स्थित वस्तु अछि, जे लगभग पांच दशक पुरान तकनीकक माध्यम सं अखनो पृथ्वी सं संपर्क बनौने अछि।

यद्यपि वॉयेजर मिशन अत्यंत सफल रहल अछि, तथापि प्लूटोनियम सं संचालित एहि अंतरिक्षयानक ऊर्जा निरंतर घटैत जा रहल अछि। एकर सक्रियता किछु समय आरो बना कए रखबाक उद्देश्य सं नासा विगत एक वर्ष सं एक-एक कए वैज्ञानिक उपकरण बंद करैत आबि रहल अछि। वर्तमान मे मात्र दू उपकरण - मैग्नेटोमीटर आ प्लाज्मा वेव सबसिस्टम सक्रिय छथि। ई उपकरण अखनो ताराक बीचक अंतरिक्ष मे उपस्थित अत्यंत सूक्ष्म विद्युत-चुंबकीय तरंग सभक अभिलेखन कए रहल छथि। नासाक अनुमान अछि जे 2030 केर प्रारंभिक दशक धरि वॉयेजर-1 पृथ्वी सं संपर्क बनौने रहि सकैत अछि। एहि अवधि धरि एकर ऊर्जा एतेक रहबाक आशा अछि जे आवश्यक संचार संभव भए सकय। तथापि संपर्क समाप्त भए जाएब एकर मिशनक अंत नहि होयत।

# बांकीपुर चुनाव : भाजपा लेल अछि झटका तं राजद लेल सेहो बाजल खतराक घंटी

राहुल राज



बिहारक बहुचर्चित बांकीपुर विधानसभा उपचुनाव मे जन सुराज पार्टीक संस्थापक प्रशांत किशोर उल्लेखनीय विजय दर्ज केने छथि। ई सीट भाजपा नेता नितिन नवीनक राज्यसभाक सदस्य निर्वाचित भेलाक बाद रिक्त भेल छल। पटनाक शहरी क्षेत्र मे अवस्थित बांकीपुर पैघ समय सं भाजपाक सुदृढ़ गढ़ मानल जाइत रहल अछि, मुदा एहि बेरक परिणाम राजनीतिक समीकरण मे पैघ परिवर्तनक संकेत दैत अछि। प्रशांत किशोर अपन निकटतम प्रतिद्वंद्वी भाजपा प्रत्याशी नीरज कुमार कें 19,324 मत सं पराजित कएलनि। हुनका 64,151 मत, अर्थात कुल मतक 49.2 प्रतिशत प्राप्त भेल, जखन कि नीरज कुमार कें 44,827 मत भेटल। मात्र नौ मास पूर्व संपन्न बिहार विधानसभा चुनाव मे राष्ट्रीय जनतांत्रिक गठबंधन (एनडीए) 243 मे सं 202 सीट पर विजय प्राप्त केने छल। ओहि चुनाव मे जन सुराज पार्टीक एकोटा प्रत्याशी विजयी नहि भए सकल छल। बांकीपुर कें भाजपाक सभ सं सुरक्षित सीट मानल जाइत रहल अछि, ताहि कारण एहि परिणाम कें विशेष महत्वक रूप मे देखल जा रहल अछि। राजनीतिक विश्लेषक सभक अनुसार कम मतदान प्रतिशत सेहो एहि परिणामक एक प्रमुख कारण भए सकैत अछि। दोसर दिस भाजपा एहि हारिक प्रमुख कारण राजदक मतदाता आधारक एक भागक जन सुराज दिस स्थानांतरण कें मानि रहल अछि। जखन कि राजद सांसद मीसा भारती एहि विजय कें भाजपाक जीत कहने छथि। भाजपा आईटी सेल प्रमुख अमित मालवीय सोशल मीडिया एक्स पर लिखलनि जे 2025 केर विधानसभा चुनाव मे बांकीपुर मे 41.1 प्रतिशत मतदान भेल छल, जाहि मे भाजपा कें 63.25 प्रतिशत आ राजद कें 29.83 प्रतिशत मत प्राप्त भेल छल। मुदा एहि उपचुनाव मे मतदान घटिकए 33.3 प्रतिशत पर आबि गेल। एहि बेर भाजपा कें 34.4 प्रतिशत, राजद कें मात्र 10.95 प्रतिशत, जखन कि जन सुराज कें 49.23 प्रतिशत मत भेटल। हुनकर दावा अछि जे 2025 केर तुलना मे भाजपा अपन पुरान मत आधारक 54 प्रतिशत सं बेसी भाग बचेबा मे सफल रहल, मुदा राजद अपन पूर्व मतक मात्र 37 प्रतिशत भाग सुरक्षित राखि सकल। एहि आधार पर हुनकर तर्क अछि जे राजदक जनाधार भाजपा सं बेसी तीव्र गति सं घटल अछि आ ओकर परंपरागत मतदाताक पैघ भाग जन सुराजक संग गेल। अमित मालवीयक अनुसार तेजस्वी यादवक चुनाव प्रचार सं दूरी सेहो एहि परिणाम मे प्रभावी कारक रहल। संगहि, ओ इहो स्वीकार कएलनि जे कम मतदानक कारण भाजपा समर्थक अपेक्षित संख्या मे मतदान केंद्र धरि नहि पहुंचि सकलाह।

## राजद लेल चेतावनी?

अमित मालवीय बांकीपुरक परिणाम कें राजद लेल चेतावनी मानैत छथि। हुनकर कथन अछि जे जं भाजपा कें पराजित करबाक उद्देश्य सं राजदक मत जन सुराज दिस स्थानांतरित भेल अछि, तं इतिहास बतबैत अछि जे एहि प्रकारक रणनीति अंततः मूल विपक्षी दल कें कमजोर कए दैत अछि। ओ उदाहरण दैत कहलनि जे पश्चिम बंगाल मे कांग्रेस वामपंथी दल सभ कें पराजित करबाक उद्देश्य सं तृणमूल कांग्रेस लेल राजनीतिक स्थान छोड़लक, परिणामस्वरूप तृणमूल लगातार सुदृढ़ होइत गेल आ कांग्रेस हाशिया पर चलि गेल। तहिना दिल्ली मे आम आदमी पार्टीक उदयक बाद कांग्रेसक जनाधार अत्यंत सीमित भए गेल। दोसर दिस पूर्व मुख्यमंत्री लालू प्रसाद यादवक पुत्री रोहिणी आचार्य प्रशांत किशोर कें बधाइ दैत एहि विजय कें भाजपा विरोध आ लोकतंत्र मे जनताक विश्वासक जीत बतौलनि। हुनकर अनुसार निरंतर संघर्ष, जनता सं सीधा संपर्क आ कार्यकर्ता सभक सम्मान अंततः सफलताक आधार बनैत अछि। बांकीपुर मे सवर्ण मतदाताक संख्या उल्लेखनीय मानल जाइत अछि। एहि क्षेत्र सं भाजपा नेता नितिन नवीन लगातार चारि बेर विधायक निर्वाचित भेल छथि। एहन परिस्थिति मे एहि सीट पर भाजपाक लेल सेहो गंभीर चिंताक विषय मानल जा रहल अछि। राजनीतिक दल सभक अनुमानक अनुसार बांकीपुर मे कायस्थ 14 प्रतिशत, भूमिहार 8 प्रतिशत, ब्राह्मण 8 प्रतिशत, राजपूत 7 प्रतिशत, कुर्मी 5 प्रतिशत, कुशवाहा 3 प्रतिशत, मुस्लिम 12 प्रतिशत, कहार 9 प्रतिशत, बनिया 9 प्रतिशत तथा अनुसूचित जातिक मतदाता लगभग 9 प्रतिशत छथि।

# सह-अस्तित्वे मिथिलाक असल शक्ति अछि



सच्चिदानंद सच्चू

नेपालक मिथिला क्षेत्रक इतिहास मात्र राजनीतिक संघर्षक इतिहास नहि, बल्कि सामाजिक एकजुटता, सांस्कृतिक समरसता आ सह-अस्तित्वक परंपराक इतिहास सेहो रहल अछि। एक समय छल, जखन नेपालक राजनीति पहाड़ी आ मधेशीक बीचक विभाजन सं प्रभावित छल। मधेशी समुदाय अपनहि देश मे उपेक्षा, असमानता आ दोयम दर्जाक नागरिकक अनुभूति करैत छल। राज्यक संसाधन, प्रशासन, सुरक्षा व्यवस्था आ राजनीतिक निर्णय प्रक्रिया मे पहाड़ी समुदायक प्रभुत्व अधिक मानल जाइत छल। एहि परिस्थिति मे मधेशी समाज अधिकार, सम्मान आ समान सहभागिताक लेल लंबा संघर्ष केलक। ओ संघर्ष मात्र राजनीतिक नहि छल, बल्कि आत्मसम्मानक लड़ाइ सेहो छल। मधेशी समाज जाति, धर्म आ भाषाक भिन्नताक बादो एकजुट भए अपन अधिकारक मांग उठौलक। एहि एकताक परिणाम रहल जे नेपालक राजनीतिक संरचना मे परिवर्तन आयल। संविधान संशोधन, प्रतिनिधित्वक विस्तार आ लोकतांत्रिक प्रक्रियाक माध्यम सं मधेशी समाजक भागीदारी बढ़ल। एहि परिवर्तनक प्रतीक रूप मे नेपाल एकटा मधेशी मूलक प्रधानमंत्री सेहो देखलक। ई उपलब्धि मात्र एक व्यक्ति वा एक दलक सफलता नहि, बल्कि संपूर्ण मधेशी समाजक सामूहिक संघर्षक ऐतिहासिक उपलब्धि छल। मुदा वर्तमान समय मे जे परिस्थिति नेपालक मिथिला क्षेत्र मे बनि रहल अछि, से अत्यंत चिंताजनक अछि। कोशी प्रदेशक देवानगंज मे कांवर यात्राक क्रम मे डीजे बजेबाक विवाद सं भड़कल सांप्रदायिक हिंसा धीरे-धीरे कोशी आ मधेश प्रदेशक कतेको क्षेत्र धरि पसरि गेल। तनाव, प्रदर्शन, कर्फ्यू आ हिंसाक घटना सं सामान्य जनजीवन प्रभावित भेल। एहि घटनाक्रम मे सोशल मीडिया पर प्रसारित अपुष्ट सूचना, अफवाह आ उत्तेजक सामग्री सेहो आगि मे घी देबाक काज केलक।




परिणामस्वरूप अविश्वास आ कटुताक वातावरण बनि गेल, जकर असरि आइयो समाप्त नहि भेल अछि। सब सं बेसी चिंता एहि बातक अछि जे जे मधेशी समाज एक समय अपन अधिकारक लेल एकजुट छल, ओ आइ हिंदू आ मुसलमानक आधार पर विभाजित होइत देखाइ पड़ैत अछि। ई विभाजन मात्र सामाजिक शांति लेल नहि, बल्कि मधेशी समाजक राजनीतिक शक्ति लेल सेहो घातक सिद्ध भए सकैत अछि। इतिहास साक्षी अछि जे जखन-जखन समाज आंतरिक रूपें बंटल अछि, तखन-तखन ओकर सामूहिक शक्ति कमजोर भेल अछि। मिथिलाक असल पहिचान सांप्रदायिक सद्भाव रहल अछि। नेपालक मिथिला हो वा भारतक मिथिला, एतय हिंदू आ मुसलमान सदियो सं परस्पर सम्मान, सहयोग आ सांस्कृतिक सहभागिताक वातावरण मे रहैत एलाह अछि। मोहर्रमक जुलूस मे हिंदू समाजक सहभागिता आ दुर्गा पूजा, छठि वा अन्य पर्व मे मुस्लिम समुदायक सहयोग मिथिलाक सामाजिक जीवनक स्वाभाविक परंपरा रहल अछि। मिथिलाक लोकजीवन मे एहि मेल-जोलक असंख्य उदाहरण भेटैत अछि। एतय धार्मिक भिन्नता कखनो मानवीय संबंधक बीच बाधा नहि बनल। लोकजीवन मे प्रचलित ई भावना-जे भगवतीक अंचरी कोनो रहीम वा रहमान सिबैत छथि-मात्र एकटा कहावत नहि, बल्कि मिथिलाक सांस्कृतिक आत्माक अभिव्यक्ति अछि। एहि भूमिक लोक एक-दोसराक सुख-दुःख मे सहभागी बनैत रहल छथि। एतय धार्मिक पहिचान सं पहिने पड़ोसी, मित्र आ सहयात्रीक संबंधक महत्त्व रहल अछि। इएह मिथिलाक सभ्यताक मूल आधार अछि। वर्तमान समय मे आवश्यकता अछि जे राजनीतिक नेतृत्व, सामाजिक संगठन, धार्मिक अगुआ, बुद्धिजीवी, पत्रकार आ आम नागरिक सभ मिलिकय शांति, संयम आ संवादक वातावरण बनाबथि। अफवाहक स्थान पर सत्य, घृणाक स्थान पर विश्वास आ हिंसाक स्थान पर सह-अस्तित्वक भावनाक स्थापना करब समयक मांग अछि। विशेष रूपें युवा पीढ़ी कें सोशल मीडिया पर प्रसारित प्रत्येक सूचनाक सत्यापन केने बिना ओकरा आगू नहि बढ़ेबाक जिम्मेदारी लेबाक चाही। मधेशी समाजक भविष्य मात्र राजनीतिक प्रतिनिधित्व सं सुरक्षित नहि रहत। ओकर वास्तविक शक्ति हिंदू-मुसलमानक पारस्परिक विश्वास, सामाजिक एकता आ साझा सांस्कृतिक विरासत मे निहित अछि। जं ई एकता कमजोर पड़त तं दशकोक संघर्ष सं प्राप्त उपलब्धि सेहो संकट मे पड़ि सकैत अछि। मिथिलाक सभ्यता सदियो सं सह-अस्तित्व, सहिष्णुता आ सामाजिक समरसताक संदेश दैत आबि रहल अछि। एहि परंपराक रक्षा करब मात्र नेपालक मिथिलाक नहि, बल्कि संपूर्ण मिथिला समाजक साझा दायित्व अछि। कारण स्पष्ट अछि - सामाजिक सद्भावे विकासक सब सं मजबूत आधार अछि। जखन समाज एकजुट रहत, तखनहि प्रगति, समृद्धि आ शांतिक मार्ग प्रशस्त हएत। सह-अस्तित्वक ई अमूल्य परंपरा बचा कए राखब हमरा सभक सर्वोच्च प्राथमिकता होयबाक चाही।

# बांकीपुर-दतिया उपचुनावक परिणाम सं यूपी चुनाव लेल की संकेत?

बिहारक बांकीपुर, मध्य प्रदेशक दतिया आ गुजरातक मांजलपुर विधानसभा उपचुनावक परिणाम आबि गेलाक बाद उत्तर भारतक राजनीति मे नव बहस शुरू भए गेल अछि। विशेष रूप सं बांकीपुर मे भाजपा आ दतिया मे सत्तारूढ़ दलक हारि कें आगामी उत्तर प्रदेश विधानसभा चुनाव 2027क दृष्टि सं महत्वपूर्ण संकेतक रूप मे देखल जा रहल अछि।

बांकीपुर विधानसभा उपचुनाव मे जन सुराजक संस्थापक प्रशांत किशोर भाजपा प्रत्याशी कें 19 हजार सं अधिक मत सं पराजित कएलनि। लगभग 30 वर्ष सं भाजपा कब्जा बला ई सीट पर पार्टीक हार कें राजनीतिक विश्लेषक महत्वपूर्ण घटनाक्रम मानि रहल छथि।

दोसर दिस मध्य प्रदेशक दतिया विधानसभा उपचुनाव मे कांग्रेस जीत दर्ज कएलक। जखनकि आजाद समाज पार्टी (कांशीराम)क प्रत्याशी तेसर स्थान पर रहलाह, मुदा लगभग 26



हजार मत प्राप्त कए पार्टी अपन उपस्थिति मजबूत रूप सं दर्ज करौलक। विश्लेषक सभक मानब अछि जे ई परिणाम उत्तर प्रदेश मे चंद्रशेखर आजादक राजनीति लेल सकारात्मक संकेत मानल जा सकैत अछि। राजनीतिक जानकार सभक अनुसार बांकीपुरक परिणाम सं संकेत भेटल अछि जे मतदाता पारंपरिक राजनीतिक दल सभक अतिरिक्त नव विकल्प पर सेहो गंभीरतापूर्वक विचार कए रहल छथि। एहि कारण उत्तर प्रदेशक विभिन्न विपक्षी दल सभ आ नव राजनीतिक संगठन सभ सेहो अपन रणनीति मे बदलाव पर विचार कए सकैत छथि। दतियाक परिणामक संबंध मे विश्लेषक सभक कहब अछि जे स्थानीय मुद्दा, प्रभावी रणनीति आ मजबूत चुनावी अभियानक आधार पर सत्तारूढ़ दलक मजबूत क्षेत्र मे सेहो जीत हासिल कएल जा सकैत अछि। एहि कारण उत्तर प्रदेशक विपक्षी दल सभ लेल दतियाक परिणाम अध्ययनक विषय बनल अछि।

**चंद्रशेखर लेल की बनल राजनीतिक संजीवनी**

उधर भाजपा भीतर सेहो उपचुनाव परिणामक समीक्षा शुरू भए गेल अछि। पार्टी नेता सभक अनुसार स्थानीय असंतोष, प्रत्याशी चयन आ किछु क्षेत्रीय कारण सभक प्रभाव परिणाम पर पड़ल। राजनीतिक विश्लेषक सभ मानैत छथि जे उत्तर प्रदेश विधानसभा चुनाव 2027 सं पहिने भाजपा संगठन स्थानीय मुद्दा, टिकट वितरण आ सामाजिक समीकरण पर आरो सतर्कता सं काज कए सकैत अछि। विश्लेषक सभक अनुसार दतिया उपचुनाव मे आजाद समाज पार्टीक प्रदर्शन चंद्रशेखर आजाद लेल मनोवैज्ञानिक रूप सं महत्वपूर्ण उपलब्धि मानल जा रहल अछि। उत्तर प्रदेश मे बहुजन राजनीति आ दलित मतदाता सभ बीच पार्टी अपन प्रभाव बढ़ाबए दिस प्रयासरत अछि। एहन स्थिति मे मध्य प्रदेशक परिणामक प्रभाव उत्तर प्रदेशक सीमावर्ती क्षेत्र सभ पर सेहो देखल जा सकैत अछि।

राजनीतिक पर्यवेक्षक सभक मानब अछि जे बांकीपुर आ दतिया उपचुनावक परिणाम सं ई स्पष्ट संकेत भेटल अछि जे मतदाता सभ प्रदर्शन, स्थानीय मुद्दा आ वैकल्पिक नेतृत्व पर ध्यान दए रहल छथि। मुदा एहि परिणामक वास्तविक राजनीतिक प्रभाव आगामी विधानसभा चुनाव सभमे स्पष्ट भए सकत। फिलहाल एहि उपचुनाव सभ विभिन्न राजनीतिक दलक रणनीति आ चुनावी तैयारीक दिशा प्रभावित करबाक संकेत दए रहल अछि।

## बांकीपुर उपचुनाव : की बिहारक राजनीति नव मोड़ पर?

गंगा कात बसल बांकीपुर विधानसभा उपचुनावक परिणाम बिहारक राजनीति मे नव बहस शुरू कए देने अछि। ई परिणाम मात्र एकटा सीटक जीत-हार धरि सीमित नहि मानल जा रहल अछि, बल्कि राजनीतिक समीकरण आ आगामी रणनीति पर सेहो एकर प्रभाव देखबाक चर्चा तेज भए रहल अछि। सब सं पैघ प्रश्न भारतीय जनता पार्टीक भीतर उठि रहल अछि। बांकीपुर भाजपा लेल परंपरागत मजबूत सीट मानल जाइत छल। एहन स्थिति मे भाजपा अध्यक्ष नितिन नवीनक नेतृत्व मे पार्टीक हार राजनीतिक दृष्टि सं महत्वपूर्ण मानल जा रहल अछि। चुनाव प्रचार मे पार्टीक शीर्ष नेतृत्वक अतिरिक्त लगभग सभ प्रमुख नेता सक्रिय रहलाह, मुदा परिणाम पार्टीक पक्ष मे नहि आबि सकल। राजनीतिक विश्लेषक सभक अनुसार ई हार नितिन नवीनक राजनीतिक नेतृत्वक परीक्षा मानल जा रहल अछि। एकरा संगहि बिहार भाजपा मे नेतृत्वक संतुलन पर सेहो चर्चा शुरू भए गेल अछि। सम्राट चौधरी, उपेंद्र कुशवाहा सहित विभिन्न नेता सभक भूमिका आ संगठनात्मक संतुलनक विषय मे सेहो राजनीतिक गलियारा मे विभिन्न प्रकारक कयास लगाओल जा रहल अछि। एहि उपचुनावक दोसर पैघ संदेश विपक्षक राजनीति सं जुड़ल अछि। जन सुराजक संस्थापक प्रशांत किशोरक जीतक बाद ई चर्चा तेज भेल अछि जे की बिहार मे भाजपा विरोधी मतदाता



सभक लेल एकटा नव विकल्प उभरि रहल अछि। विश्लेषक सभक मानब अछि जे जं जन सुराज आगामी समय मे अपन संगठनक विस्तार करए मे सफल होइत अछि, तं एकर प्रभाव राष्ट्रीय जनता दल सहित अन्य विपक्षी दल सभक सामाजिक आ राजनीतिक आधार पर पड़ि सकैत अछि। किछु राजनीतिक जानकार सभक मानब अछि जे विपक्ष मे विभिन्न राजनीतिक ध्रुव सक्रिय रहला सं भाजपा विरोधी मतक विभाजनक संभावना सेहो बनि सकैत अछि। एहन स्थिति मे प्रशांत किशोरक उभार भाजपा लेल तात्कालिक संकट नहि, बल्कि विपक्ष लेल नव चुनौतीक रूप मे सेहो देखल जा रहल अछि। मुदा विश्लेषक सभ ईहो मानैत छथि जे जन सुराज एखन संगठनात्मक रूप सं ओहि स्तर पर नहि पहुंचल अछि जतय ओ बिहारक प्रत्येक विधानसभा क्षेत्र मे समान प्रभाव सं चुनाव लड़ि सकय। एहन स्थिति मे प्रशांत किशोरक व्यक्तिगत लोकप्रियता आ पार्टीक चुनावी संगठनक बीच एखन बहुत दूरी मानल जा रहल अछि। बांकीपुर उपचुनावक परिणामक बाद बिहारक राजनीति मे मुख्य रूप सं तीन सवाल उभरि कए सामने आएल अछि। पहिल, की भाजपा अध्यक्षक रूप मे नितिन नवीन अपन राजनीतिक प्रभाव बना राखि सकताह? दोसर, की प्रशांत किशोर विपक्षक राजनीति मे राजद लेल नव चुनौती बनि रहल छथि? आ तेसर, की बिहारक राजनीति वास्तव मे नव दिशा दिस बढ़ि रहल अछि, अथवा ई मात्र एकटा उपचुनावक अस्थायी राजनीतिक प्रभाव अछि? राजनीतिक पर्यवेक्षक सभक मानब अछि जे एहि प्रश्न सभक उत्तर आगामी विधानसभा चुनाव आ आबए बला राजनीतिक घटनाक्रमक संग स्पष्ट होएत। फिलहाल बांकीपुर उपचुनाव एकटा विधानसभा सीट सं आगू बढ़िकए बिहारक भविष्यक राजनीति पर चर्चाक प्रमुख केंद्र बनि गेल अछि।

**प्रशांत किशोरक जीत सं उठल तीन पैघ सवाल**

## शहरी मतदाता सभक विश्वास वापस पैबाक तैयारी महाराष्ट्र कांग्रेस बनाओतत 'शहरी महाराष्ट्र एक्शन ग्रुप'

महाराष्ट्र कांग्रेस अपन संगठनात्मक रणनीति मे महत्वपूर्ण बदलाव करैत शहरी क्षेत्र सभ मे राजनीतिक आधार मजबूत करबाक तैयारी शुरू कएने अछि। एहि उद्देश्य सं पार्टी शीघ्र शहरी महाराष्ट्र एक्शन ग्रुप गठित करत, जे विशेष रूप सं शहरी प्रशासन, नागरिक सुविधा आ शहरक विकास सं जुड़ल मुद्दा सभ पर काज करत। ई पहल कांग्रेसक संगठन सृजन अभियानक बाद शुरू कएल जा रहल अछि। एहि अभियान अंतर्गत राज्यभरि मे लगभग 7500 पदाधिकारी सभक नियुक्ति कएल गेल छल। पार्टी नेता सभक अनुसार आब संगठन विस्तारक अतिरिक्त शहरी आ अर्ध-शहरी क्षेत्रक मतदाता सभक समस्या पर विशेष ध्यान देल जाएत। महाराष्ट्र प्रदेश कांग्रेस कमेटीक योजना अछि जे स्वतंत्र शहरी कार्य समूह गठित कए नागरिक केंद्रित कार्ययोजना तैयार कएल जाए। एहि माध्यम सं शहरी विकास लेल वैकल्पिक दृष्टिकोण प्रस्तुत करबाक प्रयास कएल जाएत।

महाराष्ट्र मे शहरीकरण तेजी सं बढ़ि रहल अछि। राज्य मे 29 नगर निगम आ 246 नगर परिषद अछि। 288 विधानसभा क्षेत्र मे सं लगभग 40 प्रतिशत क्षेत्र मुख्य रूप सं शहरी आ 15 सं 20 प्रतिशत अर्ध-शहरी श्रेणी मे आबैत अछि। पार्टी नेता सभक अनुमान अछि जे जनगणना पूरा भेलाक बाद एहि संख्या मे आरो वृद्धि भए सकैत अछि। कांग्रेसक कतेको नेता स्वीकार करैत छथि जे प्रभावी शहरी एजेंडा नहि बनाबए सकबाक कारण पार्टीक शहरी क्षेत्र मे राजनीतिक आधार लगातार कमजोर भेल अछि। वर्तमान मे मुंबई सं मात्र तीन विधायक आ नागपुर सं दू विधायक कांग्रेसक छथि। पुणे आ नासिक



जेकां प्रमुख शहरी क्षेत्र मे पार्टीक प्रतिनिधित्व सीमित अछि। महाराष्ट्र कांग्रेस अध्यक्ष हर्षवर्धन सपकाल कहलनि जे राज्यक राजनीति मे पैघ सामाजिक परिवर्तन भए रहल अछि।

हुनकर अनुसार कांग्रेस परंपरागत रूप सं किसान, कृषि मजदूर, ग्रामीण अर्थव्यवस्था आ कृषि सं जुड़ल मुद्दा सभ पर संघर्ष करैत रहल अछि आ ई जारी रहत। मुदा आब शहरी आ अर्ध-शहरी क्षेत्रक नागरिक सभक समस्या सेहो राज्यक भविष्य सं प्रत्यक्ष रूप सं जुड़ि गेल अछि। कांग्रेस एहि नव महाराष्ट्रक आवाज बनबाक प्रयास करए चाहैत अछि। प्रस्तावित शहरी महाराष्ट्र एक्शन ग्रुप अनियोजित शहरी विकास, किफायती आवास, घटैत हरित क्षेत्र, सार्वजनिक परिवहन आ स्थानीय स्वशासन संस्थाक सशक्तीकरण जेकां मुद्दा सभ पर विशेष ध्यान देत। पार्टीक अनुसार ई समूह केवल आंदोलनक मंच नहि रहत, बल्कि शहरी योजनाकार, पर्यावरणविद, अर्थशास्त्री आ युवा पेशेवर सभक सहयोग सं नागरिक केंद्रित आ सतत विकासक रूपरेखा तैयार करत। संगहि स्थानीय आंदोलन सभक संग समन्वय स्थापित कए सरकारक समक्ष नीतिगत सुझाव सेहो प्रस्तुत करत।

# प्रशांत किशोरक जीत भाजपा लेल झटका, मुदा राजदक चिंता आरो पैघ?

बांकीपुर विधानसभा उपचुनाव मे जन सुराजक संस्थापक प्रशांत किशोरक जीत बिहारक राजनीति मे नव चर्चा शुरू कए देने अछि। राजनीतिक विश्लेषक सभक मानब अछि जे ई परिणाम भाजपा लेल अप्रत्याशित झटका अछि, मुदा एकर राजनीतिक प्रभाव राजद लेल आरो पैघ चुनौती बनि सकैत अछि। उपचुनाव मे प्रशांत किशोर 64 हजार सं अधिक मत प्राप्त कए भाजपा प्रत्याशी कें पराजित कएलनि। राजद प्रत्याशी रेखा कुमारी लगभग 14 हजार मतक संग तेसर स्थान पर रहलीह। जखनकि 2025क विधानसभा चुनाव मे रेखा कुमारी 46 हजार सं अधिक मत प्राप्त कएने छलथि आ भाजपा 98 हजार सं अधिक मत सं विजयी भेल छल। ओहि चुनाव मे जन सुराजकें मात्र 7 हजार सं किछु अधिक मत भेटल छल। एक वर्ष सं कम समय मे भेल ई परिवर्तन राजनीतिक विश्लेषक सभक ध्यान आकर्षित कएने अछि। विश्लेषक सभक अनुसार बांकीपुर उच्च जातिक प्रभाव बला शहरी क्षेत्र मानल जाइत अछि, मुदा एतय यादव आ मुस्लिम मतदाता सभक संख्या सेहो उल्लेखनीय अछि। मानल जा रहल अछि जे भाजपा कें हराबयक उद्देश्य सं राजदक पारंपरिक मतदाता सभक एक वर्ग प्रशांत किशोरक समर्थन मे मतदान कएने होयत। एहि परिणामक बाद विपक्षी दल सभ मे ई धारणा सेहो मजबूत भेल अछि जे भाजपा अपन परंपरागत मजबूत सीट सभ पर सेहो चुनौतीक सामना कए सकैत अछि। एकरा सं आगामी राजनीतिक मुकाबला मे



विपक्षी दल सभक मनोबल बढ़बाक चर्चा अछि। उपचुनाव परिणाम पर प्रतिक्रिया दैत विधानसभा मे विपक्षक नेता तेजस्वी यादव भाजपा पर निशाना साधलनि। ओ कहलनि जे बांकीपुरक परिणाम सं स्पष्ट भए गेल अछि जे बिहार आ उत्तर भारत मे भाजपा कें पराजित कएल जा सकैत अछि। राजद सांसद सुधाकर सिंह कहलनि जे परिणाम सरकार प्रति लोकक असंतोषक संकेत अछि आ भाजपा लेल आगामी समय चुनौतीपूर्ण रहत। मुदा राजदक कतेको वरिष्ठ नेता अनौपचारिक रूप सं मानैत छथि जे एहि परिणामक बाद पाटीर्कें अपन चुनावी रणनीतिक समीक्षा करबाक आवश्यकता अछि। पार्टीक एक वरिष्ठ नेता कहलनि जे बांकीपुर भाजपा लेल मजबूत क्षेत्र रहल अछि, तेँ राजद पहिनेसं जीतक संभावना कम मानि रहल छल। मुदा चुनावक दौरान एहन वातावरण बनल जे बहुत मतदाता सभ भाजपा कें हराबए लेल प्रशांत किशोरकें अधिक सक्षम विकल्प बुझलनि। ओ कहलनि जे पार्टी लेल चिंता ई अछि जे भाजपा विरोधी भावना मे राजदक किछु परंपरागत मतदाता सेहो जन सुराज दिस आकर्षित भेलाह। मुदा सकारात्मक पक्ष ई अछि जे एहि परिणाम सं कार्यकर्ता सभकें विश्वास भेटत जे मजबूत क्षेत्र मे सेहो भाजपा कें चुनौती देल जा सकैत अछि। राजदक एक अन्य वरिष्ठ नेता कहलनि जे एहि परिणाम कें पार्टीक आधार मतदाता सभक स्थायी बदलावक रूप मे नहि देखबाक चाही। हुनकर अनुसार राजद एखनहुं मजबूत संगठनात्मक आधार बला दल अछि आ जन सुराजकें राज्यव्यापी स्तर पर एखन बहुत संगठनात्मक विस्तार करबाक आवश्यकता अछि। दोसर दिस भाजपा नेता सभ मानैत छथि जे ई हारि तत्काल झटका जरूर अछि, मुदा दीर्घकाल मे जन सुराजक उभार भाजपा विरोधी मतक विभाजनक कारण सेहो बनि सकैत अछि। भाजपा सूत्रक अनुसार पार्टी स्थानीय कारण, प्रत्याशी परिवर्तन, युवा असंतोष आ अन्य राजनीतिक परिस्थितिक कारण एहि उपचुनाव मे पराजित भेल। राजनीतिक विश्लेषक सभक मानब अछि जे बांकीपुर उपचुनाव केवल एकटा विधानसभा सीटक परिणाम नहि, बल्कि बिहारक बदलैत राजनीतिक समीकरणक संकेतक रूप मे सेहो देखल जा रहल अछि। आगामी विधानसभा चुनाव मे ई परिणाम विभिन्न राजनीतिक दल सभक रणनीति पर महत्वपूर्ण प्रभाव डालि सकैत अछि।

# बाल हृदय योजना बनल वरदान : समस्तीपुरक 106 बच्चा कें भेटल नव जीवन

## जांच सं लए दवाइ धरि भेटल निःशुल्क

समस्तीपुर, समदिया

आर्थिक अभावक कारण जाहि परिवार सभ लेल बच्चा सभक हृदय रोगक उपचार करेनाइ असंभव बुझाइत छल, हुनक लेल केंद्र आ राज्य सरकारक बाल हृदय योजना जीवनदायिनी सिद्ध भए रहल अछि। समस्तीपुर जिला मे अप्रैल 2021 सं जुलाई 2026 धरि जन्मजात हृदय रोग सं पीड़ित 167 बच्चाकपहचान कए विशेषज्ञ अस्पताल सभ मे उपचार लेल पठाओल गेल। एहि मे 106 बच्चाक सफल हृदयशल्यचिकित्सा भए चुकल अछि, जखन कि शेष बच्चासभक उपचार विभिन्न चरण मे जारी अछि। योजनाक अंतर्गत स्क्रीनिंग, विशेषज्ञ जांच, शल्यचिकित्सा, दवाइ, अस्पताल मे भर्ती तथा फॉलोअप धरिक संपूर्ण खर्च सरकार वहन करैत अछि। एहि कारण आर्थिक रूप सं कमजोर परिवार सभ कें पैघ राहति भेटल अछि। स्वास्थ्य विभागक अनुसार, जिला सं चयनित बच्चासभक उपचार देशक प्रमुख हृदय संस्थान




सभ मे कराओल गेल। सभ सं बेसी 51 बच्चाक सफल शल्यचिकित्सा श्री सत्य साईं हार्ट हॉस्पिटल, अहमदाबाद मे भेल। एकरा अतिरिक्त इंदिरा गांधी हृदय रोग संस्थान (आईजीआईसी), पटना मे 26, मेदांता अस्पताल मे 22 तथा आईजीआईएमएस, पटना मे सात बच्चाक सफल शल्यचिकित्सा कएल गेल। शेष61 बच्चासभक उपचार आ शल्यचिकित्साक प्रक्रिया जारी अछि। उजियारपुर प्रखंडक रायपुर पंचायतनिवासी राजेश पासवान बतौलनि जे हुनक पुत्र आदर्श कुमारक जन्मक किछु मास बाद चिकित्सक सभ हृदय मे छेद होएबाक जानकारी देने छलाह। निजी अस्पताल मे लाखौं

» हृदय रोग सं पीड़ित 167 बच्चाक पहिचान, 106 केर सफल शल्यचिकित्सा

रुपैयाक उपचार खर्च सुनि परिवार चिंतित भए गेल। राजमिस्त्रीक काज कएनिहार राजेशक लेल ई उपचार संभव नहि छल। एहि बीच स्वास्थ्य विभागक माध्यम सं बाल हृदय योजनाक जानकारी भेटल। योजनाक अंतर्गत आदर्श कें अहमदाबाद पठाओल गेल, जतय सफल शल्यचिकित्साक बाद ओ आब पूर्ण रूपें स्वस्थ अछि। राजेशक कहब अछि जे यदि ई योजना नहि रहितै तं पुत्रक उपचार करेनाइ संभव नहि होइत। सरायरंजन निवासी हरिंदर चौरसिया बतौलनि जे हुनक पुत्र आदित्य राजक रोगक पहचान जिला स्तरीय स्क्रीनिंगक दौरान भेल। विशेषज्ञ जांचक उपरांत सफल शल्यचिकित्सा कएल गेल। हुनक अनुसार संपूर्ण उपचार मे एकोटा रुपैया खर्च नहि भेल। एहिना वारिसनगर निवासी विनेश पासवानक पुत्र श्रेयांश राजक सेहो एहि योजनाक अंतर्गत सफल उपचार भेल। स्वास्थ्य विभागक टीम समय पर रोगक पहचान कएलक आ संपूर्ण उपचार निःशुल्क उपलब्ध कराओलक। राष्ट्रीय बाल स्वास्थ्य कार्यक्रम (आरबीएसके) अंतर्गत जन्म सं 18 वर्ष धरिक बच्चासभक नियमित स्वास्थ्य जांच कएल जाइत अछि। शून्य सं छह वर्ष धरिक बच्चासभक जांच आंगनबाड़ी केंद्र सभ पर तथा छह सं 18 वर्ष धरिक बच्चासभक जांच विद्यालय सभ मे आयोजित स्वास्थ्य शिविरक माध्यम सं होइत अछि। जांच मे जन्मजात हृदय रोगक पुष्टि भेलापर बच्चा सभ कें विशेषज्ञ अस्पताल सभ मे रेफर कएल जाइत अछि। बाल हृदय योजनाक अतिरिक्त राष्ट्रीय बाल स्वास्थ्य कार्यक्रम अंतर्गत बच्चा सभ मे 38 प्रकारक रोगक निःशुल्क जांच आ उपचारक सुविधा उपलब्ध अछि। एहि मे जन्मजात हृदय रोग, कटल ओंठ आ तालु, आंखि, कान, दांत, त्वचा रोग, एनीमिया, टीबी, श्वसन संबंधी रोग तथा जन्मजात दिव्यांगता सं जुड़ल विभिन्न रोग शामिल छथि। सिविल सर्जन डॉ. राजीव कुमार बतौलनि जे जिला मे आबधरि 167 बच्चा कें उपचार लेल चयनित कए विशेषज्ञ संस्थान सभ मे पठाओल गेल अछि। एहि मे 106 बच्चाक सफल शल्यचिकित्सा भए चुकल अछि आ सभ स्वस्थ छथि। हुनक कहब अछि जे समय पर जांच आ उपचार सं अधिकांश जन्मजात हृदय रोग पूर्ण रूपें ठीकभए सकैत अछि। ओ अभिभावक सभ सं अपील कएलनि जे यदि बच्चा मे सांस फूलनाइ, वजन नहि बढ़नाइ, शीघ्र थाकि जेनाइ, बेर-बेर बेमार पड़नाइ अथवा अन्य असामान्य लक्षण देखाइ दे तं बिना देरी सरकारी अस्पताल मे जांच कराबथि। समय पर रोगक पहचान भेला पर बच्चा सभ कें निःशुल्क उपचारक लाभ उपलब्ध कराओल जा सकैत अछि।

# करंट लागला सं मजदूरक भेल मृत्यु

समस्तीपुर/शिवाजीनगर, समदिया

शिवाजीनगर प्रखंड अंतर्गत घिवाही पंचायतक वार्ड संख्या-11 मे मंगलदिन भेल एक दर्दनाक दुर्घटना सं संपूर्ण गाम शोक मे डूबि गेल। चापाकल सं पानि लेबय गेल एक मजदूरक कटल विद्युत तारक चपेट मेआबि घटनास्थले मृत्यु भए गेल। घटनाक बाद गाम मे अफरातफरी मचि गेल, जखन कि मृतककपरिजनसभक रोदन-सिसकी सं वातावरण गमगीन भए उठल। सूचना भेटिते शिवाजीनगर थाना पुलिसघटनास्थल पर पहुंचि आवश्यक कानूनी प्रक्रिया पूर्ण कए शव कें पोस्टमार्टम लेल सदर अस्पताल,समस्तीपुर पठा देलक। मृतकक पहचान घिवाही पंचायतक वार्ड संख्या-11 निवासी श्रीचंद्र मुखियाक 55वर्षीय पुत्र सीताराम मुखियाक रूप मे भेल अछि। ओ मेहनत-मजदूरी कए अपन परिवारक भरण-पोषण करैत छलाह आ अपन सादगी तथा परिश्रमी स्वभावक कारण गाम मे सम्मानित मानल जाइत छलाह।वार्ड संख्या-11क वार्ड सदस्य तथा मृतकक फुफेरा भाइ संजय कुमारक अनुसार मंगलदिन दुपहरियासीताराम मुखिया घरक समीप स्थित चापाकल पर पानि लेबय गेल छलाह। चापाकलक लगल मोटरकविद्युत तार एक स्थान पर कटि गेल छल आ ओ पानि भरल माटि मे पड़ल छल। पानि आ माटिककारण तार स्पष्ट रूपें देखाइ नहि पड़ैत छल। एहि क्रम मे अनजान मे सीताराम मुखियाक पैर कटल तार पर पड़ि गेल। तार मे विद्युत प्रवाह रहबाक कारण ओ तीव्र करन्टक चपेट मे आबि घटनास्थले खसिपड़लाह। घटना देखिते आसपासक लोक सभ मे हड़कंप मचि गेल। ग्रामीण सभ तत्काल विद्युत आपूर्तिबंद करबाक प्रयास कएलनि आ कठिन परिश्रम सं हुनका करन्टक चपेट सं बाहर निकाललनि। तत्पश्चात्हुनक प्राण बचाबयक प्रयास कएल गेल, मुदा ताबे बहुत देरी भए चुकल छल। लोक सभ तत्काल पुलिस कें घटनाक सूचना देलक।



पुलिस घटनास्थल पर पहुंचि शवक पंचनामा तैयार कए पोस्टमार्टम लेल सदर अस्पताल, समस्तीपुर पठा देलक। पुलिस संपूर्ण घटनाक जांच मे जुटल अछि। ग्रामीण सभ एहिहृदयविदारक दुर्घटनापर गंभीर दुःख व्यक्त करैत विद्युत व्यवस्थाक नियमित जांच करबाक तथा खुललअथवा कटल तार सभ कें अविलंब हटाबयक मांग कएलनि। हुनक कहब अछि जे समय पर कटल विद्युततारक मरम्मति कएल गेल रहितै तं एक परिश्रमी मजदूरक प्राण बचि सकैत छल। थानाध्यक्ष रवींद्र कुमार कहलनि जे घटनाक सूचना भेटिते पुलिस पदाधिकारी कें घटनास्थल पर पठाओल गेल छल। शव कें कब्जा मे लए पोस्टमार्टम लेल पठा देल गेल अछि। आगूक आवश्यक कारबाइ कएल जा रहल अछि।

# झारखंड-बिहार प्रदेश माहेश्वरी सभाक प्रदेश कोषाध्यक्ष बनलाह कृष्ण कुमार लखोटिया

समस्तीपुर, रोसड़ा, समदिया

रोसड़ाक प्रतिष्ठित व्यवसायी तथा चेंबर ऑफ कॉमर्सक अध्यक्ष कृष्ण कुमार लखोटिया कें झारखंड-बिहार प्रदेश माहेश्वरी सभाक प्रदेश कोषाध्यक्ष मनोनीत कएल गेल अछि। हुनक चयन मुजफ्फरपुर मे आयोजित प्रदेश कार्यकारिणीक बैसार उत्कर्ष-2026क दौरान निर्वाचन पदाधिकारी पवन मंत्री द्वारा कएल गेल। हुनकमनोनयन सं रोसड़ा सहित संपूर्ण क्षेत्रक व्यवसायी सभ आ समाजक लोक सभ मे हर्षक वातावरण अछि।बैसार मे मुजफ्फरपुरक मनोज डागा कें प्रदेश अध्यक्ष, रांचीक नरेंद्र लखोटिया कें प्रदेश सचिव, गुलाबबागक सुमित लोहिया कें संगठन मंत्री तथा आदित्य मूंदड़ा कें मीडिया प्रभारीक दायित्व देल गेल। कार्यक्रमक उद्घाटन भारत सरकारक जल शक्ति राज्यमंत्री डॉ. राज भूषण चौधरी कएलनि। अपन संबोधन मे ओ माहेश्वरी समाजक देशभक्ति, सामाजिक सेवा तथा




व्यापारिक योगदानक सराहना करैत कहलनि जे ई समाज रोजगार सृजन मे महत्वपूर्ण भूमिका निभबैत अछि। ओ अपन गृह क्षेत्र रोसड़ाकनिवासी कृष्ण कुमार लखोटिया कें प्रदेश कोषाध्यक्ष मनोनीत होएबाक अवसर पर विशेष बधाई आशुभकामना देलनि। कोलकाता सं आएल पूर्वांचलक निर्वाचन पदाधिकारी कृष्ण मुरारी तापुरिया सभ नव- निर्वाचित पदाधिकारी सभ कें पदक गरिमा बनौने रखैत निष्ठापूर्वक अपन दायित्व निर्वहन करबाक शपथदिलौलनि।कृष्ण कुमार लखोटियाक मनोनयन पर माहेश्वरी समाज, व्यापारिक संगठन तथा विभिन्न सामाजिक आ राजनीतिक संगठनसभक प्रतिनिधि सभ प्रसन्नता व्यक्त कएलनि। बधाई देनिहार सभ मे सभाक निवर्तमान अध्यक्ष राजकुमार मारू, टाटानगरक छितरमल धूत, रोसड़ा मारवाड़ी समाजक डॉ. महेश कुमार लखोटिया, विनोद कुमार शर्मा, दुर्गा प्रसाद गुप्ता, मामराज अग्रवाल, नितेश सर्राफ, मानमल गुप्ता, आशुतोष लखोटिया, शंभू कानोड़िया, सुशील अग्रवाल, भाजपा नगर अध्यक्ष महेश कुमार मालू, अनीश राज, वरिष्ठ लोक मंचक शिवशंकर प्रसाद सिंह, परमानंद मिश्र, रामेश्वर पूर्वे तथा रोसड़ा चेंबर ऑफ कॉमर्सक रमेशगामी, विनोद देव आ अजय महतो सहित कतेको गणमान्य व्यक्ति शामिल छलाह। कृष्ण कुमार लखोटियाक ई मनोनयन रोसड़ाक लेल गौरवक विषय मानल जा रहल अछि। लोक सभ विश्वास व्यक्त कएलनि जे हुनक नेतृत्व आ अनुभव सं झारखंड-बिहार प्रदेश माहेश्वरी सभा कें नव ऊर्जा भेटत तथा समाजक संगठनात्मक आ सेवामूलक गतिविधि सभ कें नव गति प्राप्त होएत।

# चारि पंचायत मे आइ लागत सहयोग शिविर

## प्रशासनिक अधिकारी सुनताह जनसमस्या आ ठामहि होयत समाधान

समस्तीपुर, शिवाजीनगर, समदिया

शिवाजीनगर प्रखंड अंतर्गत चारि पंचायत मे आमजनक समस्यासभक त्वरित समाधान आ सरकारी योजनाक लाभ अंतिम व्यक्तिधरि पहुंचयबाक उद्देश्य सं आइ बुधदिन सहयोग शिविरक आयोजन कएल जाएत। शिविर कें लए संबंधित पंचायत सभ मे सभ आवश्यक तैयारी पूर्ण कएल जा चुकल अछि। प्रखंड प्रशासन सभ विभागक पदाधिकारी आ कर्मी सभ कें निर्धारित समय सं पूर्व शिविर स्थल पर उपस्थित होयबाक निर्देश देने अछि, जाहि सं लोक सभ कें कोनो प्रकारक असुविधाक सामना नहि करय पड़य।शिविरक दौरान विभिन्न विभाग सं संबंधित शिकायत सभ सुनल जाएत आ यथासंभव स्थल परेसमाधानक पहल कएल जाएत। बीडीओ वीरेंद्र कुमार सिंह बतौलनि जे आइ बुधदिन पहिने बिहान 11 बजे दहियार रन्ना पंचायत मे सहयोग शिविरक शुभारंभ होएत। एकर बाद परसा पंचायत मे दिनक 12:30 बजे सं शिविर आयोजित कएल जाएत। एहि दुनू पंचायत मे प्रतिनियुक्त पदाधिकारीक रूप मे रोसड़ा एसडीओ संदीप कुमार आ रोसड़ा एसडीपीओ संजय कुमार सिन्हा उपस्थित रहताह। दुनू वरीय अधिकारी शिविरक गतिविधिसभक निगरानी करताह आ आमजनक समस्या सभ




सुनि संबंधित विभाग सभ कें आवश्यक निर्देश देताह। एकर उपरांत घिवाही पंचायत सरकार भवन परिसर मे दिनक लगभग 2 बजे सहयोग शिविर आयोजित होएत। ओतहि दसौत पंचायतक नवनिर्मित पंचायत सरकार भवन मे अपराह्न 3:15 बजे सं शिविर लागत। एहि दुनू पंचायत मे प्रतिनियुक्त पदाधिकारीक रूप मे समस्तीपुरक वरीय उपसमाहर्ता धर्मराज तथा शिवाजीनगर थानाध्यक्ष रवींद्र कुमार उपस्थित रहताह। प्रशासनिक अधिकारीसभक उपस्थिति मे विभिन्न विभाग सं संबंधित मामलासभक निष्पादन प्राथमिकताक आधार परकएल जाएत, जाहि सं लोक सभ कें कार्यालयक बेर-बेर चक्कर नहि लगाबय पड़य। दहियार रन्ना पंचायतक मुखिया रिंकू देवी, परसा पंचायतक मुखिया राजकुमारी देवी, घिवाही पंचायतक मुखिया दुखा मुखिया तथा दसौत पंचायतक मुखिया नटवर राय संयुक्त रूप सं बतौलनि जे सहयोग शिविर कें लए सभ तैयारी पूर्ण कएल जा चुकल अछि। शिविर स्थल पर आवश्यक व्यवस्था सभ सुनिश्चित कएल गेल अछि, जाहि सं आबयवला लोक सभ कें कोनो प्रकारक कठिनाइ नहि होइ। बीडीओ वीरेंद्र कुमार सिंह कहलनि जे सहयोग शिविरक मुख्य उद्देश्य आम नागरिक सभ कें एक्कहि स्थान पर विभिन्न विभागसभक सेवा उपलब्ध करेनाइ आ हुनक समस्यासभक त्वरित समाधान सुनिश्चित करेनाइ अछि। एहि लेल सभ विभागक पदाधिकारी आ कर्मीसभक प्रतिनियुक्ति कएल गेल अछि। ओ स्पष्ट निर्देश देलनि जे सभ अधिकारी आ कर्मचारी निर्धारित समय सं पूर्व शिविर स्थल पर पहुंचि अपन दायित्वक निर्वहन करथि। हुनका अनुसार शिविर मे राजस्व, सामाजिक सुरक्षा, शिक्षा, स्वास्थ्य, कृषि, मनरेगा, बाल विकास, विद्युत, आपूर्ति, पेयजल, पंचायत, आवास सहित अन्य विभागसभक प्रतिनिधि उपस्थित रहताह। शिविरक माध्यमसं सरकारक जनकल्याणकारी योजनासभक लाभ पात्र व्यक्ति सभ धरि पहुंचाओल जाएत तथा शिकायतसभक प्रभावकारी आ पारदर्शी ढंग सं निस्तारण कएल जाएत, जाहि सं प्रशासन आ आमजनक बीच नीक समन्वय स्थापित भए सकय।

# घूसकांड आ अवैध हथियार मामिला मे सीबीआईक पूछताछ तेज

## रेल मंडलक सहायक कार्मिक पदाधिकारी कें बेऊर जेल सं रिमांड पर समस्तीपुर आनल गेल

समस्तीपुर, समदिया

समस्तीपुर रेल मंडलक चर्चित घूसकांड मे गिरफ्तार सहायक कार्मिक पदाधिकारी (एपीओ-2) अरुण मंडल कें केंद्रीय अन्वेषण ब्यूरो (सीबीआई) पटना बेऊर केंद्रीय कारागार सं रिमांड पर समस्तीपुर आनने अछि।मंगलदिन सीबीआईक टीम नगर थाना पुलिसक उपस्थिति मे हुनक सं पूछताछ आरंभ कएलक। जांचएजेन्सी आब कथित घूस लेबाक आरोप, सरकारी आवास सं बरामद अवैध हथियार तथा संभावित विभागीय मिलीभगत सं संबंधित विभिन्न पक्ष सभ पर जानकारी जुटाबय मे लागल अछि। सीबीआईक अनुसार, अरुण मंडल कें 23 जुलाई कें समस्तीपुर रेल मंडल कार्यालय मे कथित रूपें 50 हजार रुपैया घूसलैत रंगेहाथ गिरफ्तार कएल गेल छल। आरोप अछि जे रेलवेक देयक (डीलिंग) लिपिक अमृत राज सं सेवा सं संबंधित कार्यक बदला एक लाख रुपैया घूसक मांग कएल गेल छल। शिकायतक आधार पर सीबीआई जाल



बिछौने छल आ कथित रूपें पहिल किस्तक रूप मे 50 हजार रुपैया स्वीकार करैत समय हुनका गिरफ्तार कएल गेल। जांच सं जुड़ल सूत्रसभक अनुसार शिकायत प्राप्त भेलाक बाद सीबीआई लगभग 45 दिन धरि संपूर्ण मामिलाक सत्यापन कएलक। बातचीत आ लेन-देन सं संबंधित तथ्यसभक गोपनीय निगरानीक उपरांत ट्रैपक योजना बनाओल गेल। निर्धारित रणनीतिक अनुसार 23 जुलाई कें कारबाइ करैत आरोपित अधिकारी कें गिरफ्तार कएल गेल। एकर बाद रेल मंडल कार्यालय मे कतेको घंटासं दस्तावेज आ इलेक्ट्रॉनिक अभिलेखसभक जांच कएल गेल। गिरफ्तारीक उपरांत सीबीआई आरोपितकसरकारी आवासक तलाशी लेलनि। तलाशी मे एकटा पिस्तौल, दूटा मैगजीन आ नवटा जीवित कारतूस बरामद भेलाक बात सामने आएल। एकर बाद नगर थाना मे आर्म्स एक्टक अंतर्गत अलग प्राथमिकी दर्ज कएल गेल। आब सीबीआई ईहो जांच कए रहल अछि जे बरामद हथियार कतय सं आएल आ ओकर उद्देश्य की छल। रिमांडक अवधि मे सीबीआई एहि बातक पड़ताल कए रहल अछि जे कथित घूसक मांग मात्र व्यक्तिगत स्तर पर छल वा एकर पाछां कोनो पैघ नेटवर्क सक्रिय छल। एजेन्सी ईहो जांच कए रहल अछि जे रेलवे मे सेवा सं संबंधित मामलासभक निस्तारणक नाम पर योजनाबद्ध ढंग सं अवैध वसूली कएल जाइत छल कि नहि। संगहि बरामद हथियारक स्रोत आ एकर सं जुड़ल अन्य तथ्यसभक सेहो गहन जांच कएल जा रहल अछि।

# नाग पंचमी पर नदी सं निकालल गेल विषधर, गला मे लपेटि निकालल गेल शोभायात्रा

समस्तीपुर, समदिय

नाग पंचमीक अवसर पर मंगल दिन जिलाक खानपुर बजार स्थित विषहर स्थान तथा समस्तीपुर-बहेड़ी मुख्य मार्ग पर अवस्थित मनवारा गामक विषहर मंदिर मे आस्था, लोक परंपरा आ रोमांचक अद्भुतसंगम देखबा लेल भेटल। सदियो पुरान परंपराक निर्वाह करैत भगत सभ बूढ़ी गंडक नदी मे स्नान कयलनि आ धार्मिक मान्यताक अनुसार विषधर सांप सभ कें हाथ मे लए मंदिर पहुंचलाह। पूजा-अर्चनाक उपरांत विषधर नागसभक संग शोभायात्रा निकालल गेल, जाहि कें देखबा लेल हजारो श्रद्धालुक भीड़ उमड़ि पड़ल। भोरहि सं बूढ़ी गंडक नदीक घाट पर श्रद्धालुसभक भीड़ जुटए लागल। हर-हर महादेव आ जय विषहरी माता केर जयघोषक बीच भगत सभ पहिने नदी मे स्नान कयलनि। एकरा बाद पारंपरिक मान्यताक अनुसार नदी सं विषधर



सांप सभ निकालल गेल। सांप सभ कें हाथ आ गला मे धारण कए श्रद्धालु सभ विषहर स्थान पहुंचलाह, जतय विशेष पूजा-अर्चना कयल गेल। मंदिर परिसर मे नाग देवता कें दूध, लावा आ अन्य पूजन सामग्री अर्पित कयल गेल। खानपुर स्थित विषहर स्थान पर पुजारी रामदेव महतो भगतआ सीताराम पंडित पूजा-अर्चना संपन्न करौलनि। पूजा उपरांत दुनू गोटे धार्मिक परंपराक निर्वाह करैतविषधर सांप सभ कें हाथ आ गला मे धारण कए श्रद्धालुसभक समक्ष पारंपरिक प्रदर्शन कयलनि। एहि दौरान मंदिर परिसर मे उपस्थित लोक सभ पूरा आयोजन अपन मोबाइल फोन मे कैद करैत देखल गेलाह। बड़ संख्या मे महिला, पुरुष आ बच्चा सभ पूजा-अर्चना मे सहभागी बनलाह। एकरा बाद विषधर नागसभक संग खानपुर बजार सं शोभायात्रा निकालल गेल। सड़कक दुनू कात श्रद्धालुसभक भीड़ लागलरहल। अनेको लोक अपन घर आ दोकानक छत सं सेहो एहि आयोजनक अवलोकन कयलनि। पूरा बजार मे मेला जेकां वातावरण बनल रहल। ओम्हर समस्तीपुर-बहेड़ी मुख्य मार्ग पर स्थित मनवारा गामक विषहर मंदिर मे सेहो नाग पंचमीक अवसर पर वर्षो पुरान परंपराक निर्वाह कयल गेल। एतय पुजारी रामचंद्र भगत विशेष पूजा-अर्चनाक उपरांत विषधर सांपसभक संग धार्मिक अनुष्ठान संपन्न करौलनि। आसपासक गाम सभ सं आयल हजारो श्रद्धालु सभ आयोजन मे सहभागी बनि नाग देवताक पूजा कए परिवारक सुख-समृद्धिक कामना कयलनि। नाग पंचमीक अवसर पर वन्यजीव संरक्षण कानून कें ध्यान मे रखैत प्रशासन आ वन विभाग लोक सभ सं जंगली सांप नहि पकड़बाक आ हुनकर सार्वजनिक प्रदर्शन नहि करबाक अपील करैत रहल। तथापि खानपुर आ मनवारा मे पारंपरिक रीति सं एहि आयोजनक निर्वाह कयल गेल। स्थानीय लोकसभक कहब अछि जे ई परंपरा वर्षों सं चलैत आबि रहल अछि आ मिथिलाक सांस्कृतिक धरोहरक महत्वपूर्ण अंश अछि। आयोजन कें सफल बनाबय मे रामविलास महतो, कैलाश महतो, भवेश महतो, किसुन प्रसाद, अकलूराय, दिलीप महतो, दिलीप कुमार, रामलखन महतो सहित बड़ संख्या मे ग्रामीण सभ सक्रिय भूमिका निभौलनि। दिनभर मंदिर परिसर आ बजार क्षेत्र मे श्रद्धालुसभक आवागमन बनल रहल। नाग पंचमीक ई आयोजन एक बेर फेर मिथिलांचलक लोकआस्था, धार्मिक परंपरा आ सांस्कृतिक विरासतक अनूठ झांकी प्रस्तुत कयलक।

# दू मासक नन्हकी पुत्री बनली पिताक आस्थाक संगिनी

## डोली मे बैसाकए दंडवत यात्रा पर निकलीह... देलनि बेटी सम्मानक भावुक संदेश

भागलपुर, प्रदीप विद्रोही, समदिया

कहल जाइत अछि जे जखन आस्थाक संग प्रेम जुड़ि जाइत अछि, तं यात्राक प्रत्येक कदम प्रेरणाक उदाहरण बनि जाइत अछि। एहि वर्ष श्रावणी मेला मे सुल्तानगंज-बाबाधाम कच्ची कांवरिया पथ पर एहनहि एक भावुक दृश्य लोकसभक ध्यान आकर्षित कए रहल अछि। एक पिता अपन मात्र दू मासक मासूम पुत्री कें डोली मे बैसाकए दंडवत यात्रा करैत बाबा बैद्यनाथ धाम दिस अग्रसर छथि। एहि दृश्य कें देखि राहगीरसभक आंखि नम भए जाइत अछि आ सभ कियो एहि अनूठी श्रद्धा कें नमन कए रहलछथि। मुजफ्फरपुर निवासी मिथिलेश कुमार बतौलनि जे गत वर्ष बाबा बैद्यनाथ धाम मे हुनका एक संकल्प लेलनि। ओ बाबा सं



पुत्री रत्नक कामना करैत प्रण केने छलाह जे यदि हुनक घर पुत्रीक जन्म होयत, तं आगांक श्रावणी यात्रा मे ओ अपन पुत्री कें संग लए दंडवत करैत बाबा बैद्यनाथक दरबार धरिपहुंचताह। वर्ष 2026 मे हुनकर ई मनोकामना पूर्ण भेल आ आब ओ पूर्ण श्रद्धा, विश्वास आ समर्पणक संग अपन संकल्प पूरा कए रहल छथि। मिथिलेश कुमारक कहब अछि जे हुनक परिवार मे पहिने सं एकपुत्र अछि, मुदा पुत्रीक जन्म हुनक जीवन मे नव आनंद आ पूर्णताक अनुभूति देने अछि। एहि कारण ओ अपन नन्हकी पुत्री कें एहि पावन यात्राक सहभागी बनेलनि। मासूम बच्ची कें कोनो प्रकारक असुविधा नहिहोइ, एकरा लेल डोली मे पंखा, प्रकाश व्यवस्था आ सौर ऊर्जा सं चलयबला आवश्यक सुविधासभक प्रबंध कएल गेल अछि, जाहि सं संपूर्ण यात्रा सुरक्षित आ आरामदायक बनल रहय। कच्ची कांवरिया पथ पर जखन ई डोली आगू बढ़ैत अछि, तं श्रद्धालु सभ अनायास ठमकि जाइत छथि। कियो एहि अनूठी आस्थाकें अपन कैमरा मे कैद करैत छथि तं कियो पिताक समर्पण आ पुत्रीक प्रति हुनक स्नेह देखि भावुक भए उठैत छथि। सभक मुख पर एक्के बात सुनाइ पड़ैत अछि— बेटी सभ वास्तव मे परिवारक सभ सं पैघसुख होइत छथि। मिथिलेश कुमारक ई दंडवत यात्रा मात्र धार्मिक आस्थाक उदाहरण नहि, बल्कि समाज लेल एक सशक्त संदेश सेहो अछि। ई यात्रा बतबैत अछि जे बेटी सभ सम्मान, स्नेह आ समानअधिकारक अधिकारी छथि। हुनकर ई अनूठ प्रयास श्रद्धाक संग-संग बेटी बचाउ, बेटी पढ़ाउ आ बेटी सम्मानक भावना कें सेहो नव बल प्रदान कए रहल अछि।

# 115 किलोमीटरक डाक बम यात्रा, 15 घंटाक तपस्या

## पूर्व आईपीएस शिवदीप लांडे निभौलनि संकल्प, बाबा बैद्यनाथक कएलनि जलाभिषेक

सुल्तानगंज, समदिया

साओनक प्रथम सोमदिन पूर्व आईपीएस अधिकारी शिवदीप लांडे अपन अटूट आस्था आ दृढ़ संकल्पक अनुपम उदाहरण प्रस्तुत कएलनि। ओ सुल्तानगंज सं देवघर स्थित बाबा बैद्यनाथ धाम धरि लगभग 115 किलोमीटरक डाक बम यात्रा बिना कतहु विश्राम कए लगभग 15 घंटा मे पूर्ण कए बाबा बैद्यनाथकजलाभिषेक कएलनि। शिवदीप लांडे एहि आध्यात्मिक यात्राक जानकारी अपन सोशल मीडिया एकाउंटकमाध्यम सं साझा कएलनि। ओ लिखलनि जे भगवान भोलेनाथ हुनक परम आराध्य छथि। बहुत दिनपहिने सं हुनकर संकल्प छल जे एक दिन सुल्तानगंज सं देवघर धरिक कठिन डाक बम यात्रा दौड़ैत पूरा करथि। हुनक अनुसार बाबा भोलेनाथक असीम कृपा, शक्ति आ आशीर्वादक बल पर ई संकल्प सफल भएसकल। साओन मास मे डाक बम यात्रा सभ सं कठिन धार्मिक यात्रा सभ मे सं एक मानल जाइत अछि। श्रद्धालु सभ सुल्तानगंज सं गंगाजल भरि बिना कतहु रुकने आ बिना कलश कें भूमिपर रखने बाबा बैद्यनाथ धाम पहुंचैत छथि। एहन स्थिति मे लगभग 115 किलोमीटरक दूरी मात्र 15 घंटा मे पूरा करब शिवदीप लांडेक



शारीरिक क्षमता, मानसिक दृढ़ता आ अटूट श्रद्धाक परिचायक मानल जा रहल अछि।शिवदीप लांडेक एहि यात्राक तस्वीर आ पोस्ट सोशल मीडिया पर तेजी सं वायरल भए रहल अछि। पैघ संख्या मे लोक हुनक श्रद्धा, अनुशासन आ संकल्पक प्रशंसा करैत शुभकामना दए रहल छथि। कतेकोसोशल मीडिया उपयोगकर्ता सभ एकरा युवा सभ लेल प्रेरणादायक बतबैत कहलनि जे लक्ष्यक प्रतिसमर्पण आ अटूट विश्वास रहय तं कठिन सं कठिन चुनौती सेहो पार कएल जा सकैत अछि। साओनकपावन अवसर पर शिवदीप लांडेक ई डाक बम यात्रा श्रद्धालुसभक बीच चर्चाक प्रमुख विषय बनल अछि। लोक सभ विशेष रूप सं हुनक आध्यात्मिक प्रतिबद्धता आ दृढ़ निष्ठाक सराहना कए रहल छथि।

# दिल्ली जेहन रांची मे छात्र सभक आंदोलन, राजनीतिक नेता सभक प्रवेश पर बैन

## 10 दिन सं जयपाल सिंह स्टेडियम मे प्रदर्शन



रांची,समदिया

झारखंडक राजधानी रांचीक जयपाल सिंह स्टेडियम विगत 10 दिन सं छात्र आंदोलनक प्रमुख केंद्र बनल अछि। एतय छात्र सभ दिल्लीक जंतर-मंतर मे भेल आंदोलनक तर्ज पर शांतिपूर्ण प्रदर्शन कए रहल छथि। ई छात्र सभ झारखंड मे जेपीएससी-जेएसएससी परीक्षा सभ मे कथित अनियमितताक विरोध मेआंदोलनरत छथि। सरकार धरि अपन बात पहुंचाबए लेल ओ सभ विगत 10 दिन मे मशाल जुलूस सहित विभिन्न माध्यम अपनौने छथि। 10 दिनक आंदोलनक बाद राज्य सरकार छात्र सभ सं बातचीत लेल तैयार भए गेल अछि। सरकार एहिलेल एकटा उच्चस्तरीय समिति गठन करबाक निर्णय लेने अछि। ई समिति उच्च शिक्षा मंत्री सुदिव्य कुमार सोनू आ गृह विभागक अपर मुख्य सचिव वंदना दादेलक देखरेख मे काज करत। समिति मे किछु मंत्री, नेता आ आईएएस अधिकारी सभ सेहो शामिल रहताह। ई समिति शीघ्र आंदोलनकारी छात्र सभ सं बातचीत करत। एहि संबंध मे गृह विभाग अथवा मंत्रिमंडल सचिवालय दिस सं अधिसूचना जारी होएबाकसंभावना अछि।दिल्लीक छात्र आंदोलनक तर्ज पर चलि रहल एहि आंदोलनक विशेषता ई अछि जे विगत 10 दिन मे छात्रसभ न उग्र भेल छथि, न राजनीतिक बयानबाजी भेल अछि आ ने लाठीचार्जक आवश्यकता पड़ल। एकरमुख्य कारण ई अछि जे छात्र सभ अपन आंदोलन मे राजनीतिक दल सभक प्रत्यक्ष प्रवेश पर रोक लगा देनेछथि। एकरा अतिरिक्त छात्र सभ अपन लेल स्वयं एकटा कोड ऑफ कंडक्ट सेहो निर्धारित केने छथि। एहि आचार संहिताक अनुसार मंच सं राजनीतिक, धार्मिक अथवा जातिगत बयान देब पर रोक अछि।वक्ता सभ मात्र आंदोलनक मूल मुद्दा परहि बाजताह। कोनो व्यक्ति विशेष पर व्यक्तिगत आरोप नहि लगाओल जाएत आ भाषण मे अपशब्दक प्रयोग सं सेहो बचल जाएत। एहि नियम सभक कड़ाई सं पालन करबाक अपील कएल गेल अछि। जयपाल सिंह स्टेडियम मे चलि रहल धरना-सत्याग्रह कें आब व्यापक जनसमर्थन भेटि रहल अछि।आंदोलनरत छात्र सभक रहबाक, भोजन-पानिक व्यवस्था आ अन्य खर्चक चिंता आब कम भए गेल अछि। गुजरात आ दिल्ली सं छात्र सभ लेल ऑनलाइन भोजन बुक कएल जा रहल अछि। डिलिवरी ब्वॉय लगातार भोजन आ पानि पहुंचा रहल छथि। दोसर दिस चैती दुर्गा पूजा समिति विगत पांच दिन सं छात्र सभक भोजनक व्यवस्था कए रहल अछि। एकरा अतिरिक्त दर्जनो संस्था एहि आंदोलन मे सहयोग दए रहल अछि। आंदोलनकारी छात्र सभक अनुसार ई मात्र आंदोलन नहि, बल्कि सत्याग्रह अछि। जेपीएससी-जेएसएससी रिफॉर्म मंच, आईसा आ देवेंद्र महतोक नेतृत्व बला अभ्यर्थी न्याय मंच अलग-अलग कार्यक्रमक माध्यमसं सरकार पर दबाव बना रहल अछि। एहि कारण आब झारखंडक अतिरिक्त दोसर राज्य सभ सं सेहो एहिआंदोलन कें समर्थन भेटि रहल अछि।विभिन्न छात्र संगठन सभ अपन-अपन कार्यक्रमक रूपरेखा तय केने छथि। जेपीएससी-जेएसएससी रिफॉर्म मंच 10 अगस्त कें विधानसभा मार्चक घोषणा केने अछि। दोसर दिस आईसाक कार्यकर्ता सभ आइ सांस्कृतिक कार्यक्रम आयोजित करताह आ 7 अगस्त कें विधानसभा मार्च निकालताह। एहि कार्यक्रम मे दिल्लीक छात्र आंदोलनक प्रमुख चेहरा रहल आईसाक अध्यक्ष नेहा बोरा सेहो शामिल होताह। जेपीएससी-जेएसएससी अभ्यर्थी न्याय मंचक नेता देवेंद्रनाथ महतो लगातार तेसर दिन सेहो भूख हड़ताल पर बैसल छथि। स्वास्थ्य बिगड़ला बावजूद ओ आंदोलन जारी रखबाक घोषणा कएलनि। ओ कहलनि जे आजुक भूख हड़ताल दिशोम गुरु स्वर्गीय शिबू सोरेन कें समर्पित रहत। मंच 6 अगस्त कें विधानसभामार्चक आह्वान केने अछि। आंदोलनकारी सभक दावा अछि जे बिहार, पश्चिम बंगाल, दिल्ली आ गुजरात सहित कतेको राज्य सं छात्र सभ आ सामाजिक संगठन सभक समर्थन भेटि रहल अछि।एहि बीच जयपाल सिंह स्टेडियम मे आंदोलनरत छात्र-छात्रा सभ सं कॉक्रोच जनता पार्टी (सीजेपी)क संस्थापक अभिजीत दीपके भेट कएलनि। ओ छात्र सभक मांग सुनलनि आ कहलनि जे सीजेपी छात्र सभक प्रत्येक जायज मांगक संग ठाढ़ अछि। ओ छात्र सभ सं शांतिपूर्ण ढंग सं आंदोलन जारी रखबाक अपील कएलनि।

» सीजेपीक समर्थन, आब हेमंत सरकार करत बातचीत

# भर्रा एकादश जीतलक पीटर थंगराज मेमोरियल ग्रामीण युवा फुटबॉल चैंपियनशिपक ख़िताब



बोकारो ,समदिया

बोकारो इस्पात संयंत्र के क्रीड़ा एवं नागरिक सुविधा विभागक तत्वावधान मे आयोजित पीटर थंगराज मेमोरियल ग्रामीण युवा फुटबॉल चैंपियनशिप 2026-27 के ख़िताब भर्रा एकादश के टीम जीतिलेलक अछि। ट्रेनीज़ हॉस्टल मैदान मे आयोजित फाइनल मुकाबिला मे भर्रा एकादश के टीम उत्कृष्टखेलक प्रदर्शन करैत परटांड़ के 3-1 सं पराजित कय विजेता ट्रॉफी पर कब्जा जमओलक। एहि अवसर परबीएसएल के निदेशक प्रभारी, अधिशासी निदेशक, अन्य वरीय अधिकारी, क्रीड़ा एवं नागरिक सुविधा विभागक वरीय अधिकारी आ हुनक टीम तथा खेल प्रेमी उपस्थित छलाह। समापन समारोह के दौरान उपस्थित अधिकारी सभ विजेता एवं उपविजेता टीमसभक संग-संग उत्कृष्ट प्रदर्शन करयवला खेलाड़ी सभ कें पुरस्कार वितरित कय हुनकासभक उत्साहवर्धन कयलनि। विजेता टीम के ट्रॉफी, 10,000 रुपैयाक नगद पुरस्कार तथा खेलाड़ी सभ व टीम प्रबंधन हेतु ट्रैक सूट प्रदान कएल गेल, जखनकि उपविजेता टीम के ट्रॉफी, 5,000 रुपैया नगद पुरस्कार तथा ट्रैक सूट दक सम्मानित कएल गेल। एकरा अतिरिक्त टूर्नामेंट के सर्वश्रेष्ठ खेलाड़ी सभ मे नकीब हसन शाह (सर्वश्रेष्ठ मिडफील्डर), कुंदन तुरी(सर्वोच्च स्कोरर -3 गोल), राजीव हंसदा (सर्वश्रेष्ठ स्ट्राइकर), शिवराम टुडू (सर्वश्रेष्ठ डिफेंडर), सुब्रत महतो (सर्वश्रेष्ठ गोलकीपर), सुजय मुर्मू (फाइनल मैच के सर्वश्रेष्ठ खेलाड़ी) तथा सुशील सोरेन (टूर्नामेंट के सर्वश्रेष्ठ खेलाड़ी) के 1,000 रुपैया प्रति खेलाड़ी व सेल सेलम स्टील गिफ्ट प्रदान कय सम्मानित कएल गेल। संगहि अन्य टीमसभक कोच, मैनेजर व रेफरी दल के टी-शर्ट देल गेल। उल्लेखनीय अछि जे एहि टूर्नामेंटक आयोजन बोकारो इस्पात संयंत्र के पूर्व कर्मचारी (1976-1997), अर्जुनपुरस्कार सं सम्मानित, पूर्व ओलंपियन फुटबॉलर तथा वर्ष 1958 मे एशिया के सर्वश्रेष्ठ गोलकीपर रहल स्वर्गीय पीटर थंगराजक स्मृति मे कएल गेल। प्रतियोगिता मे बोकारो ग्रामीण फुटबॉल चैंपियनशिप2025-26 के 8 शीर्ष टीमसभ-भर्रा एकादश, तुपकाडीह, परटांड, झोपड़ो, नरकरा, राधानगर, शिबुटांड़ आसेल फुटबॉल अकादमी भाग लेलक।

# देवघर-गुवाहाटी सीधा हवाई सेवा शुरू, एयरपोर्ट पहुंचल पहिल उड़ानक वाटर सैल्यूटक संग भेल स्वागत

## सप्ताह मे दूनू दिन उड़ान शुरू



देवघर,समदिया

देवघर आ गुवाहाटीक बीच मंगल सं सीधा हवाई सेवा शुरू भए गेल अछि। इंडिगो एयरलाइंस ई सेवा शुरू कएलक अछि, जे फिलहाल सप्ताह मे मंगल आ शुक्र, दूनू दिन संचालित होयत। एहि सेवा सं झारखंड आ पूर्वोत्तर भारतक बीच हवाई संपर्क आरो मजबूत होयत। उड़ान कार्यक्रमक अनुसार, गुवाहाटी सं विमान भोर 9:25 बजे प्रस्थान कए 11:20 बजे देवघर एयरपोर्ट पहुंचत। वापसी मे ई विमान देवघर सं 11:50 बजे उड़ान भरत आ दुपहर 1:35 बजे गुवाहाटी पहुंचत। लगभग 1,000 किलोमीटरक ई दूरी आब मात्र दू घंटा मे तय कएल जा सकत। इंडिगो एहि सेवा लेल देवघर सं गुवाहाटीक शुरुआती किराया 3,649 रुपैया निर्धारित केने अछि। मुदा हवाईटिकटक किराया मांग आ उपलब्धताक आधार पर बदलैत रहत।एहि सीधा हवाई सेवा सं पूर्वोत्तर राज्य सभक श्रद्धालु आ यात्री सभ कें विशेष सुविधा भेटत। मंगल केंगुवाहाटी सं देवघर एयरपोर्ट पहुंचल पहिल उड़ानक पारंपरिक वाटर सैल्यूटक संग स्वागत कएल गेल। एहि अवसर पर एयरपोर्ट परिसर मे उत्साहक वातावरण देखल गेल। एहि अवसर पर एयरपोर्ट डायरेक्टर जौय बनर्जी कहलनि जे ई सेवा देवघर आबए बला श्रद्धालु, पर्यटक आ बाबा नगरी सं जुड़निहार यात्री सभ लेल महत्वपूर्ण सुविधा अछि। ओ बतौलनि जे पहिल दिन गुवाहाटी सं देवघर 48 यात्री पहुंचलाह, जखनकि देवघर सं गुवाहाटी लेल 40 यात्री उड़ान भरलनि। मानल जा रहल अछि जे ई नव हवाई सेवा पर्यटन, व्यापार, धार्मिक गतिविधि आ पूर्वोत्तर भारतक संग देवघरक संपर्क कें नव आयाम देत।

# वकील सभ पर हमला विरुद्ध बार संघक बैठक, अधिवक्ता सुरक्षा कानून लागू करबाक मांग



तेनुघाट,समदिया

तेनुघाटक अधिवक्ता संघक वरीय अधिवक्ता राम विश्वास महथाक अध्यक्षता मे अधिवक्ता संघ भवन मे आवश्यक बैठक आयोजित भेल। बैठक मे अधिवक्ता सभ पर भेल हमला कड़ी शब्द मे निंदाकएल गेल आ सरकार सं अधिवक्ता सुरक्षा कानून शीघ्र लागू करबाक मांग राखल गेल। बैठक कें संबोधित करैत संघक अध्यक्ष राम विश्वास महथा कहलनि जे हालहि मे अधिवक्ता संघक सदस्य राजीव कुमार तिवारी आ सुरेश राम न्यायालयक काज पूरा कए अपन घर जा रहल छलाह। एहि दौरान बाट मे किछु लोक हुनका सभ कें रोकि मारपीट कएलक। ओ कहलनि जे एहि प्रकारक घटना मात्र अधिवक्ता सभक सुरक्षा कें लए गंभीर प्रश्न नहि ठाढ़ करैत अछि, बल्कि न्याय व्यवस्था कें सेहो प्रभावितकरैत अछि। एहन मामिला सभ मे दोषी सभ विरुद्ध कठोर कारबाइ आवश्यक अछि। संघक महासचिव वकील प्रसाद महतो बतौलनि जे घटनाक सूचना भेटितहि कथारा ओपी प्रभारी राजेश कुमार प्रजापति कें अवगत कराओल गेल। सूचना भेटलाक बाद ओ शीघ्र कारबाइ करैत एक आरोपी कें गिरफ्तार कए लेलनि। अधिवक्ता संघ कथारा ओपी प्रभारीक एहि त्वरित कारबाइ लेल हुनकर प्रति आभारव्यक्त कएलक। बैठक मे सर्वसम्मति सं निर्णय लेल गेल जे अधिवक्ता सभक संग मारपीट कएनिहार आरोपी सभ कें कड़ी सं कड़ी सजा दिलाबए लेल संघ हरसंभव कानूनी प्रयास करत। संगहि नैतिक दायित्व निभबैत संघकसदस्य सभ निर्णय लेलनि जे आरोपी सभक पक्ष मे कोनो प्रकारक पैरवी नहि करताह।

# श्रावणी मेला कें लेल मेडिकल मोबाइल यूनिट इस्पात संजीवनी कएल गेल रवाना



बोकारो ,समदिया

बोकारो इस्पात संयंत्र द्वारा श्रावणी मासक दौरान कांवरियासभक सुविधा आ स्वास्थ्य देखभाल हेतु पछिला तीन दशक सं बैद्यनाथ धाम (देवघर) के समीप निरंतर प्राथमिक चिकित्सा शिविरक आयोजन कएल जाइत रहल अछि। एहि क्रम मे 03 अगस्त 2026क बोकारो इस्पात संयंत्र के निगमितसामाजिक दायित्व (सीएसआर) विभाग के तहति पीरामल स्वास्थ्य के द्वारा संचालित मेडिकल मोबाइल यूनिट इस्पात संजीवनी के इस्पात भवन परिसर सं हरी झंडी देखाकय बैद्यनाथ धाम के लेल रवाना कएल गेल। एहि पहल के दौरान निदेशक प्रभारी, अधिशासी निदेशकगण, सीएसआर विभाग व अन्य विभागसभक अधिकारी-कर्मचारी तथा बैद्यनाथ सेवा ट्रस्ट के सदस्य उपस्थित छलाह। रवानगी सं पूर्व आयोजित कार्यक्रम मे चिकित्सा शिविर हेतु कएल गेल तैयारीसभ, आवश्यक दवाइसभक पर्याप्त उपलब्धता तथा स्वास्थ्य सेवासभक समीक्षा कएल गेल। बोकारो जनरल अस्पताल (बीजीएच) केतत्वावधान मे प्राथमिक चिकित्सा हेतु दवाइसभ, मरहम-पट्टी एवं अन्य आवश्यक चिकित्सा सामग्रीसभ सं सुसज्जित इ दल चिकित्साकर्मी सभ आ स्वयंसेवीसभक संग बोल-बम के जयघोष के बीच देवघर के लेल रवाना भेल। इ दल पूरा श्रावणी मेलाक दौरान श्रद्धालु सभ कें निःशुल्क एवं त्वरित स्वास्थ्य सेवा सभ उपलब्ध कराओत।

# बंद गोदाम सं 50 हजार रुपैयाक संपत्तिक चोरी

## पाकुड़ मे चोर नकदी, बर्तन आ सीसीटीवी डीवीआर लए भए फरार



पाकुड़,समदिया

पाकुड़ जिलाक हिरणपुर थाना क्षेत्र मे मंगल कें चोरीक एकटा घटना सामने आएल अछि। हिरणपुर बाजारक नामोपाड़ा मुहल्ला स्थित मुकेश इंटरप्राइजेजक बंद गोदाम सं चोर सभ लगभग 15 हजार रुपैया नकद, कांसा-पीतलक बर्तन आ सीसीटीवी कैमरेक डीवीआर सिस्टम चोरी कए लए गेल। चोरी भेल सामानक कुल मूल्य लगभग 50 हजार रुपैया बताओल जा रहल अछि। जानकारीक अनुसार, चोर सभ गोदामक आगूक छोट गेटक ताला तोड़बाक प्रयास कएलक, मुदा सफल नहि भए सकल। आशंका व्यक्त कएल जा रहल अछि जे बदमाश सभ मुख्य गेट फांदि भीतर प्रवेश कएलक। ओ सभ कार्यालयक दराज सं नकद राशि आ दोसर कमरा मे राखल कांसा-पीतलक बर्तन चोरी कए लए गेल। पहचान सं बचबाक लेल चोर सभ सीसीटीवी कैमरेक डीवीआर सिस्टम सेहो अपन संग लए गेल।गोदाम संचालक मुकेश भगत बतौलनि जे ई कोल्ड ड्रिंकक गोदाम अछि। ओ पुष्टि कएलनि जे नकद राशि सहित लगभग 50 हजार रुपैयाक सामान चोरी भेल अछि। सूचना भेटितहि हिरणपुर पुलिस घटनास्थलपर पहुंचल आ आसपास लागल सीसीटीवी कैमरा सभक फुटेज जांच कए मामिलाक छानबीन शुरू कए देलक।उल्लेखनीय अछि जे हिरणपुर क्षेत्र मे विगत किछु दिन सं चोरीक घटना सभ लगातार बढ़ि रहल अछि।हालहि मे पुरान प्रखंड कार्यालय परिसर स्थित सरकारी आवास सभ मे रोजगार सेवक सभक घरक ताला तोड़ि चोरीक घटना भेल छल। एकरा अतिरिक्त हाथकाठी स्थित एकटा कार वॉश सेंटर सं जेट पंप चोरी आ घाघरजानी-रामनाथपुर मार्ग पर ठाढ़ पांच भारी वाहन सं 700 लीटर सं अधिक डीजल चोरीक घटना सभ सेहो सामने आबि चुकल अछि।लगातार भए रहल एहि घटना सभ सं बाजार आ आसपासक मुहल्ला सभक लोक मे चिंताक वातावरण अछि। स्थानीय लोक सभ पुलिस गश्ती बढ़ाबए आ चोर गिरोह विरुद्ध शीघ्र कारबाइ करबाक मांग कएलनि।

# जमशेदपुर को-ऑपरेटिव कॉलेज मे नव छात्र सभक भेल स्वागत

जमशेदपुर,समदिया

जमशेदपुर को-ऑपरेटिव कॉलेजक बहुउद्देश्यीय परीक्षा भवन मे सोम कें एफवाईयूजीपी सेमेस्टर-I (सत्र 2026–30)क नव नामांकित विद्यार्थी सभ लेल परिचय सम्मेलन (ओरिएंटेशन कार्यक्रम)क गरिमामय आयोजन कएल गेल। एहि अवसर पर नव छात्र सभ कें महाविद्यालयक शैक्षणिक व्यवस्था, राष्ट्रीय शिक्षा नीति (एनईपी-2020) आ परिसर मे उपलब्ध विभिन्न सुविधा सभक विस्तृत जानकारी देल गेल।कार्यक्रमक शुरुआत स्वागत संबोधन सं भेल। मंच संचालन करैत डॉ. अंतरा कुमारी नव विद्यार्थी सभक स्वागत कएलनि। तत्पश्चात नामांकन प्रभारी नव सत्रक कार्यप्रणाली आ नामांकन प्रक्रियाक संबंध मे जानकारी देलनि। कार्यक्रमक दौरान डॉ. स्वाति सोरेन महाविद्यालयक शिक्षक सभक परिचय करौलनि। खेलकूद आ एनसीसी प्रभारी डॉ. पास्कल बेक छात्र सभ कें खेलकूद आ सेना सं जुड़ल गतिविधि सभ मे बढ़ि-चढ़ि कए भाग लेबाक लेल प्रेरित कएलनि। एनएसएस प्रभारी डॉ. दुर्गा तामसोय सामाजिक दायित्व आ समाज सेवा सं जुड़ल अभियान सभक जानकारी देलनि। डॉ. राजेश कुमार डिजिटल लाइब्रेरी, ऑनलाइन संसाधन आ विद्यार्थी सभ लेल उपलब्ध अन्य सुविधासभक विस्तृत जानकारी देलनि। कार्यक्रमक अंत मे डॉ. स्वाति वत्स धन्यवाद ज्ञापन कएलनि। राष्ट्रगानक संग समारोहक समापन भेल। एहि अवसर पर 500 सं अधिक नव विद्यार्थी सभ आ हुनक अभिभावक सभ उपस्थित छलाह।

# दिशोम गुरु शिबू सोरेनक प्रथम पुण्यतिथि, प्रतिमाक अनावरण आ श्रद्धांजलि सभा मे शामिल होए लेल

## राज्यक सभ जिला सं हजारो लोक नेमरा पहुंचल छलाह




रांची,समदिया

रांचीक बिरसा मुंडा एयरपोर्ट पर जुलाई मास मे हवाई यात्री सभक संख्या मे पैघ गिरावट दर्ज कएल गेल अछि। एयरपोर्टक परिचालन आंकड़ाक अनुसार, जूनक तुलना मे जुलाई मे 42,883 कम यात्री सभहवाई यात्रा कएलनि। ई करीब 18.9 प्रतिशतक गिरावट अछि। यात्री सभक संख्या कम होएबाक संगहि विमान परिचालन मे सेहो उल्लेखनीय कमी दर्ज कएल गेल अछि। एकरा सं स्पष्ट अछि जे मानसून आउड़ानक संख्या घटलाक प्रभाव हवाई यातायात पर पड़ल अछि। आंकड़ाक अनुसार, जून (1 सं 29 जून) मे रांची एयरपोर्ट सं 2,27,351 यात्री सभ यात्रा कएलनि। जखनकि जुलाई (1 सं 31 जुलाई) मे ई संख्या घटिकए 1,84,468 भए गेल। अर्थात् एक महिना मे लगभग 43 हजार यात्री सभक कमी दर्ज कएल गेल। यात्री सभक संग-संग उड़ानक संख्या सेहो घटल। जून मे एयरपोर्ट पर 1,508 निर्धारित उड़ान छल, जाहि मे 1,502 विमानक वास्तविक परिचालन भेल छल। जखनकि जुलाई मे 1,318 निर्धारित उड़ान रहल, मुदामात्र 1,248 विमानक परिचालन भए सकल। एहि प्रकारे एक महिना मे 254 कम विमानक आवागमन दर्जकएल गेल।एकर प्रभाव प्रतिदिनक औसत यात्री संख्या पर सेहो देखल गेल। जून मे प्रतिदिन औसतन 7,877 यात्री रांची एयरपोर्ट सं यात्रा करैत छलाह। जखनकि जुलाई मे ई संख्या घटिकए 5,951 भए गेल। अर्थात् प्रतिदिन औसतन 1,926 कम यात्री सभ रांची एयरपोर्टक उपयोग कएलनि। जुलाई मे 88,700 यात्री रांची पहुंचलाह, जखनकि 95,768 यात्री रांची सं विभिन्न शहर सभ लेल उड़ान भरलनि। प्रस्थान कएनिहार यात्री सभक संख्या आगमन कएनिहार यात्री सभ सं अधिक रहल, मुदा दूनू श्रेणी मे जूनक तुलना मे गिरावट दर्ज कएल गेल।विमानन क्षेत्र सं जुड़ल जानकार सभक अनुसार, मानसूनक दौरान यात्राक मांग कम होनाइ, मौसिम संबंधी व्यवधान, कतेको उड़ान प्रभावित होनाइ आ किछु प्रमुख रूट पर एयरलाइन कंपनी सभक सेवा कम करब एहि गिरावटक प्रमुख कारण अछि। हालक दिन सभ मे रांची सं किछु उड़ानक आवृत्ति सेहो घटाओलगेल अछि, जाहिक प्रभाव आंकड़ा मे स्पष्ट देखाइ दैत अछि। मुदा आबए बला महिना सभ मे स्थिति बदलबाक उम्मीद जताओल जा रहल अछि। एयरलाइन कंपनी सभ त्योहारी आ धार्मिक यात्रा मौसिम कें ध्यान मे राखैत दिल्ली, मुंबई आ हैदराबाद जेकां प्रमुख रूट पर अतिरिक्त उड़ान शुरू करबाक तैयारी मे अछि। रक्षाबंधन, जन्माष्टमी, स्वतंत्रता दिवसक छुट्टी आ सितंबर मे यात्राक मांग बढ़बाक संभावना कें देखैत अगस्त सं यात्री सभक संख्या मे फेर तेजी आबएक उम्मीद व्यक्त कएल जा रहल अछि।

» रांचीक बिरसा मुंडा एयरपोर्ट सं जुलाई मे 43 हजार कम भेल हवाई यात्री
» उड़ानक संख्या मे सेहो पैघ कमी

# शिबू सोरेनक प्रतिमाक अनावरण कए भावुक भेलाह मुख्यमंत्री हेमंत

## कहलनि- इतिहास मे अमर रहत दिशोम गुरुक बलिदान



रामगढ़,समदिया

मुख्यमंत्री हेमंत सोरेन मंगल कें रामगढ़ जिलाक नेमरा (गोला) स्थित लुकैयाटांड़ मे पूर्व मुख्यमंत्री आ दिशोम गुरु शिबू सोरेनक प्रथम पुण्यतिथिक अवसर पर हुनकर आदमकद प्रतिमाक अनावरण कएलनि। एहि अवसर पर प्रतिमा पर पुष्प अर्पित कए श्रद्धांजलि दैत ओ भावुक भए गेलाह।श्रद्धांजलि सभा कें संबोधित करैत मुख्यमंत्री हेमंत सोरेन कहलनि जे हुनकर दादा सोबरन सोरेन शिक्षक आ समाजसेवी छलाह। ओ आदिवासी सभ पर होइत शोषण आ महाजनी प्रथाक विरुद्ध संघर्ष शुरू केने छलाह।मुख्यमंत्री कहलनि जे एहि लुकैयाटांड़ मे महाजन आ सूदखोर सभ हुनकर विरोध सं नाराज भए सोबरन सोरेनक हत्या कए देने छल। एहि बलिदानक बाद हुनकर पुत्र दिशोम गुरु शिबू सोरेन गरीब आ आदिवासी सभक हक-अधिकार लेल दीर्घकालीन आंदोलन कएलनि। हुनकर संपूर्ण जीवन संघर्ष सं भरल रहल। ओ कहलनि जे झारखंड राज्य गठन लेल दिशोम गुरु शिबू सोरेन बहुत पैघ संघर्ष आ आंदोलन कएलनि। आइ ओ हमरा सभक बीच नहि छथि, मुदा विशेष रूप सं युवा पीढ़ी कें हुनकर संघर्ष, सादगी आ बलिदान संप्रेरणा लेबाक आवश्यकता अछि।मुख्यमंत्री कहलनि जे दिशोम गुरु शिबू सोरेन सदिखन लोकक स्मृति मे जीवित रहताह। इतिहासक पन्नापर हुनकर संघर्ष आ बलिदान सदैव याद कएल जाएत।एहि सं पहिने मुख्यमंत्रीक संग हुनकर पत्नी आ गांडेयक विधायक कल्पना सोरेन, मंत्री राधाकृष्ण किशोर,मंत्री योगेंद्र प्रसाद, मंत्री दीपिका पांडेय सिंह, शिल्पी नेहा तिर्की, संजय यदव, राज्यसभा सदस्य महुआ माजी, रामगढ़क विधायक ममता देवी, विधायक अमित महतो, विधायक उमाकांत रजक सहित कतेकोविधायक आ गणमान्य लोक प्रतिमा पर पुष्प अर्पित कए दिशोम गुरु शिबू सोरेन कें श्रद्धांजलि देलनि।मुख्यमंत्री अपराह्न लगभग 2:00 बजे हेलीकॉप्टर सं सभा स्थल पहुंचलाह। शिबू सोरेनक प्रथम पुण्यतिथिक अवसर पर लुकैयाटांड़, नेमरा मे विकास मेला सह परिसंपत्ति वितरण कार्यक्रमक सेहो आयोजन कएल गेल। एहि अवसर पर मुख्यमंत्री लाभार्थी सभक बीच विभिन्न परिसंपत्तिक वितरण सेहो कएलनि।

# सुपौल मे पुनर्वासित सभक विशाल धरना-प्रदर्शन

## 18 पीढ़ी सं बसल परिवार सभकें उजाड़बाक आरोप, अचानक नोटिस दए हटेबाक प्रयास

**सुपौल, समदिया**

सुपौल मे कोसी परियोजना सं प्रभावित आ पुनर्वासित परिवार सभक विभिन्न समस्याकें लए मंगल कें जिला मुख्यालय स्थित डिग्री कॉलेजक समीप हजारो लोक विशाल धरना-प्रदर्शन कएलनि। धरनाक अध्यक्षता समाजसेवी लव यादव कएलनि।



प्रदर्शन मे शामिल लोक सभ प्रशासन पर वर्षो सं बसल परिवार सभकें होल्डिंग आ भूमि संबंधी विवादक नाम पर परेशान करबाक आ उजाड़बाक प्रयास करबाक आरोप लगौलनि।

धरना स्थल पर वक्ता सभ कहलनि जे कोसी त्रासदी आ पुनर्वास प्रक्रियाक दौरान जाहि परिवार सभकें बसाओल गेल छल, ओ सभ विगत कतेको दशक सं संबंधित क्षेत्र मे रहि रहल छथि। एकरा बावजूद एखन हुनका सभकें नोटिस पठाकए भूमि खाली करबाक दबाव देल जा रहल अछि। प्रदर्शनकारी सभक कहब छल जे गरीब परिवार सभ मेहनत-मजदूरी कए अपन आशियाना बना लेने छथि, मुदा एखन हुनका सभकें बेदखल करबाक कारबाइ अन्यायपूर्ण अछि।

धरनाक दौरान महिला सभ सेहो अपन पीड़ा खुलिकए रखलनि। शैतून खातून कहलनि जे हुनकर परिवारक 18 पीढ़ी एहि क्षेत्र मे गुजरि चुकल अछि। ओ आरोप लगौलनि जे वर्षो सं रहला बावजूद एखन हुनका सभकें स्थान छोड़बाक लेल कहल जा रहल अछि।

ओ कहलनि जे गरीब लोक सभ मेहनत कए घर बना लेने छथि, मुदा एखन अचानक नोटिस दए हटाबएक प्रयास कएल जा रहल अछि। ओ सरकार आ प्रशासन सं मानवीय आधार पर निर्णय लेबाक मांग कएलनि।

सभाकें संबोधित करैत अध्यक्ष लव यादव कहलनि जे कोसी पुनर्वासित परिवार सभ बहुत दिन सं मूलभूत सुविधा, भूमि अधिकार आ स्थायी बसावटक समस्यासभ सं जूझि रहल छथि। ओ कहलनि जे जं प्रशासन हुनकर मांग सभ पर गंभीरतापूर्वक विचार नहि करत, तं आंदोलनकें आरो व्यापक बनाओल जाएत। ओ स्पष्ट कएलनि जे ई धरना कोनो राजनीतिक उद्देश्य सं नहि, बल्कि हजारो प्रभावित परिवार सभक अधिकारक रक्षा लेल आयोजित कएल गेल अछि।

धरना स्थल पर उपस्थित दोसर वक्ता सभ सेहो पुनर्वासित परिवार सभकें भूमिक वैध अधिकार देबाक, होल्डिंग संबंधी समस्याक समाधान करबाक, बेदखलीक कारबाइ पर रोक लगाबबाक आ मूलभूत सुविधा उपलब्ध कराबएक मांग उठौलनि। वक्ता सभक कहब छल जे सरकारकें ओहि परिवार सभक संग न्याय करबाक चाही, जे वर्षो सं एहि क्षेत्र सभ मे रहि अपन जीवन स्थापित कएने छथि।

कार्यक्रमक दौरान पैघ संख्या मे पुरुष, महिला आ युवा सभ उपस्थित छलाह। आयोजक सभक अनुसार धरना मे जिलाक विभिन्न क्षेत्र सं लोक पहुंचल छलाह। सभाक अंत मे प्रदर्शनकारी सभ प्रशासनक नाम मांगपत्र समर्पित कएलनि आ समस्यासभक समाधान दिशा मे ठोस पहल करबाक मांग कएलनि। धरनाक समापन शांतिपूर्ण वातावरण मे भेल। मुदा प्रदर्शनकारी सभ स्पष्ट कएलनि जे जं हुनकर मांग सभ पर शीघ्र कारबाइ नहि भेल, तं आबए बला दिन सभ मे आंदोलनकें आरो तेज कएल जाएत। प्रशासन दिस सं धरनाकें लए पर्याप्त सुरक्षा व्यवस्था कएल गेल छल।

# कटिहार नगर निगमक कर्मचारी अनिश्चितकालीन हड़ताल पर

## सफाइ, जलापूर्ति आ कचरा उठाव पर पड़ि सकैत अछि असरि




**कटिहार, समदिया**

कटिहार नगर निगमक कर्मचारी मंगल सं अनिश्चितकालीन हड़ताल पर चलि गेल छथि। स्थायी, संविदा, दैनिक, अनुबंध, बाह्य सेवा आ एनजीओक कर्मचारी सभ अपन तीन सूत्री मांगक समर्थन मे आंदोलन कए रहल छथि।

कर्मचारी सभ नगर निगम परिसर मे शांतिपूर्ण प्रदर्शन कएलनि आ शहरक भ्रमण सेहो कएलनि। संघ स्पष्ट कएलक जे आंदोलनक दौरान सरकारी संपत्तिक कोनो प्रकारक नोकसान नहि पहुंचाओल जाएत। संघक उपाध्यक्ष अंबिका पासवान बतौलनि जे ई हड़ताल बिहार लोकल बॉडीज इम्प्लॉइज फेडरेशन आ बिहार राज्य स्थानीय निकाय कर्मचारी महासंघ (एक्टू) संयुक्त संघर्ष मोर्चाक आह्वान पर कएल जा रहल अछि। राज्यभरि मे स्थानीय निकायक कर्मचारी सभ चरणबद्ध आंदोलन कए रहल छथि। एकरे अंतर्गत कटिहार नगर निगमक कर्मचारी सभ 4 अगस्त सं अनिश्चितकालीन हड़ताल शुरू करबाक निर्णय लेलनि।

कर्मचारी सभक प्रमुख मांग मे सेवाक नियमितीकरण आ सेवा सुरक्षा सुनिश्चित करब शामिल अछि। एकरा अतिरिक्त ओ सभ ठेका आ आउटसोर्सिंग व्यवस्था समाप्त करबाक संग एसीपी/एमसीपी योजनाक पूर्ण क्रियान्वयन कए लंबित बकाया राशिक भुगतान करबाक मांग कए रहल छथि।

संघक पदाधिकारी सभ स्पष्ट कएलनि जे जाबत सरकार हुनक मांग पर सकारात्मक निर्णय नहि लैत अछि अथवा महासंघक दिस सं हड़ताल समाप्त करबाक घोषणा नहि होइत अछि, ताबत आंदोलन जारी रहत। ओ सभ कहलनि जे कर्मचारी सभ लोकतांत्रिक तरीका सं शांतिपूर्ण प्रदर्शन करताह आ प्रशासनक संग कोनो प्रकारक टकराव सं बचताह।

## जिला मुख्यालय सं जोड़निहार मुख्य सड़क रोड नंबर-6 जर्जर



**सुपौल, समदिया**

सुपौल जिलाक किशनपुर प्रखंड मुख्यालय कें जिला मुख्यालय सं जोड़निहार मुख्य सड़क रोड नंबर-6क स्थिति एखन बहुत जर्जर भए गेल अछि। सड़क पर जगह-जगह गड्ढा बनि गेल अछि, जाहि सं राहगीर आ वाहन चालक सभकें आवागमन मे भारी कठिनाइक सामना करए पड़ि रहल अछि। कतेको स्थान पर जलजमाव आ कीचड़क कारण स्थिति आरो खराब भए गेल अछि। सड़क टूटि गेल रहला सं दुर्घटनाक आशंका सेहो लगातार बनल अछि, जाहि सं स्थानीय लोक चिंतित छथि।

ग्रामीण सभ बतौलनि जे ई सड़क प्रखंड मुख्यालय कें जिला मुख्यालय सं जोड़निहार एकटा महत्वपूर्ण कड़ी अछि। एकरा बावजूद एकर बदहालीक कारण आमलोक, छात्र सभ आ वाहन चालक सभकें प्रतिदिन कठिनाइक सामना करए पड़ैत अछि। मोहम्मद रजाक, मोहम्मद उस्मान, मोहम्मद सुलेमान, विनोद कुमार, राजेश कुमार आ संतोष कुमार सहित कतेको ग्रामीण सभ एहि समस्या पर चिंता व्यक्त कएलनि। ग्रामीण सभक कहब अछि जे किछु समय पहिनहि सड़कक रखरखावक काज कराओल गेल छल, मुदा एकरा बावजूद स्थितिमे कोनो विशेष सुधार नहि भेल। ओ सभ संबंधित विभाग सं शीघ्र सं शीघ्र सड़कक मरम्मति करबाक मांग कएलनि। एहि संबंध मे प्रखंड विकास पदाधिकारी पिंकी कुमारी बतौलनि जे सड़कक एहि समस्याक जानकारी उच्च अधिकारी सभकें देल जाएत। ओ भरोस देलनि जे हुनक निर्देशानुसार आवश्यक कारबाइ कएल जाएत।

# शेखपुरा मे शुरुआत भेल पांच दिवसीय रामधुन महायज्ञ

## 201 कन्या सभ निकाललनि 6 किमीक कलश यात्रा

**शेखपुरा, समदिया**

शेखपुराक खांड पर पहाड़ स्थित रामाधुनी महायज्ञ समिति दिस सं मंगल कें पांच दिवसीय रामधुन महायज्ञ सह अखंड कीर्तनक अवसर पर कलश यात्रा निकालल गेल। एहि यात्रा मे 201 कुआंरि कन्या सभ आ महिला सभ अपन माथ पर कलश राखि शहरक विभिन्न मार्ग सं 6 किलोमीटरक परिक्रमा कएलनि।



श्रद्धालु सभ खांड पर पहाड़ स्थित संतोषी माता मंदिरक लग एकत्रित भेलाह। ओ सभ नव वस्त्र धारण कए ढोल-बाजा आ झंडा-पताकाक संग पहाड़ सं नीचां उतरला। तत्पश्चात राम जानकी मंदिरक लग स्थित ऐतिहासिक दाल कूआं सं जल भरलनि आ देवी स्थान, भिट्ठा पर महादेव स्थान, चांदनी चौक आ कटरा चौक होइत पुनः पहाड़क चोटी पर स्थापित मंदिर स्थल पहुंचलाह। कलश यात्राक समापन यज्ञशालाक समीप भेल। यज्ञ समिति सदस्य सभ आ स्थानीय श्रद्धालु सभक सामूहिक सहयोग सं यज्ञशाला, मंदिर परिसरक सजावट, कलश यात्रा सहित सभ व्यवस्था कें आखरी रूप दए देल गेल अछि।

समितिक अध्यक्ष रमेश महतो (लड्डू जी) बतौलनि जे मनोकामना कलश यात्राक समापनक बाद वैदिक मंत्रोच्चारणक संग रामधुन महायज्ञक विधिवत शुरूआत भेल अछि। ओ सभ श्रद्धालु सभ सं एहि धार्मिक आयोजन मे अधिक सं अधिक संख्या मे शामिल भए महायज्ञ कें सफल बनेबाक अपील कएलनि। समितिक कोषाध्यक्ष पवन मेहता, सचिव अजय शर्मा आ उपाध्यक्ष सुधीर महतो बतौलनि जे महायज्ञक सभ तैयारी लगभग पूरा भए चुकल अछि। यज्ञशालाक सजावट, पूजाक सामग्री आ श्रद्धालु सभ लेल आवश्यक व्यवस्था सुनिश्चित कए देल गेल अछि। एहि आयोजन कें सफल बनेबा लेल समितिक सक्रिय सदस्य गुड्डू कुमार, सोनू, अजीत, विपुल, राजू, सूरज, बंटी, राहुल (टनटन), अभिषेक, विकास, जीतू सहित अन्य सदस्य सभ आ स्थानीय श्रद्धालु सभ निरंतर सेवा कार्य मे लागल छथि।

## विधायक अनीता चेक डैम, गाइडवॉल आ पइन सफाइक मांग उठौलनि



**नवादा, समदिया**

नवादा जिलाक वारिसलीगंज विधानसभा क्षेत्रक विधायक अनीता क्षेत्रक किसान सभक सिंचाइक समस्याक समाधान लेल बिहार सरकारक लघु जल संसाधन विभागक मंत्री कें पत्र लिखलनि। ओ विभिन्न सिंचाइ योजना कें प्रशासनिक आ वित्तीय स्वीकृति दए शीघ्र काज शुरू कराबएबाक मांग कएलनि। विधायक अनीता अपन पत्र मे बाघीवरडीहा गामक सिंचाइक पइन मे वर्षो सं जमा गाद आ कीचड़क शीघ्र सफाइ कराबएक आग्रह कएलनि। ओ जलजमावक समस्या कें देखैत पइनक दूनू कात गाइडवॉल निर्माणक आवश्यकता सेहो बतौलनि, जाहि सं खेत धरि पानिक सुचारु प्रवाह सुनिश्चित भए सकय।

एकरा अतिरिक्त ओ कौडिहारी नदी मे योगिया बांध सं गुलनी छिलका धरि एकटा वृहद चेक डैम निर्माणक प्रस्ताव रखलनि। विधायकक अनुसार, एहि परियोजना सं नवादा, शेखपुरा आ जमुई जिलाक हजारो एकड़ कृषि भूमि कें सिंचाइक सुविधा भेटि सकत। ओ एहि योजना लेल विस्तृत परियोजना प्रतिवेदन (डीपीआर) तैयार कए शीघ्र निर्माण काज शुरू करबाक अनुरोध कएलनि। विधायक जलालपुर गाम मे मुहिया पुल सं कोमल स्थान होइत गुहिया पोखरि धरि जाएबला पइनक शीघ्र सफाइ आ उड़ाही कराबएक मांग सेहो कएलनि। ओ बतौलनि जे वर्षो सं गाद जमा भेला कारण ई पइन पूर्ण रूप सं अवरुद्ध भए गेल अछि। एहि कारण सिंचाइक व्यवस्था ठप भए गेल अछि आ किसान सभकें भारी कठिनाइक सामना करए पड़ि रहल अछि।

## विविध

# बेर-बेर टीवी सीरीज देखबाक आदति भविष्य मे मस्तिष्क पर कए सकैत अछि असरि

जं अहां विशेष रूप सं 50 वर्ष सं अधिक उमेरक छी आ घंटो धरि लगातार टीवी अथवा वेब सीरीज देखबाक आदत अछि, तं एहन आदत भविष्य मे मस्तिष्कक स्वास्थ्य पर नकारात्मक प्रभाव डालि सकैत अछि। हालहि मे प्रकाशित एकटा नव अध्ययन मे ई बात सामने आएल अछि।



अल्जाइमर्स एंड डिमेंशिया जर्नल मे 10 जुलाई कें प्रकाशित अध्ययनक अनुसार, मध्य उमेर मे बहुत बेसी टीवी देखबाक जानकारी देनिहार लोकक मस्तिष्कक कतेको भागक आकार 20 वर्ष सं अधिक समयक बाद कम भेटल।

शोधकर्ता सभक अनुसार ई परिवर्तन मात्र बहुत देर धरि बैसल रहबाक कारण नहि छल। जे लोक अपन काजक दौरान बहुत समय धरि बैसल रहैत छलाह, हुनका मे एहन परिवर्तन नहि देखल गेल। एहि सं संकेत भेटैत अछि जे बैसल अवस्था मे अहां की करैत छी, ई बात सेहो ओतेकहि महत्वपूर्ण अछि जतेक देर धरि बैसल रहब।

शोध मे अमेरिकाक दीर्घकालिक एथेरोस्क्लेरोसिस रिस्क इन कम्युनिटीज अध्ययनक 1,700 वयस्कक आंकड़ाक विश्लेषण कएल गेल। प्रतिभागी सभक औसत उमेर 53 वर्ष छल आ ई अध्ययन 1987 सं 1989क बीच शुरू भेल छल। एकर उद्देश्य हृदय आ मस्तिष्कक स्वास्थ्य पर दीर्घकालिक प्रभावक अध्ययन करब अछि। प्रतिभागी सभ सं पूछल गेल जे ओ अपन खाली समय मे कतेक बेर टीवी देखैत छथि। एकर अतिरिक्त हुनक काजक दौरान बैसल रहबाक समयक जानकारी सेहो लेल गेल।

20 वर्ष सं अधिक समयक बाद सभ प्रतिभागीक मस्तिष्कक एमआरआई कएल गेल। तुलना मे देखल गेल जे जे लोक बहुत बेसी टीवी देखैत छलाह, हुनकर मस्तिष्क मे संरचनात्मक परिवर्तन अधिक छल। शोधकर्ता सभ कें मस्तिष्कक ओहि भागक आकार कम भेटल जे स्मरण शक्ति आ अल्जाइमर्सक शुरूआती संकेत सं जुड़ल मानल जाइत अछि। एकर अतिरिक्त व्हाइट मैटर हाइपरइंटेंसिटीक मात्रा सेहो बेसी छल, जे मस्तिष्कक छोट रक्तनलीक बेमारी, संज्ञानात्मक क्षमता मे कमी आ डिमेंशियाक जोखिम सं संबंधित मानल जाइत अछि। एहि लोकक फ्रंटल आ ऑक्सिपिटल लोबक आकार सेहो अपेक्षाकृत छोट भेटल। ई भाग दृश्य जानकारी संसाधित करब, निर्णय लेब आ योजना बनाबए जेकां कार्य सं जुड़ल होइत अछि। अध्ययनक प्रमुख लेखक डॉ. नातान फेटर कहलनि जे मस्तिष्कक आकार कम होएबाक अर्थ ई नहि अछि जे संबंधित व्यक्ति निश्चित रूप सं डिमेंशियाक शिकार भए जेताह। मुदा ई मस्तिष्कक उमेर बढ़बाक संकेत मानल जाइत अछि आ भविष्य मे संज्ञानात्मक क्षमता घटबाक जोखिम सं जुड़ल अछि।

ओ कहलनि जे अध्ययन मात्र संबंध देखबैत अछि, कारण-परिणामक प्रत्यक्ष प्रमाण नहि दैत अछि। तथापि, लंबा समय धरि लगातार टीवी देखबाक समय कम कए ओकर स्थान पर शारीरिक, सामाजिक अथवा मानसिक रूप सं सक्रिय गतिविधि अपनाएब उमेर बढ़ला पर मस्तिष्कक स्वास्थ्य लेल लाभकारी भए सकैत अछि।

शोध मे ईहो देखल गेल जे काजक दौरान बेसी समय धरि बैसल रहनिहार लोकक मस्तिष्कक किछु भाग अपेक्षाकृत पैघ छल आ व्हाइट मैटर हाइपरइंटेंसिटी कम छल। एहि सं संकेत भेटैत अछि जे निष्क्रिय रूप सं टीवी देखबाक प्रभाव आ काजक दौरान बैसल रहबाक प्रभाव एक समान नहि होइत अछि। शोधकर्ता सभक अनुसार टीवी देखबाक दौरान व्यक्ति सामान्यतः मानसिक रूप सं निष्क्रिय रहैत छथि। एहि समय स्नैकिंग, सामाजिक संपर्क कम भेनाइ आ अन्य अस्वस्थ आदति सेहो जुड़ि जाइत अछि, जे दीर्घकाल मे मस्तिष्कक स्वास्थ्य पर प्रतिकूल प्रभाव डालि सकैत अछि।

# मानसून मे कियैक बढ़ि जाइत अछि जोड़क दर्द? बुझू मौसिम आ शरीरक बीचक संबंध

मानसूनक शुरूआत होइतहि कतेको लोक कें जोड़ मे दर्द बढ़बाक समस्या परेशान करए लगैत अछि। हवा मे नमी बढ़ला बावजूद एहन किएक होइत अछि, एकरा बहुत कम लोक बुझि पबैत छथि। कमरि, घुटना, कांध आ दोसर जोड़ मे दर्दक संग अकड़न सेहो बनल रहैत अछि। विशेषज्ञसभक कहब अछि जे ई मात्र भ्रम नहि, बल्कि एकर पाछां वैज्ञानिक कारण सेहो अछि। दरअसल, आइ नेशनल बोन एंड ज्वाइंट डे मनाओल जाइत अछि। एहि दिनक उद्देश्य लोककें जोड़क स्वास्थ्य प्रति जागरूक बनाबि आवश्यक जानकारी देब अछि।



लिवर, किडनी आ पेटक स्वास्थ्य पर लोक सहजहि ध्यान दैत छथि, मुदा जोड़ मे दर्द अथवा दोसर समस्या कें प्रायः दैनिक परेशानी बुझि नजरिअंदाज कए देल जाइत अछि। प्रश्न ई अछि जे मानसून मे ई समस्या बेसी किएक बढ़ि जाइत अछि।

बरखाक मौसिम जतेक एक दिस गर्मी सं राहति दैत अछि, ओतेकहि जोड़क दर्द सं परेशान लोक लेल कतेको बेर कठिनाइ सेहो बढ़ा दैत अछि। मानसून शुरू होइतहि घुटना, कमरि, कांध आ दोसर जोड़ मे दर्द तथा अकड़नक शिकायत बढ़ए लगैत अछि। ऑर्थोपेडिक विशेषज्ञसभक अनुसार ई केवल लोकक भ्रम नहि, बल्कि एकर पाछां वैज्ञानिक कारण मौजूद अछि। डॉ. सिमोन थॉमस (वाइस चेयरमेन, रोबोटिक ज्वाइंट रिप्लेसमेंट एंड ऑर्थोपेडिक्स, मैक्स हॉस्पिटल, शालिमार बाग) कहलनि जे मानसूनक दौरान बैरोमेट्रिक प्रेशर कम भए जाइत अछि। वातावरणक दबाव कम भेला सं जोड़क टिश्यू पर प्रभाव पड़ैत अछि। जाहि लोककें पहिनेसं जोड़ मे सूजन अथवा गठियाक समस्या रहैत अछि, हुनकर दर्दक अनुभूति कराबए बला नस बेसी संवेदनशील भए जाइत अछि, जाहि सं दर्द आ अकड़न बढ़ि सकैत अछि। एहि कारण कतेको रोगी बरखा शुरू होए सं पहिनहि जोड़ मे भारीपन अथवा दर्द महसूस करए लगैत छथि। बरखाक मौसिम मे हवा मे नमी सेहो बहुत बढ़ि जाइत अछि। अधिक नमीक कारण मांसपेशी आ लिगामेंट अपेक्षाकृत बेसी कड़ा महसूस भए सकैत अछि। एकरा सं जोड़क लचीलापन घटैत अछि आ चलब-फिरब मे असुविधा होइत अछि। भोर मे उठैत समय घुटना अथवा कमरि मे अकड़न महसूस होनाइ एहि मौसिमक सामान्य शिकायत अछि।

मानसून मे लोकक शारीरिक गतिविधि सेहो कम भए जाइत अछि। लगातार घरक भीतर रहब आ व्यायाम कम कएनाए सं जोड़क प्राकृतिक लचीलापन घटैत अछि तथा जोड़कें सहारा देब बला मांसपेशी कमजोर भए लगैत अछि। एकर प्रभाव दर्द आ अकड़नक रूप मे देखाइ दैत अछि।

# वादाक बादो असम बाढ़ि मुक्त किएक नहि भए सकल?

# शिवसागर जिलाक भीषण तबाही पर उठल प्रश्न

**गुवाहाटी, एजेंसी**





असमक मुख्यमंत्री हिमंत बिस्वा सरमा 3 अगस्त सोमदिन भोर सं अपन सोशल मीडिया पर बाढ़ि सं संबंधित कतेको संदेश साझा केलनि। एक संदेश मे ओ वाल्मीकि रामायणक बालकांडक श्लोक उद्धृत करैत नदीक महिमा बखानलनि, तं दोसर संदेश मे साओनक पहिल सोमक अवसर पर भगवान शिव सं प्रार्थना करैत कहलनि जे बाढ़ि प्रभावित परिवार सभ कें शीघ्र एहि संकट सं उबारल जाए। मुदा एहि बीच ऊपरी असमक शिवसागर, चराईदेव, जोरहाट आ गोलाघाट जिला मे भेल विनाशकारी बाढ़ि सरकारक दावापर प्रश्नचिह्न ठाढ़ कए देने अछि। स्थानीय लोक सोशल मीडिया पर वर्ष 2021क ओ वीडियो सेहो साझा कए रहल छथि, जाहि मे केंद्रीय गृहमंत्री अमित शाह पांच वर्षक भीतर असम कें बाढ़ि मुक्त बनेबाक वादा केने छलाह। भाजपाक 2016 केर विधानसभा चुनावी दृष्टिपत्र मे सेहो वैज्ञानिक आधार पर बाढ़ि आ नदी कटावक स्थायी समाधान निकालबाक आश्वासन देल गेल छल। तकर बाद 2021क चुनाव प्रचारक दौरान अमित शाह पुनः पांच वर्षक समय मांगैत कहलनि जे भाजपाक सरकार असम कें बाढ़ि मुक्त बना देत। मुदा 19 जुलाइक बाढ़ि एहि सभ दावाक विश्वसनीयता पर प्रश्न उठा देने अछि। स्वयं राज्य सरकारक प्रतिनिधि स्वीकार केलनि जे एहन प्रलयंकारी बाढ़ि विगत पचास वर्ष मे नहि देखल गेल छल। ब्रह्मपुत्रक सहायक दिखौ नदी, जे नगालैंड आ असम सं प्रवाहित होइत अछि, ओकर उफान सं शिवसागर आ चराईदेव जिला मे सर्वाधिक क्षति भेल। हजारो परिवारक घर, खेती, पशुधन आ जीविकाक साधन नष्ट भए गेल। स्थानीय लोकक अनुसार सामान्य जीवन मे लौटबा मे कतेको मास लागि सकैत अछि।

### मानवजनित आपदाक आरोप

विपक्षी दल, जातीय संगठन आ स्थानीय नागरिक सभ एहि बाढ़ि कें प्राकृतिक नहि, बल्कि मानव जनित आपदा कहि रहल छथि। शिवसागर जिलाक बिहुबोर क्षेत्र अंतर्गत नेपाली खुटी गाम एहि त्रासदीक प्रतीक बनि गेल अछि। गाम मे चारूकात जलमग्न खेत, माटि मे धंसल वाहन, मलबा सं भरल घर आ बिखरल गृहस्थी विनाशक साक्ष्य प्रस्तुत करैत अछि। राहति सामग्री लेबाक लेल लोक लंबा पांति मे ठाढ़ छथि। लगपासक गाम सभक स्थिति सेहो कम भयावह नहि अछि। किछु दिन पहिने धरि समृद्ध जीवन बिताबय बला परिवार सभ आइ राहति सामग्री पर निर्भर भए गेल छथि। 20 जुलाई कें दिखौ नदी लगभग 20 फुट उफान पर पहुंचल। एहि कारण दर्जनो घर, प्राथमिक स्वास्थ्य केंद्र आ आंगनबाड़ी केंद्र पूर्णतः नष्ट भए गेल। मृत पशुक सड़ैत शव सं दुर्गंध पसैरल अछि आ कीचड़ मे दबल मानव शव सेहो क्रमशः बरामद भए रहल अछि।

### 82 गोटेक मृत्यु, दर्जनो लापता

एहि बाढ़ि मे अखन धरि 82 गोटेक मृत्यु भए चुकल अछि। एकर भीतर मात्र शिवसागर जिला सं 45 गोटे छथि। लापता लोकक वास्तविक संख्या प्रशासन अखन धरि स्पष्ट नहि कए सकल अछि। मुख्यमंत्री 22 जुलाई कें स्वयं लगभग 100 गोटेक लापता होएबाक आशंका व्यक्त केने छलाह। राज्य आपदा प्रबंधन विभागक 2 अगस्तक रिपोर्ट अनुसार अखनो 335 गाम बाढ़क पानि मे डूबल अछि आ कतेको परिवार विस्थापित छथि।

> **ऊपरी असमक शिवसागर, चराईदेव, जोरहाट आ गोलाघाट जिला मे आयल विनाशकारी बाढ़ि सरकारक दावा पर ठाढ़ कए देने अछि**

### पीड़ित परिवारक व्यथा

नेपाली खुटीक निवासी विष्णु माया भुजल कहैत छथि जे घर मे पानि घुसि गेल। गाय-बकरी सभ बहि गेल। नाव नहि अबैत तं हम सभ जीवित नहि बचितहुं। दिखौ नदीक कात रहनिहार राजन पानिकाक पत्नी बाढ़ि मे लापता भए गेलीह। हुनकर शव 11 दिन बाद घर सं लगभग 100 मीटर दूर कीचड़ मे भेटल। राजन कहैत छथि जे अनचोके पानिक बहाव एतेक तीव्र छल जे पूरा परिवार छति पर शरण लेबाक लेल विवश भए गेल। पत्नी, देवरानी, चारि वर्षक भतीजी आ एक संबंधी महिला पानि मे बहि गेलीह। अभयापुरी गामक रोहिणी दुवाराक पीड़ा आरो हृदयविदारक अछि। बाढ़ि मे हुनकर पत्नी, बेटी आ दुनू पुत्रक मृत्यु भए गेल। ओ कहैत छथि जे हमर पूरा परिवार समाप्त भए गेल।

### खननक कारण बाढ़ि?

कांग्रेस आ स्थानीय लोक नगालैंड-असम सीमापर अवैध पहाड़ कटान, बालू उत्खनन आ कोयला खनन कें एहि आपदाक मुख्य कारण मानैत छथि। रायजोर दलक विधायक अखिल गोगोई आरोप लगौलनि जे अवैध कोयला खदान मे जमा बरखाक पानि एकाएक असम मे प्रविष्ट भए गेल, जाहि सं एहन विनाशकारी बाढ़ि आयल। असम प्रदेश कांग्रेस समिति सेहो खुला कोयला खदान, अवैध क्रशर आ कथित कोयला सिंडिकेटक न्यायिक जांचक मांग केने अछि। कांग्रेसक आरोप अछि जे प्रतिदिन नगालैंड सं कोयला सं भरल 40 सं 60 ट्रक असम अबैत अछि आ प्रत्येक वाहन सं भारी अवैध वसूली होइत अछि।



### सरकारक पक्ष

भाजपा विधायक विजय कुमार गुप्ता एहि आरोप कें अस्वीकार करैत कहलनि जे ई आपदा नगालैंडक मोन जिला मे कथित बादल फटबाक कारण आयल। हुनक अनुसार राहति आ पुनर्वास सरकारक पहिल प्राथमिकता अछि, जांच बाद मे कराओल जाएत। मुख्यमंत्री हिमंत बिस्वा सरमा प्रभावित क्षेत्रक निरीक्षणक बाद कहलनि जे विनाशक वास्तविक स्वरूप टेलीविजन मे देखल दृश्य सं सेहो बेसी भयावह अछि। सरकार प्रत्येक पीड़ित परिवारक सहायता करैत गाम सभक पुनर्निर्माण करत। भाजपा सरकारक दावा अछि जे विगत किछु वर्ष मे केंद्र सरकारक सहयोग सं सैकड़ो तटबंधक निर्माण भेल अछि, जाहि कारण राज्यक कतेको क्षेत्र बाढ़ि सं सुरक्षित रहल अछि। सरकारक अनुसार वैज्ञानिक उपाय सं स्थायी समाधानक प्रयास निरंतर जारी अछि। प्रभावशाली छात्र संगठन ऑल असम स्टूडेन्ट्स यूनियन (आसू) सेहो सरकारपर प्रश्न उठौने अछि। संगठनक अध्यक्ष उत्पल शर्मा कहलनि जे शिवसागर, चराईदेव आ जोरहाटक घटना सामान्य बाढ़ि नहि, बल्कि महाविनाश छल। हुनक आरोप अछि जे चुनावक समय प्रधानमंत्री आ गृहमंत्री असम आबि बड़का–बड़का वादा करैत छथि, मुदा संकट काल मे राज्यक सुधि नहि लैत छथि। ओ उदाहरण दैत कहलनि जे 2017 मे गुजरात मे प्राकृतिक आपदाक बाद प्रधानमंत्री तत्काल ओतय पहुंचि 500 करोड़ रुपैयाक सहायता घोषित केने छलाह, मुदा असमक संग एहन तत्परता नहि देखाओल गेल। एहि प्रकारें असमक विनाशकारी बाढ़ि मात्र प्राकृतिक विपत्तिक प्रश्न नहि रहि गेल अछि, बल्कि चुनावी वादा, पर्यावरणीय प्रबंधन, अवैध खनन आ आपदा निवारण नीतिक प्रभावशीलता पर व्यापक बहसक विषय बनि गेल अछि।

# पाकिस्तान मे सत्तापरिवर्तनक अटकल तेज, इस्लामाबाद कंटेनर सं घेरल गेल

**इस्लामाबाद, एजेंसी**




पड़ोसी देश पाकिस्तान मे सत्तापरिवर्तनक अटकल तीव्र भए गेल अछि। विभिन्न मीडिया रिपोर्ट मे दावा कएल जा रहल अछि जे राजधानी इस्लामाबादक कतेको महत्वपूर्ण मार्ग कें कंटेनर सं अवरुद्ध कए देल गेल अछि। एहि घटनाक बीच सेना प्रमुख जनरल आसिम मुनीर, प्रधानमंत्री शहबाज

> **राजधानी इस्लामाबादक कतेको महत्वपूर्ण मार्ग कें कंटेनर सं अवरुद्ध कए देल गेल अछि**

शरीफ आ गृहमंत्री मोहसिन नकवी कें लए कए राजनीतिक चर्चाक बाजार गरम अछि। तथापि, एखन धरि सत्तापरिवर्तन वा तख्तापलटक कोनो आधिकारिक पुष्टि नहि भेल अछि। मीडिया रिपोर्टक अनुसार, गृहमंत्री मोहसिन नकवी हालहि मे पाकिस्तानक शासन–व्यवस्था कें ध्वस्त बतबैत दावा केलनि जे देशक इतिहासक सब सं पैघ घोटाला सामने आबि रहल अछि। हुनक कथनानुसार एहि कथित घोटाला मे न्यायपालिका, नौकरशाही, राजनीतिज्ञ आ बैंकिंग क्षेत्र सं जुड़ल कतेको प्रभावशाली व्यक्ति सम्मिलित छथि। यद्यपि नकवी कोनो विशिष्ट नाम सार्वजनिक नहि केलनि, मुदा हुनकर लगातार बयान सं पाकिस्तानक राजनीतिक वातावरण आरो गरमा गेल अछि। नकवी कहलनि जे विगत लगभग 21 वर्ष सं देशक विभिन्न संस्थान मे भ्रष्टाचार आ घूसखोरीक जाल पसरल रहल अछि आ एहि प्रकरण मे दोषी प्रत्येक व्यक्तिक विरुद्ध कारबाइ कएल जाएत। हुनकर अनुसार पाकिस्तानक प्रशासनिक व्यवस्था पूर्ण रूपें कमजोर भए गेल अछि। राजनीतिक विश्लेषक एहि बयान कें वर्तमान सरकार पर प्रत्यक्ष दबावक रूप मे देखैत छथि। किछु विश्लेषकक मत अछि जे मोहसिन नकवी सेना प्रमुख आसिम मुनीरक निकट सहयोगी मानल जाइत छथि आ भविष्य मे हुनका पैघ राजनीतिक भूमिका देबाक तैयारी चलि रहल अछि। एहन अटकल सेहो लगाओल जा रहल अछि जे पाकिस्तानक सत्ता संरचना मे सेनाक प्रभाव आरो सशक्त करबाक रणनीति पर काज भए रहल अछि। हालांकि, एहि प्रकारक दावाक स्वतंत्र पुष्टि नहि भेल अछि। दोसर दिस, पाकिस्तानक रक्षा मंत्री ख्वाजा आसिफ नकवी पर अप्रत्यक्ष प्रहार करैत कहलनि जे जं एतेक प्रभावशाली पद पर बैसल व्यक्ति सेहो सरकारक कार्य प्रणाली पर प्रश्न उठा रहल छथि, तं ई मंत्रिपरिषद्क लेल गंभीर विषय अछि। हुनक टिप्पणी सं स्पष्ट अछि जे सरकारक भीतर मतभेदक चर्चा सार्वजनिक रूप धारण कए रहल अछि। विश्लेषक सभक अनुसार, पाकिस्तान मे सेना, सरकार आ राजनीतिक नेतृत्वक बीच बढ़ैत तनाव आगामी समय मे देशक राजनीति पर गंभीर प्रभाव छोड़ि सकैत अछि। तथापि, एखन धरि ने तं सरकार हटेबाक आधिकारिक घोषणा भेल अछि आ ने सेनाक हस्तक्षेपक कोनो पुष्ट सूचना सामने आयल अछि। एहि कारण वर्तमान परिस्थिति अटकल, राजनीतिक बयानबाजी आ मीडिया रिपोर्टक आधार पर चर्चाक विषय बनल अछि।

## फुकेट-दिल्ली एअर इंडिया विमान तीव्र वायुघात मे फंसल, 15 गोटे घायल

**नई दिल्ली, एजेंसी।** थाइलैंडक फुकेट सं दिल्ली आबि रहल एअर इंडियाक विमान एआइ 2379 मंगलदिन उड़ानक दौरान तीव्र वायुघात (टबुर्लेंस)क चपेट मे आबि गेल। अनचोके तेज हावाक झटकाक कारण विमान लगभग 300 फीट नीचां आबि गेल। तथापि, पायलट सूझबूझ सं परिस्थिति नियंत्रित कए विमान कें भोर 11:30 बजे सुरक्षित रूपें दिल्ली हवाई अड्डापर उतारि देलनि। विमान मे 134 यात्री आ 8 चालक दलक सदस्य सवार छलाह। नागरिक उड्डयन महानिदेशालयक एक अधिकारी समाचार संस्था पीटीआई कें जानकारी देलनि जे एहि घटना मे 11 यात्री आ 4 चालक दलक सदस्य



सहित कुल 15 गोटे घायल भेल छथि। किछु घायलक उपचार दिल्ली हवाई अड्डाक चिकित्साकेंद्र मे कएल गेल, जखन कि सात गोटे कें फोर्टिस अस्पताल मे भर्ती कराओल गेल अछि। एअर इंडिया प्रारंभिक बयान मे कहलनि जे सभ यात्री आ चालक दल सुरक्षित छथि आ कोनो गंभीर चोटक सूचना नहि अछि। विमान मे सवार एक यात्रीक अनुसार उड़ान भरलाक लगभग डेढ़ घंटा बाद अनचोके जोरदार झटका लगऽ लागल। अधिकांश यात्री सुतल छलाह। विमान लगभग दू सं तीन मिनट धरि जोर–जोर सं डोलैत रहल, जाहि सं कतेको यात्रीक पैर, कांध आ शरीरक अन्य भाग मे चोट लागल। घटनाक जांच डीजीसीए द्वारा कएल जा रहल अछि। यात्रीक अनुसार अधिकांश लोक कें सामान्य चोट लागल अछि, जखनकि किछु गोटे गंभीर रूपें घायल भेल छथि।

# तमिलनाडुक विपक्षी नेता उदयनिधि स्टालिन गिरफ्तार

**नई दिल्ली, एजेंसी**



> **अभिनेत्री तृषापर आपत्तिजनक टिप्पणीक आरोप**

तमिलनाडुक विपक्षक नेता आ डीएमके नेता उदयनिधि स्टालिन कें अभिनेत्री तृषा पर कथित आपत्तिजनक टिप्पणी करबाक आरोप मे मंगलदिन पुलिस गिरफ्तार कए लेलक। एहि प्रकरण मे मद्रास उच्च न्यायालय निर्देश देने अछि जे पूछताछ पूरा भेलाक बाद हुनका एहि दिन रिहा कए देल जाए। सोमदिन उदयनिधि तंजावुर मे कावेरी जल विवादक समर्थन मे आयोजित एक रैली मे सम्मिलित भेल छलाह। आरोप अछि जे रैलीक दौरान भीड़ तृषा, तृषा केर नारा लगाबय लागल। एहि पर उदयनिधि कथित रूपें कहलनि, पानि कतहु पहुंचए वा नहि पहुंचए, ओतय अवश्य पहुंचबाक चाही। एहि टिप्पणी कें अभिनेत्री तृषा सं जोड़ि देखल गेल। बाद मे उदयनिधि स्पष्ट करैत कहलनि जे हुनकर संकेत मात्र कावेरी नदीक पानिक दिश छल, कोनो व्यक्तिक प्रति नहि। पुलिस एहि घटनाक संबंध मे उदयनिधिक विरुद्ध छहटा विभिन्न धारा मे मामिला दर्ज कए लेने अछि। गिरफ्तारी सं बचबाक लेल उदयनिधि मद्रास उच्च न्यायालय मे अग्रिम जमानतक आवेदन देने छलाह। मुदा याचिका पर सुनवाइ होयबा सं पहिनहि पुलिस हुनका गिरफ्तार कए लेलक। तत्पश्चात उच्च न्यायालय आदेश देलक जे आवश्यक पूछताछक बाद उदयनिधि कें तत्काल रिहा कए देल जाए। उल्लेखनीय अछि जे 4 मई कें तमिलनाडु विधानसभा चुनावक परिणाम घोषित भेल छल। विजयक पार्टी टीवीके (टीवीके) 234 मे सं 108 सीट जीतल। ओहि दिन अभिनेत्री तृषाक जन्मदिन सेहो छल। परिणाम आबए सं पूर्व ओ तिरुमला मंदिर मे दर्शन केलनि आ तत्पश्चात अभिनेता विजयक निवास स्थान गेलीह। विजय आ तृषाक जोड़ी दक्षिण भारतीय चलचित्र जगत मे बहुचर्चित रहल अछि। दुनू लगभग पांचटा चलचित्र मे एक संग अभिनय केने छथि, जाहि मे 2023 मे प्रदर्शित सुपरहिट चलचित्र लियो सेहो सम्मिलित अछि। टीवीके अपन चुनावी घोषणा–पत्र मे आश्वासन देने छल जे तमिलनाडुक कावेरी जल अधिकारक पूर्ण सुरक्षा सुनिश्चित कएल जाएत। दलक अनुसार राज्यक निर्धारित हिस्साक पानि हर परिस्थिति मे उपलब्ध कराओल जाएत, कर्नाटकक मेकेदातु बांध परियोजनाक विरोध जारी रहत आ कावेरी जल प्रबंधन प्राधिकरणक आदेशक कठोरतापूर्वक पालन सुनिश्चित करबाक लेल केंद्र सरकारपर दबाव देल जाएत। ज्ञातव्य अछि जे कावेरी जल विवाद कर्नाटक आ तमिलनाडुक बीच नदीक पानिक बंटवारा कें लए कए दीर्घकाल सं चलि रहल विवाद अछि। कावेरी नदीक उद्गम कर्नाटक मे अछि आ ओ तमिलनाडु दिश बहैत अछि। कर्नाटक सिंचाइ आ पेयजल लेल एहि पानिक उपयोग करैत अछि, जखन कि तमिलनाडुक कृषि व्यवस्था बहुतांश एहि नदीपर निर्भर अछि। वर्ष 1924 मे ब्रिटिश शासनकाल मे भेल समझौताक अनुसार कावेरीक जलक अपेक्षाकृत पैघ भाग तमिलनाडु कें देल गेल छल।

# ईरानक शीर्ष नेतृत्व मे मतभेदक चर्चा तेज राष्ट्रपति पेजेशकियन कें देल गेल चेतावनी

**तेहरान, एजेंसी**





ईरानक शीर्ष नेतृत्व मे मतभेदक चर्चा एक बेर फेर तेज भए गेल अछि। विभिन्न मीडिया रिपोर्ट मे दावा कएल जा रहल अछि जे सर्वोच्च नेतृत्व सं जुड़ल मोजतबा खामेनेई राष्ट्रपति मसूद पेजेशकियन कें कथित रूपें कड़ा चेतावनी देने छथि। हालांकि एहि दावाक आधिकारिक पुष्टि नहि भेल अछि। रिपोर्टक अनुसार, मोजतबा खामेनेई राष्ट्रपति पेजेशकियन कें कहलनि जे जं ओ फेर सं इस्तीफाक धमकी देताह तं हुनका पद सं हटाओल जा सकैत अछि। वाशिंगटन स्थित इंस्टीट्यूट फॉर द स्टडी ऑफ वॉर वरिष्ठ धर्मगुरु मोहम्मद बाकिर खाराजीक हवाला दैत दावा केने अछि जे नेतृत्वक नीति पर दबाव बनेबाक लेल इस्तीफाक धमकी स्वीकार्य नहि होयत।

ज्ञातव्य अछि जे राष्ट्रपति मसूद पेजेशकियन पूर्व मे सेहो शीर्ष नेतृत्व सं मतभेदक कारण पद छोड़बाक इच्छा व्यक्त कए चुकल छथि। इजरायली चैनलझ14केर एक रिपोर्टक अनुसार, सुरक्षा आ विदेश नीति सं जुड़ल निर्णय मे अपन उपेक्षा भए रहल होएबाक कारण ओ मई आ जून मास मे सर्वोच्च नेतृत्व कें पत्र लिखि पद त्यागबाक इच्छा व्यक्त केने छलाह। तथापि, औपचारिक रूप सं इस्तीफा प्रस्तुत नहि कएल गेल छल। एहि बीच समाचार सभ मे इहो दावा कएल जा रहल अछि जे इस्लामिक रिवोल्यूशनरी गार्ड कॉर्प्स केर कमांडर अहमद वहीदीक प्रभाव विदेश नीति आ राष्ट्रीय सुरक्षा सं संबंधित निर्णय मे उल्लेखनीय रूपें बढ़ल अछि। रिपोर्टक अनुसार, सर्वोच्च नेतृत्व आइआरजीसी कें आरो व्यापक अधिकार प्रदान केने अछि, जाहि सं राष्ट्रपतिक भूमिकाक प्रभाव सीमित होएबाक चर्चा चलि रहल अछि। दोसर दिस, अमेरिका-ईरान संबंध कें लए कए सेहो परस्पर विरोधी दावा सामने आबि रहल अछि। अमेरिकी राष्ट्रपति डोनाल्ड ट्रंप हालहि मे कूटनीतिक वार्ताक संभावना व्यक्त केने छथि। मुदा ईरान स्पष्ट रूप सं कहने अछि जे अमेरिका संग कोनो प्रत्यक्ष वार्ता नहि चलि रहल अछि आ ट्रंपक दावा सही नहि अछि। हालांकि, किछु अंतरराष्ट्रीय रिपोर्ट मे इहो कहल जा रहल अछि जे कतर, सऊदी अरब आ संयुक्त अरब अमीरातक मध्यस्थता मे दुनू देशक बीच अप्रत्यक्ष संवाद जारी रहि सकैत अछि। संगहि, ईरानी विदेश मंत्री अब्बास अराघची अमेरिकी प्रतिनिधि सभ सं अप्रत्यक्ष संपर्क मे छथि, एहन दावा सेहो विभिन्न मीडिया रिपोर्ट मे कएल जा रहल अछि।

> **आइआरजीसीक कमांडरक प्रभाव उल्लेखनीय रूप सं बढ़ल अछि**

# महिला टी-20 : पाकिस्तान 4 विकेट सं जीतल तेसर मोकाबला, श्रीलंका 2-1 सं जीतलक श्रृंखला



श्रीलंका महिला क्रिकेट टीम विरुद्ध मंगल कें खेलल गेल तेसर टी-20 मोकाबला मे पाकिस्तान 4 विकेट सं जीत दर्ज कएलक। शुरूआती दूनू मोकाबला हारि पहिने सं श्रृंखला गंमा चुकल पाकिस्तान लेल ई जीत आत्मविश्वास बढ़ेबला मानल जा रहल अछि। श्रीलंका 2-1 सं श्रृंखला अपन नाम कएलक। रंगिरी दांबुला इंटरनेशनल स्टेडियम मे खेलल गेल मोकाबला मे पाकिस्तान टॉस जीतिकए पहिने गेंदबाजी करबाक निर्णय लेलक। पहिने बल्लेबाजी करैत श्रीलंका 6 विकेट पर 113 रन बना सकल। श्रीलंकाक दिस सं कप्तान चमारी अथापथु सर्वाधिक 34 रन बनौलनि। 33 गेंदक पारी मे ओ 5 चौका लगौलनि। एकरा अतिरिक्त संजाना काविंदी 20 रन आ इमेशा दुलानी 17 रनक योगदान देलनि। पाकिस्तानक दिस सं मोमिमा रियासत 2 विकेट लेलीह। उ मे हानी, नशरा संधू, तुबा हसन आ आएशा जफर सभ 1-1 विकेट प्राप्त कएलनि। 114 रनक लक्ष्यक पीछा करैत पाकिस्तान 18.2 ओवर मे 6 विकेट गमाकए जीत हासिल कएलक। पाकिस्तानक दिस सं चारिम स्थान पर बल्लेबाजी करए आएल आएशा जफर सर्वाधिक 39 रन बनौलनि। 31 गेंदक पारी मे ओ 6 चौका लगौलनि। कप्तान मुनीबा अली 19 रन, शावल जुल्फिकार 21 रन आ सायरा जबीन नाबाद 12 रन बनौलनि। श्रीलंकाक गेंदबाजी मे कप्तान चमारी अथापथु 4 ओवर मे 20 रन दए 2 विकेट लेलीह। कविशा दिल्हाड़ी सेहो 4 ओवर मे 24 रन दए 2 विकेट प्राप्त कएलनि। निमाशा मीपागे कें 1 विकेट भेटल। पाकिस्तानक आएशा जफर कें 39 रनक मैच जिताबए बला पारी आ 1 विकेट लेल प्लेयर ऑफ द मैच चुनल गेल। जखनकि श्रृंखला मे कुल 123 रन बनेनिहार श्रीलंकाक इमेशा दुलानी कें प्लेयर ऑफ द सीरीज घोषित कएल गेल। श्रीलंका पहिल आ दोसर टी-20 मोकाबला 6-6 विकेट सं जीतिकए तीन मैचक टी-20 श्रृंखला 2-1 सं अपन नाम कएलक।

# पाकिस्तानक विरुद्ध वेस्टइंडीज पहिल पारी मे 344 रन पर ऑलआउट

पोर्ट ऑफ स्पेन मे खेलल जा रहल टेस्ट श्रृंखलाक दोसर मोकाबला मे पाकिस्तान वेस्टइंडीज कें पहिल पारी मे 344 रन पर समेटि देलक। मेजबान टीमक एहि स्कोर धरि पहुंचेबा मे जस्टिन ग्रीव्स आ कप्तान रोस्टन चेजक अर्धशतकीय पारीक महत्वपूर्ण योगदान रहल। पाकिस्तानक दिस सं साजिद खान सर्वाधिक 4 विकेट प्राप्त कएलनि। समाचार लिखल जाएब धरि दोसर दिनक खेल जारी छल।



क्वींस पार्क ओवल मे खेलल जा रहल एहि मोकाबला मे वेस्टइंडीज टॉस जीतिकए पहिने बल्लेबाजी करबाक निर्णय लेलक। टैगेनारिन चंद्रपॉल आ ब्रेंडन किंग पहिल विकेट लेल 49 रनक साझेदारी कएलनि। चंद्रपॉल 2 चौकाक मदति सं 15 रन बनाकए आउट भेलाह, जखनकि ब्रेंडन किंग 9 चौकाक संग 46 रनक पारी खेललनि।

वेस्टइंडीज 120 रन धरि पहुंचैत-पहुंचैत अपन 4 विकेट गमा देने छल। एकर बाद शाई होप आ जस्टिन ग्रीव्स पांचम विकेट लेल 93 गेंद मे 53 रनक साझेदारी कए टीमक स्कोर 173 रन धरि पहुंचौलनि। शाई होप 4 चौकाक संग 29 रन बनाकए पवेलियन लौटलाह। तत्पश्चात कप्तान रोस्टन चेज आ जस्टिन ग्रीव्स पारी कें संभारलनि। दूनू खेलाड़ी छठम विकेट लेल 96 रनक महत्वपूर्ण साझेदारी कएलनि। ग्रीव्स 150 गेंद मे 73 रन बनौलनि, जाहि मे 9 चौका शामिल छल। एकर बाद रोस्टन चेज केमार रोचक संग सातम विकेट लेल 35 रन जोड़लानि। चेज 126 गेंद मे 11 चौकाक मदति सं 70 रन बनौलनि।

पाकिस्तानक गेंदबाजी मे साजिद खान 85 रन दए 4 विकेट प्राप्त कएलनि। मोहम्मद अली, उबैद शाह आ अली उस्मान दूनू-दूनू विकेट लेनाइ मे सफल रहलाह।

उल्लेखनीय अछि जे श्रृंखलाक पहिल टेस्ट, जे तारोबाक ब्रायन लारा स्टेडियम मे खेलल गेल छल, ओहि मे वेस्टइंडीज पाकिस्तान कें 90 रन सं हरौने छल। एहन स्थिति मे श्रृंखलाक ई दोसर आ आखरी मोकाबला निर्णायक बनि गेल अछि। मेजबान टीम एहि मोकाबला कें जीतिकए 2-0 सं श्रृंखला पर कब्जा करबाक प्रयास मे अछि।



# भारत दौरा लेल ऑस्ट्रेलिया ए महिला टीमक घोषणा टायला व्लामिन्क आ डार्सी ब्राउनक वापसी

क्रिकेट ऑस्ट्रेलिया भारत दौरा लेल ऑस्ट्रेलिया ए महिला टीमक घोषणा कए देलक अछि। 15 सदस्यीय टीम मे तेज गेंदबाज टायला व्लामिन्क आ डार्सी ब्राउनक बहुत दिनक बाद वापसी भेल अछि। 27 वर्षीय टायला व्लामिन्क टी20 विश्व कपक दौरान कांधक चोटक कारण टीम सं बाहर चलि रहल छलाह। आब ओ पूर्ण रूप सं फिट भए गेल छथि आ भारत विरुद्ध एकदिवसीय आ टी20 श्रृंखला मे उत्कृष्ट प्रदर्शन करबाक लेल उत्साहित छथि। दोसर दिस 23 वर्षीय डार्सी ब्राउन टी20 विश्व कप टीम मे स्थान नहि बना सकल छलाह। मुदा भारत दौरा लेल हुनका ऑस्ट्रेलिया ए टीम मे शामिल कएल गेल अछि। मानल जा रहल अछि जे हुनकर अनुभव सं युवा खेलाड़ी सभ कें लाभ भेटत। तीन सप्ताहक एहि दौरा मे न्यू चंडीगढ़ मे तीन टी20 मोकाबला, मोहाली मे तीन एकदिवसीय मोकाबला आ धर्मशाला मे चारि दिनक एकटा मोकाबला खेलल जाएत। एकदिवसीय श्रृंखलाक कप्तानी ताहलिया विल्सन करताह। टी20 टीमक कप्तान निकोल फाल्टम रहताह, जखनकि चारि दिनक मोकाबलाक नेतृत्व रेचल ट्रेनमैन करताह। राष्ट्रीय चयनकर्ता शॉन फ्लेगलर कहलनि जे दूनू टीम मे अंतरराष्ट्रीय अनुभव बला खेलाड़ी सभक चयन सं युवा खेलाड़ी सभ कें बहुत किछु सीखबाक अवसर भेटत। ओ कहलनि जे भारतीय उपमहाद्वीपक परिस्थिति मे खेलबाक अनुभव भविष्य लेल बहुत महत्वपूर्ण होइत अछि आ विरोधी टीम विरुद्ध अपन क्षमता परखबाक ई उत्कृष्ट अवसार अछि।

**भारत दौरा लेल ऑस्ट्रेलिया ए महिला टीम**

डार्सी ब्राउन, मैटलन ब्राउन, निकोल फाल्टम, टेस फ्लिंटॉफ, सियाना जिंजर, चार्ली नॉट, अनिका लियरॉयड, केटी मैक, लिली मिल्स, फ्रेंकी निकलिन, हेली सिल्वर-होम्स, रेचल ट्रेनमैन, कोर्टनी वेब, ताहलिया विल्सन आ टायला व्लामिन्क।



# गोंजालो गार्सिया रियल मैड्रिड छोड़ि फुलहम सं 5 वर्षक करार कएलनि

स्पेनक फुटबॉल क्लब रियल मैड्रिड 22 वर्षीय फॉरवर्ड गोंजालो गार्सियाक क्लब छोड़बाक आधिकारिक घोषणा कएलक। प्रीमियर लीग क्लब फुलहमक संग ट्रांसफर समझौता भेला बाद गोंजालो गार्सिया नव क्लब सं 5 वर्षक करार पर हस्ताक्षर केने छथि। एहि करार मे एक वर्षक अतिरिक्त विस्तारक विकल्प सेहो राखल गेल अछि। रियल मैड्रिडक वरिष्ठ टीम संग 2023 सं 2026 धरि खेलैत गोंजालो गार्सिया एकटा फीफा क्लब विश्व कप आ एकटा ला लीगा खिताब जीतलनि। रियल मैड्रिड अपन आधिकारिक बयान मे कहलक, रियल मैड्रिड सीएफ आ फुलहम एफसी गोंजालो गार्सियाक ट्रांसफर पर सहमत भए गेल अछि। क्लब बतौलक जे गोंजालो वर्ष 2014 मे मात्र 10 वर्षक उमेर मे रियल मैड्रिड सं जुड़ल छलाह आ लगातार 11 सत्र धरि क्लबक हिस्सा रहलाह। वरिष्ठ टीमक संग ओ एकटा क्लब विश्व कप आ एकटा ला लीगा खिताब जीतलनि। रियल मैड्रिड कहलक जे गोंजालो सदिखन क्लबक मूल्य आ परंपराक पालन कएलनि। क्लब हुनकर समर्पण आ योगदान लेल धन्यवाद दैत हुनका आ हुनकर परिवारक नव जीवन चरण लेल शुभकामना देलक। संगहि ईहो कहल गेल जे रियल मैड्रिड सदिखन हुनकर घर रहत। दोसर दिस फुलहम सेहो गोंजालो गार्सियाक हस्ताक्षरक घोषणा कएलक।






# आईसीसी महिला टी-20 रैंकिंग : श्रीलंकाक कप्तान अथापथु आ बल्लेबाज दुलानी कें पैघ लाभ

आईसीसी मंगल कें महिला टी-20 रैंकिंग जारी कएलक। नव रैंकिंग मे श्रीलंकाक कप्तान चमारी अथापथु आ बल्लेबाज इमेशा दुलानी कें पैघ फायदा भेटल अछि। पाकिस्तान विरुद्ध श्रीलंकाक 2-1 सं जीतल टी-20 श्रृंखला मे दूनू खेलाड़ी सभक महत्वपूर्ण योगदान रहल। इमेशा दुलानी कें प्लेयर ऑफ द सीरीज चुनल गेल छल। महिला टी-20 बल्लेबाज सभक रैंकिंग मे चमारी अथापथु पाकिस्तान विरुद्ध उत्कृष्ट प्रदर्शनक बाद अपन करियरक सर्वश्रेष्ठ 6म स्थान पर पहुंचि गेल छथि। ओ पहिल टी-20 मे 39 रन आ दोसर टी-20 मे 40 रनक पारी खेललनि।

अथापथुक संगहि इमेशा दुलानी कें सेहो पैघ लाभ भेटल। पाकिस्तान विरुद्ध पहिल टी-20 मे 101 रनक शतकीय पारी खेलबाक बदौलत ओ बल्लेबाजी रैंकिंग मे 33 स्थानक छलांग लगाबैत अपन करियरक सर्वश्रेष्ठ 23म स्थान पर पहुंचि गेल छथि। ई हुनकर पहिल टी-20 शतक छल। महिला टी-20 बल्लेबाज सभक ताजा रैंकिंग मे ऑस्ट्रेलियाक बेथ मूनी पहिल, ऑस्ट्रेलियाक जॉर्जिया वॉल दोसर, दक्षिण अफ्रीकाक लौरा वॉल्वाड्र्ट तेसर, वेस्टइंडीजक हेली मैथ्यूज चारिम, भारतक स्मृति मंधाना पांचम, श्रीलंकाक चमारी अथापथु 6म, भारतक शेफाली वर्मा 7म, न्यूजीलैंडक अमेलिया केर 8म, ऑस्ट्रेलियाक ताहिला मैक्ग्राथ 9म आ भारतक कप्तान हरमनप्रीत कौर 10म स्थान पर छथि।

महिला टी-20 गेंदबाज सभक रैंकिंग मे भारतक श्री चरणी पहिल स्थान पर कायम छथि। ऑस्ट्रेलियाक सोफी एक्लेस्टन दोसर, इंग्लैंडक चार्ली डिन तेसर, दक्षिण अफ्रीकाक एन म्लाबा चारिम, इंग्लैंडक लॉरेन बेल पांचम, इंग्लैंडक लिंसे स्मिथ 6म, भारतक दीप्ति शर्मा 7म, पाकिस्तानक सादिया इकबाल 8म, पाकिस्तानक नशरा संधू 9म आ दक्षिण अफ्रीकाक मारिजेन कैप 10म स्थान पर छथि।



वर्ष 16, अंक 324 **स्वत्वाधिकारी राघवेंद्र**, प्रकाशक, मुद्रक और संपादक **कुमारी सुषमा** द्वारा 104 रामबली निवास, मदरसा पथ, पिलर नंबर 52, राजा बाजार, पटना 14 से प्रकाशित एवं डीबी कॉर्प, उड़ान टोला, नियर दानापुर कैंट, शिवाला रोड, पोस्ट खगोल, शाहपुर, पटना 801105 से मुद्रित।
**प्रधान संपादक :** राघवेंद्र*। **कार्यकारी संपादक :** अखिलेश, **संपादकीय प्रभारी :** सच्चिदानंद सच्चू, **राजनीतिक संपादक :** शैलेश तिवारी, **बिजनेस हेड:** पंकज मिश्रा, संपर्क : 7488117482 ( * पीआरबी एक्ट के तहत खबरों के चयन के लिए जिम्मेवार) RNI NO- BIHMAI/2010/33053